



Kode Mapel : 748GD000

MODUL GURU PEMBELAJAR BASA SUNDA SD KELOMPOK KOMPETENSI E

PEDAGOGIK:

Bahan Pangajaran Basa Jeung Sastra Sunda

PROFESIONAL:

Adegan Kecap Jeung Apresiasi Wawacan

Penulis

Dr. H. Yayat Sudaryat, M.Hum; 08122168925; yayatsudaryat@upi.edu

Penelaah

Dr. Dedi Koswara, M.Hum.

Ilustrator

Yayan Yanuar Rahman, S.Pd., M.Ed.; yanuar_r@yahoo.co.id; 081221813873

Cetakan Pertama, 2016

Copyright @ 2016

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan
Taman Kanak-Kanak dan Pendidikan Luar Biasa, Direktorat Guru dan Tenaga
Kependidikan

Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang

Dilarang mengcopy sebagian atau keseluruhan isi buku ini untuk kepentingan
komersial tanpa izin tertulis dari Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan



PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2016

KATA SAMBUTAN

Peran Guru Profesional dalam proses pembelajaran sangat penting sebagai kunci keberhasilan belajar siswa. Guru profesional adalah guru yang kompeten membangun proses pembelajaran yang baik sehingga dapat menghasilkan pendidikan yang berkualitas. Hal tersebut menjadikan guru sebagai komponen yang menjadi fokus perhatian pemerintah pusat maupun pemerintah daerah dalam peningkatan mutu pendidikan terutama menyangkut kompetensi guru.

Pengembangan profesionalitas guru melalui program Guru Pembelajar merupakan upaya peningkatan kompetensi untuk semua guru. Sejalan dengan hal tersebut, pemetaan kompetensi guru telah dilakukan melalui uji kompetensi guru (UKG) untuk kompetensi pedagogik dan profesional pada akhir tahun 2015. Hasil UKG menunjukkan peta kekuatan dan kelemahan kompetensi guru dalam penguasaan pengetahuan. Peta kompetensi guru tersebut dikelompokkan menjadi 10 (sepuluh) kelompok kompetensi. Tindak lanjut pelaksanaan UKG diwujudkan dalam bentuk pelatihan guru paska UKG melalui program Guru Pembelajar. Tujuannya untuk meningkatkan kompetensi guru sebagai agen perubahan dan sumber belajar utama bagi peserta didik. Program Guru Pembelajar dilaksanakan melalui pola tatap muka, daring (online), dan campuran (blended) tatap muka dengan online.

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan (PPPPTK), Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Kelautan Perikanan Teknologi Informasi dan Komunikasi (LP3TK KPTK), dan Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Kepala Sekolah (LP2KS) merupakan Unit Pelaksana Teknis di lingkungan Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan yang bertanggung jawab dalam mengembangkan perangkat dan melaksanakan peningkatan kompetensi guru sesuai bidangnya. Adapun perangkat pembelajaran yang dikembangkan tersebut adalah modul untuk program Guru Pembelajar tatap muka dan Guru Pembelajar daring untuk semua mata pelajaran dan kelompok kompetensi. Dengan modul ini diharapkan program Guru Pembelajar memberikan sumbangan yang sangat besar dalam peningkatan kualitas kompetensi guru.

Mari kita sukseskan program Guru Pembelajar ini untuk mewujudkan Guru Mulia Karena Karya.

Jakarta, Februari 2016

Direktur Jenderal

Guru dan Tenaga Kependidikan



Sumarna Surapranata, Ph.D

NIP. 195908011985032001



PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2016

KATA PENGANTAR

Kebijakan Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan dalam meningkatkan kompetensi guru secara berkelanjutan, diawali dengan pelaksanaan Uji Kompetensi Guru dan ditindaklanjuti dengan Program Guru Pembelajar jenjang SD, SMP, SLB, SMA, dan SMK. Untuk memenuhi kebutuhan bahan ajar kegiatan tersebut, Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Taman Kanak-Kanak dan Pendidikan Luar Biasa (PPPPTK TK dan PLB), telah mengembangkan Modul Guru Pembelajar Bahasa Sunda jenjang SD, SMP, SLB, SMA, dan SMK. Kurikulum Guru Pembelajar Bahasa Sunda ini dirancang berdasarkan Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomor 16 Tahun 2007 tentang Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru, Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013 tentang Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah, serta Permendikbud No. 79 Tahun 2014 tentang Muatan Lokal Kurikulum 2013.

Kedalaman materi dan pemetaan kompetensi dalam modul ini disusun menjadi sepuluh kelompok kompetensi. Setiap modul meliputi pengembangan materi kompetensi pedagogik dan profesional bagi guru Bahasa Sunda. Subtansi modul ini diharapkan dapat memberikan referensi, motivasi, dan inspirasi bagi peserta dalam mengeksplorasi dan mendalami kompetensi pedagogik dan profesional guru Bahasa Sunda.

Kami berharap modul yang disusun ini dapat menjadi bahan rujukan utama dalam pelaksanaan Guru Pembelajar Bahasa Sunda. Untuk pengayaan materi, peserta disarankan untuk menggunakan referensi lain yang relevan. Kami mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah berperan aktif dalam penyusunan modul ini.





PPPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2016

DAFTAR EUSI

KATA SAMBUTAN	iii
KATA PENGANTAR.....	v
DAFTAR EUSI	vii
DAFTAR TABEL	x
DAFTAR BAGAN	xi
BUBUKA	1
A. Kasang Tukang	1
B. Tujuan	2
C. Péta Kompeténsi	3
D. Ambahan Matéri	3
E. Cara Ngagunakeun Kagiatan Diajar.....	5
KOMPETENSI PEDAGOGIK :.....	6
BAHAN PANGAJARAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA	6
KAGIATAN DIAJAR 1 AMBAHAN BAHAN AJAR BASA SUNDA	9
A. Tujuan	9
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	9
C. Pedaran Matéri	10
D. Kagiatan Diajar	18
E. Latihan	18
F. Tingkesan	18
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	19
KAGIATAN DIAJAR 2 AMBAHAN BAHAN AJAR SASTRA SUNDA.....	21
A. Tujuan	21
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	21
C. Pedaran Matéri	22
D. Kagiatan Diajar	30
E. Latihan	30
F. Tingkesan	31
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	31
KAGIATAN DIAJAR 3	33
MILIH BAHAN AJAR BASA JEUNG SASTRA SUNDA.....	33
A. Tujuan	33
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	33
C. Pedaran Matéri	34
D. Kagiatan Diajar	40
E. Latihan/Pancén.....	41
F. Tingkesan	41
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	42
KAGIATAN DIAJAR 4	43
NGOLAH BAHAN AJAR BASA JEUNG SASTRA SUNDA.....	43
A. Tujuan	43
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	43
C. Pedaran Matéri	43
D. Kagiatan Diajar	54
E. Latihan/Pancén.....	55
F. Tingkesan	55
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	56
KOMPETENSI PROFESIONAL :.....	57

ADEGAN KECAP JEUNG APRESIASI WAWACAN.....	57
KAGIATAN DIAJAR 5 ADEGAN KECAP ASAL.....	59
A. Tujuan	59
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	59
C. Pedaran Matéri	60
D. Kagiatan Diajar	69
E. Latihan	69
F. Tingkesan	69
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	70
KAGIATAN DIAJAR 6 KECAP RUNDAYAN.....	71
A. Tujuan	71
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	71
C. Pedaran Matéri	71
D. Kagiatan Diajar	80
E. Latihan	81
F. Tingkesan	82
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	82
KAGIATAN DIAJAR 7 KECAP RAJÉKAN.....	83
A. Tujuan	83
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	83
C. Pedaran Matéri	84
D. Kagiatan Diajar	97
E. Latihan	97
F. Tingkesan	98
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	98
KAGIATAN DIAJAR 8 KECAP KANTÉTAN JEUNG WANCAHAN	101
A. Tujuan	101
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	101
C. Pedaran Matéri	102
D. Kagiatan Diajar	112
E. Latihan	113
F. Tingkesan	113
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	114
KAGIATAN DIAJAR 9 WANGUN JEUNG EUSI WAWACAN	115
A. Tujuan	115
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	115
C. Pedaran Matéri	116
D. Kagiatan Diajar	124
E. Latihan/Pancén	125
F. Tingkesan	125
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	126
KAGIATAN DIAJAR 10 KAPARIGELAN BASA DINA WAWACAN	127
A. Tujuan	127
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	127
C. Pedaran Matéri	128
D. Kagiatan Diajar	137
E. Latihan	138
F. Tingkesan	138
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	139
KONCI JAWABAN LATIHAN	148



A. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 1	148
D. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 4	150
EVALUASI.....	159

DAFTAR TABEL

Tabel 1.	1 Patalina Kaweruh Basa jeung Kamahéran Basa.....	13
Tabel 1.	2 Matéri jeung Téma Basa Sunda SD/MI.....	15
Tabel 1.	3 Bahan Ajar Basa Sunda di SMP/MTs	16
Tabel 1.	4 Bahan Ajar Basa Sunda di SMA/SMK/MA/MAK.....	17
Tabel 2.	1 Bahan Ajar Sastra Sunda di SD/MI.....	27
Tabel 2.	2 Matéri jeung Téma Sastra Sunda SD/MI.....	27
Tabel 2.	3 Bahan Ajar Sastra Sunda di SMP/MTs	28
Tabel 2.	4 Bahan Ajar Sastra Sunda di SMA/SMK/MA/MAK	29
Tabel 4.	1 Téma jeung Alokasi Waktu Kelas I—III	46
Tabel 4.	2 Tema jeung Alokasi Waktu Kelas IV-VI.....	47
Tabel 9.	1 Sasmita Pupuh dina Wawacan	124
Tabel 10.	1 Makéna Pupuh dina Wawacan Simbar Kancana	135
Tabel 10.	2 Sasmita Pupuh dina Wawacan Simbar Kancana	135



DAFTAR BAGAN

Bagan 1. 1 Péta Kompetensi	3
Bagan 1. 2 Ambahan Bahan Ajar Basa Sunda	17
Bagan 2. 1 Ambahan Bahan Ajar Sastra Sunda Karya Sastra Sunda	30
Bagan 3. 1 Wengkuan Bahan Ajar Basa jeung Sastra.....	37
Bagan 5. 1 Wangun Kecap.....	62
Bagan 6. 1 Gabungan rarangkén	80
Bagan 7. 1 Wanda Kecap Rajékan.....	85



PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2016

BUBUKA

A. Kasang Tukang

Bahan ajar téh kaasup salasahiji komponén tina genep komponén sistem pangajaran, lima komponén séjénnna nyaéta tujuan pangajaran, kurikulum jeung bahan ajar, guru jeung siswa, métodeu pangajaran, média jeung sumber diajar, sarta évaluasi pangajaran. Bahan ajar dina Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda gurat badagna ngawengku bahan ajar basa Sunda jeung bahan ajar sastra Sunda. Wengkuan bahan ajar basa jeung sastra Sunda téh kaitung lega ambananana. Ku kituna, bahan ajar anu nyampak téh kudu dipilih, ditangtukeun, tur dipatéahkeun.

Wengkuan bahan ajar basa Sunda nyoko kana kalungguhan jeung fungsi basa Sunda, adegan basa saperti sora basa, wangun kecap, warna kecap, kandaga kecap, jeung wangun kalimah. Salasahiji bahan ajar basa Sunda, nyaéta wangun kecap kaasup kana salasahiji pakakas kalimah (alat sintaksis). Disebut kitu sotéh lantaran ku ayana wangun kecap, urang bisa ngabédakeun wangun jeung harti kalimah nu hiji tina kalimah séjénnna. Upamana waé, bédana kalimah aktif jeung kalimah pasif ditangtukeun ku wangun kecap. Kalimah aktif diwangun ku caritaan nu mangrupa kecap pagawéan dirarangkénan hareup N- (nasal), ari kalimah pasif diwangun ku caritaan nu mangrupa kecap pagawéan dirarangkénan hareup di-. Ku kituna, dina diajar basa Sunda, urang perlu weruh kana wangun kecap lantaran salah ngalarapkeun wangun kecap dina kalimah bisa salah harti.

Ari wengkuan bahan ajar sastra Sunda nyoko kana wangun jeung warna karya sastra. Wangun karya sastra Sunda nyoko kana wangun lancaran (prosa fiksi), wangun ugeran (puisi), jeung wangun guneman (drama). Disawang tina warnanana, aya (1) karya sastra wangun lancaran nu ngawengku dongéng, carita pondok, jeung novél; aya (2) karya sastra wangun ugeran nu ngawengku mantra, kakawihan, kawih, pupujian, sisindiran, guguritan, wawacan, jeung sajak; aya deui warna karya sastra campuran saperti carita pantun; sarta (3) karya sastra wangun guneman

saperti drama, gending karesmén, jsté. Salasahiji di antara éta warna karya sastra Sunda téh, nyaéta wawacan bakal dipedar dina ieu kagiatan diajar.

B. Tujuan

Ieu kagiatan diajar téh ditujulkeun pikeun mekelan pamilon (guru) dina mekarkeun kurikulum anu raket patalina jeung mata pelajaran basa jeung sastra Sunda, anu nyoko kana dua hal, nyaéta:

- (a) milih bahan ajar nu patali jeung pangalaman diajar tur tujuan pangajaran;
- (b) matéahkeun bahan ajar saluyu jeung pamarekan katut karakteristik siswa.

Sacara husus unggal guru dipiharep mampuh dua hal, nyaéta:


1. Mekarkeun bahan ajar basa jeung sastra Sunda kalawan rancagé (kréatif), anu nyoko kana (a) milih bahan ajar saluyu jeung tahap kamekaran siswa; (b) ngolah bahan ajar kalawan rancagé saluyu jeung tahap kamekaran siswa.
2. Ngawasa bahan, adegan, konsép, jeung pola pikir paélmuan anu ngadeudeul mata pelajaran basa jeung sastra Sunda, anu nyoko kana (a) ngawasa kaédah basa; (b) nyangkem tiori jeung genre sastra; sarta (c) ngaprésiasi karya sastra.



C. Péta Kompeténsi

Bagan 1. 1 Péta Kompetensi

Kagiatan Diajar Guru Pembelajarn Basa Sunda Tahap E



D. Ambahan Matéri

Bahan anu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar Tahap E nyoko kana wengkuhan bahan ajar basa jeung sastra Sunda, kaédah basa (wangun kecap), sarta tiori jeung génre sastra wawacan katut aprésiasina. Saluyu jeung ambahan éta bahan, pidanganana diwangun ku 10 Kagiatan Diajar saperti ieu di handap.

Kagiatan Diajar I: Medar ambahan bahan ajar basa Sunda (hakékat, gunana jeung kualitas bahan ajar, sistem basa Sunda, ambahan bahan ajar basa Sunda, bahan ajar dina kurikulum)

- Kagiatan Diajar II: Medar ambahana bahan ajar sastra Sunda (wangenan, wangun karya sastra, pangajaran sastra, ambahana bahan ajar sastra).
- Kagiatan Diajar III: Medar cara milih bahan ajar basa jeung sastra Sunda luyu jeung kaayaan siswa (arah pangajaran, perluna nangtukeun bahan ajar, jeung perluna milih bahan ajar).
- Kagiatan Diajar IV: Medar cara ngolah bahan ajar basa jeung sastra Sunda (tujuan nyusun bahan ajar, prinsip-prinsip nyusun bahan ajar, landasan nyusun bahan ajar, padika nyusun bahan ajar).
- Kagiatan Diajar V: Medar adegan kecap asal basa Sunda (wangenan kecap jeung kecap asal, ciri kecap asal, watek kecap asal, pola kecap asal).
- Kagiatan Diajar VI: Medar kecap rundayan basa Sunda (wangenan kecap rundayan, rupa-rupa rarangkén, fungsi rarangkén dina ngawangun kecap).
- Kagiatan Diajar VII: Medar kecap rajékan basa Sunda (wangenan kecap rajékan, wangun kecap rajékan, fungsi ngarajék, jeung ma'na ngarajék).
- Kagiatan Diajar VIII: Medar kecap kantétan jeung wancahan basa Sunda (wangenan kecap kantétan jeung kecap wancahan, wangun kecap kantétan, warna kecap kantétan, fungsi kecap kantétan, harti kecap kantétan, wangun kecap wancahan).
- Kagiatan Diajar IX: Medar wangun jeung eusi wawacan (wangenan wawacan, kamekaran wawacan, fungsi wawacan, wangun jeung eusi wawacan, sasmita pupuh dina wawacan).
- Kagiatan Diajar X: Medar kaparigelan basa dina wawacan (patalna wawacan kana kaparigelan basa, aprésiasi jeung éksprézi wawacan).

E. Cara Ngagunakeun Kagiatan Diajar

Aya sawatara hal nu perlu ditengetan dina ngulik ieu modul. Kahiji, sadérék kudu yakin yén ieu modul téh aya mangpaatna keur sadérék. Kadua, sadérék kudu naréka han sangkan meunang informasi tina modul nu dibaca. Katilu, sadérék kudu niténanjeung migawé latihan nu dipidangkeun dina tiap ahir jejer pedaran. Titénan jeung lampahkeun sakur bagian kalawan daria. Sangkan teu poho, jieun catetan husus tina tiap bahan nu dipidangkeun. Ulah poho pigawé sakur latihan jeung évaluasi dina tiap bagian modul.

Kamampuh atawa kompeténsi Sadérék dina ngawasa bahan ieu kagiatan diajar baris dipeunteun ku hasil tés jeung laporan pancén pribadi, anu ngawengku (1) bahan ajar basa jeung sastra Sunda, (2) kaédah basa (wangun kecap), (3) tiori jeung génre sastra wawacan, sarta (4) kaparigelan basa Sunda dina aprésiasi jeung ekspréesi sastra Sunda.

Dina ngulik éta bahan Kagiatan Diajar téh, Sadérék kudu maca jeung ngajawab latihan dina Kagiatan Diajar kalawan ngaruntuy. Ari sababna, bahan dina Kagiatan Diajar 1 jadi dasar pikeun bahan dina Kagiatan Diajar 2, jst.

Lamun manggihan bangbaluh dina nyangkem bahan jeung ngajawab latihan atawa soal, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna atawa nanyakeun ka instruktur.

KOMPETENSI PEDAGOGIK :

**BAHAN PANGAJARAN BASA JEUNG
SASTRA SUNDA**



**PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2016**

KAGIATAN DIAJAR 1

AMBAHAN BAHAN AJAR BASA SUNDA

A. Tujuan

Bahan ajar nyaéta sagala wangun bahan anu dipaké pikeun mantuan guru jeung murid dina ngalaksanakeun kgiatan diajar ngajar di kelas. Bahan ajar basa Sunda téh nyoko kana kaweruh basa jeung kaparigelan basa. Kaweruh basa ngawengku kaweruh kaédah basa (tatasora, tata wangun kecap, tata kalimah, wacana), ari kaparigelan basa ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Saréngséna ngulik Kgiatan Diajar 1, Sadérék dipiharep meunang kamampuh pikeun nerangkeun

1. hakékat bahan ajar;
2. gunana jeung kualitas bahan ajar;
3. sistem basa Sunda;
4. ambahan bahan ajar basa;
5. bahan ajar basa Sunda dina kurikulum.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kgiatan diajar, nyaéta nuduhkeun bahan ajar basa Sunda saluyu jeung tujuan pangajaran.

Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi lima, nyaéta:

1. bisa ngajéntrékeun hakékat bahan ajar;
2. bisa ngajéntrékeun gunana jeung kualitas bahan ajar;
3. bisa ngajéntrékeun sistem basa Sunda;
4. bisa ngajéntrékeun ambahan bahan ajar basa; jeung
5. bisa ngajéntrékeun bahan ajar basa Sunda dina kurikulum.

C. Pedaran Matéri

1. Hakékat Bahan Ajar

Bahan ajar babarengan jeung kurikulum mangrupa salasahiji komponén tina genep komponén sistem pangajaran. Lima komponén pangajaran séjénna nyaéta tujuan pangajaran, guru jeung siswa, métodeu pangajaran, média pangajaran, jeung évaluasi pangajaran.

Minangka salasahiji komponén tina sistem pangajaran, bahan ajar teu bisa leupas tina kurikulum. Ieu bisa dipikaharti lantaran dina milih jeung milah bahan ajar didadasaran ku kurikulum anu dipaké. Lamun bahan ajar nu dipidangkeun ku guru ka murid teu luyu jeung gurat badag kurikulum, bahan ajar téh dianggap nyimpang.

Dina enas-enasna bahan ajar téh nyaéta matéri ajar nu dipidangkeun ku guru ka murid dina prosés pangajaran. Bahan ajar bisa ditukil tina rupa-rupa sumber saperti buku, majalah, koran, atawa sumber séjén. Bahan ajar nu sumberna tina buku, utamana buku ajar, ilaharna geus disusun kalawan ngéntép seureuh (sistimatis) lantaran éta bahan téh mangrupa susunan ti nu nulis buku. Ari bahan ajar nu sumberna tina bahan séjén saperti karya sastra, majalah, jeung koran kudu diracik heula ku guru saméméh dipidangkeun ka murid di jero kelas.

Bahan ajar mangrupa informasi, alat, jeung téks anu diperlukan ku guru/instruktur pikeun ngararancang jeung ngulik larapna pangajaran. Bahan ajar nyaéta sagala wanguan bahan anu dipaké pikeun mantuan guru dina ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar di kelas. Ari wanguunna bahan ajar téh bisa bahan tinulis bisa ogé bahan lisan.

Bahan ajar nyaéta beungkeutan matéri anu disusun kalawan ngéntép seureuh boh tinulis boh lisan nepi ka kawangun lingkungan atawa suasana nu ngagiring murid pikeun diajar. Bahan ajar atawa matéri ajar (*instructional materials*) mangrupa kaweruh (fakta, konsép, prinsip, prosedur), kaparigelan, jeung sikep anu kudu diulik ku murid dina raraga ngahontal standar kompeténsi nu geus ditetepkeun. Pengetahuan, keterampilan, dan sikap yang

harus dipelajari siswa dalam rangka mencapai standar kompetensi yang telah ditentukan.

Bahan ajar ogé jadi sumber pangajaran (*learning resource*), nyaéta informasi anu dipidangkeun jeung disimpen dina rupining média, anu bisa mantuan murid dina diajar minangka wujud tina kurikulum. Ari sumber pangajaran nyaéta sagala rupa anu bisa dipaké pikeun diajar atawa sagala rupa nu bisa dimangpaatkeun ku guru pikeun kapentingan prosés diajar ngajar kalawan boga tujuan pikeun ngundakkeun éfektivitas jeung éfisiénsi tujuan pangajaran.

2. Gunana jeung Kualitas Bahan Ajar

Bahan ajar gedé gunana dina prosés pangajaran. Ari gunana atawa fungsi bahan ajar, di antarana waé:

- 1) Tuturus pikeun guru dina ngalelempeng aktivitasna atawa paripolahna dina prosés pangajaran jeung substansi kompeténsi (eusi kamampuh) anu diajarkeun ka murid;
- 2) Tuturus pikeun murid dina ngalelempeng paripolahna dina prosés pangajaran jeung substansi kompeténsi anu diulikna; jeung
- 3) Alat évaluasi dina ngahontal atawa ngawasa hasil diajar.

Bahan ajar aya anu masih bacabar aya nu geus disusun dina wangu buku ajar. Bahan ajar anu masih kénéh bacabar saperti dina majalah, koran, atawa buku karya sastra kudu disusun heula ku guru nepi ka ngawujud bahan anu ngéntép seureuh. Ari bahan ajar nu geus disusun dina wangu buku ajar mah, tangtu tinggal maké. Bahan ajar anu geus disusun jadi buku ajar kudu nyumponan sawatara kritéria, di antarana waé:

- 1) Némbongkeun tangtungan;
- 2) Nyadiakeun sumber nu ngéntép seureuh tur undak dina kamekaran kamampuh murid;
- 3) Midangkeun jejer pedaran anu beunghar tur serasi;
- 4) Nyadiakeunanéka métodeujeung sarana pangajaran;
- 5) Midangkeun bahan awal pikeun tugas jeung latihan; sarta
- 6) Midangkeun sumber bahan évaluasi jeung rémédiai.

Bahan ajar anu alus kudu mibanda standar jeung kualitas nu tangtu. Ciri bahan ajar anu alus kualitasna, di antarana waé: (1) Mibanda puseur sawangan; (2) mibanda konsép nu écés; (3) mibanda kasaluyuan (rélevansi)jeung kurikulum; (4) pikatajieu atawa mikat minat; (5) numuwuhkeun motivasi; (6) ngahudang stimulasi aktivitas; (7) Ilustratif; (8) komunikatif atawa babari dipikaharti; (9) ngadeudeul mata pelajaran séjén; (10) ngajénan bbédaan individu; jeung (11) ngamangpaatkeun ajén-inajén kahirupan (Geene jeung Petty, 1971:545-548).

3. Ambahan Bahan Ajar Basa Sunda

Bahan ajar basa Sunda téh raket patalina jeung matéri lulugu (pokok). Ari matéri poko mangrupa poko bahasan jeung subpoko bahasan tina kompeténsi dasar (KD) anu kudu dipimilik ku murid. Éta sababna, matéri pokok basa Sunda patali jeung bahan ajar, nyaéta bahan ulikan basa Sunda anu sakurang-kurangna kudu diulik ku murid pikeun ngawasa kompétensi dasar.

Matéri poko basa raket patalina jeung kaweruh basa. Kaweruh basa nyoko kana konsép basa, nyaéta hal-hal anu patali jeung unsur basa katut kaéda basa. Diajarkeunana matéri poko kudu dipatalikeun kana kagiatan pangajaran makéna basa, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Eusi kamahéran basa nyoko kana téma kahirupan sosial budaya Sunda.

Konsép basa anu bisa dijadikeun matéri poko téh gurat badagna ngawengku lima widang, nyaéta:

- a. Adegan sora basa: lafal, éjahan, engang;
- b. Adegan kecap: wangun kecap, warna kecap;
- c. Adegan kalimah: wangun kalimah, warna kalimah, fungsi kalimah, wanda kalimah;
- d. Kandaga kecap: warna harti, parobahan harti, tatali harti léksikal, kecap serepan, istilah, pakeman basa, gaya basa, tatakrama basa;
- e. Wacana: fiksi (prosa/narasi, puisi, drama); nonfiksi (déskripsi, éksposisi, arguméntasi, pérsuasi); wacana nétral (terjemahan, aksara Sunda).

Pangajaran konsép atawa kaweruh basa diadumaniskeun (*terintegrasi*) kana pangajaran makéna basa, kamahéran basa, atawa kaparigelan basa. *Lafal* atawa ucapan diadumaniskeun kana aspék nyarita jeung maca bedas, *éjaan* diadumaniskeun kana aspék nulis jeung maca, ari tatabasa (adegan kecap, adegan kalimah), jeung kandaga kecap diadumaniskeun kana sakumna aspék kamahéran basa. Kamahéran basa lisan jeung basa tulis diwujudkeun ku wacana, boh wacana lisan boh wacana tulis.

Patalina antara kaweruh basa jeung kamahéran makéna basa bisa dipidangkeun dina tabél ieu di handap.

Tabel 1. 1 Patalina Kaweruh Basa jeung Kamahéran Basa

Médium Basa	Kaparigelan Basa	Wacana	Kaédah Basa
Lafal (Ucapan)	Nyarita	Wacana Lisan	Tatabasa & Kandaga Kecap
	Ngaregepkeun		
Ejaan (Tulisan)	Maca	Wacana Tulis	
	Nulis		

Dina kurikulum ayeuna, boh SKKD Basa jeung Sastra Sunda 2006 boh dina KIKDBasa jeung Sastra Sunda, konsép basa téh henteu jadi panitén utama, tapi ngan jadi bahan panambah dina raraga diajar makéna basa. Ku kituna, matéri poko basa diadumaniskeun kana opat aspék kaparigelan makéna basa, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Carana diseselkeun dina runtulan indikator hontalan hasil diajar. Lamun dina kagiatan makéna basa Sunda muncul bangbaluh anu patali jeung aspék basa, nya dina kagiatan makéna basa “wanci nu mustari, mangsa anu keuna, waktu anu naktu” pikeun medar jeung ngajéntrékeun konsép basa.

Dina nepikeun bahan kudu dumasar kana tinimbangan (1) ambahan, (2) kagunaan praktis (luyu jeung kabutuh murid), (3) kasaluyuan satempat (bédana wangun basa jeung dialék), (4) kasaluyuan kamekaran jiwa murid (umur, tahapan, jeung basa), sarta (5) alokasi waktu (prinsip palamarta, bahan anu perlu meunang hancengan (porsi) anu saimbang tur luyu jeung waktuna).

Kompeténsi basa raket patalina jeung kaweruh kaé dah basa, ti mimiti unsur pangleutikna, nyaéta sora basa, nepi ka unsur pangjembarna, nyaéta wacana. Éta kaé dah basa téh teu kudu kabéh diajarkeun, tapi cukup dikunjalan hal-hal anu dianggap pentingna wungkul atawa anu diperlukeun waktu pasualan basa muncul. Ku kituna, guru kudu parigel milih-milih jeung milah-milah kaé dah basa anu bisa dipilih aya kana 12 rupana, nyaéta (1) ngucapkeun, (2) ngawangun kecap, (3) milih kecap, (4) tatakrama basa, (5) ngalarapkeun istilah, (6) nata kalimah, (7) bebeneran eusi kalimah, (8) ngalarapkeun kecap pancén, (9) nyusun kalimah éfektif, (10) mekarkeun paragraf jeung wacana, (11) maké tanda baca jeung éjahan, sarta (12) nulis jeung maca aksara Sunda.

4. Bahan Ajar Basa Sunda dina Kurikulum

Wengkuhan bahan ajar basa Sunda geus dijinekkeun dina kurikulum. Ambahan jeung runtuyan bahanna tiap ganti kurikulum aya bédana, najan dina enas-enasna mah sarua baé, nyaéta nyoko kana kaweruh basa jeung kaparigelan basa. Jaba ti éta, wengkuhan bahan ajar basa ditangtukeun ogé ku tahap jenjang atikan saperti SD/MI, SMP/MTs, jeung SMA/SMK/MA/MAK.

a. Bahan Ajar Basa Sunda di SD/MI

Bahan ajar basa Sunda di SD/MI ngawengku rupa-rupa wangu jeung warnawacana saperti narasi, déskripsi, éksposisi, jeung arguméntasi. Jaba ti éta, aya pedaran stiker/brosur, paguneman, pidato, jeung aksara Sunda.

Ambahan bahan ajar basa Sunda di SD/MI ti kelas I—VI jumlahna aya 8 rupa, anu ngawengku 14 bahan déskripsi, 4 bahan paguneman, 2 bahan éksposisi, 1 bahan bahasan, 1 bahan stiker/brosur, 1 bahan pidato, jeung 1 bahan aksara Sunda.

Bahan ajar basa Sunda di SD/MI dipatalikeun kana dua hal, nyaéta (1) téma jeung (2) konsép basa. Téma-téma nu ditepikeun di SD/MI diluyukeun kana téma-téma nu ditangtukeun ku kurikulum nasional saperti ébréh ieu di handap.

Tabel 1. 2 Matéri jeung Téma Basa Sunda SD/MI

Kelas	Pang	Matéri	Téma
I.	1.	Déskripsi	Diri sorangan
	3.	Paguneman	Kagiatan sapopoé
	4.	Déskripsi	Kulawarga
	8.	Déskripsi	Peristiwa alam
II	4.	Déskripsi	Pentingna ngarawat lingkungan
	5.	Paguneman	Ngajaga hirup beresih jeung séhat
	6.	Déskripsi	Lingkungan sabudeureun (cai, bumi, panonpoé)
	7.	Déskripsi	Sasatoan jeung tutuwuhan
III.	1.	Déskripsi	Kaayaan alam sabudeureun (sasatoan jeung tutuwuhan)
	3.	Déskripsi	Cuaca jeung musim
	4.	Paguneman	Hirup gotong royong
	5.	Déskripsi	Kaulinan jeung olah raga
	7.	Éksposisi	Ngamangpaatkeun énérgi pikeun pikahareupeun
IV	2.	Stiker/Brosur	Ngirit énérgi
	4.	Déskripsi	Rupa-rupa pakasaban
	8.	Déskripsi	Padumukan
	9.	Éksposisi	Kadaharan has Sunda nu séhat jeung ngandung gizi
V.	1.	Déskripsi	Kaulinan urang lembur
	3.	Aksara Sunda	Peristiwa dina kahirupan
	4.	Paguneman	Hirup rukun jeung kulawarga, babaturan, sarta guru
	5.	Bahasan	Pentingna kaséhatan jeung ubar tradisional
VI.	4.	Déskripsi	Pangaruh globalisasi kana lingkungan
	5.	Déskripsi	Wirausaha
	6.	Biantara	Miara kaséhatan masarakat

Pancén

Pilih sasalahiji matéri tina tabél bahan ajar basa Sunda di SD/MI. Geus kitu, jieun bahan ajarna!

.....

.....

.....

.....

b. Bahan Ajar Basa Sunda di SMP/MTs

Bahan ajar basa Sunda di SMP/MTs ngawengku 9 rupa wangun jeung warna wacana, nyaéta paguneman, déskripsi, aksara Sunda, warta, biantara, bahasan, surat, memandu acara, dan laporan kegiatan. Ambahan bahan ajar basa Sunda di SMP/MTs bisa diilikan dina tabél ieu di handap.

Tabel 1. 3 Bahan Ajar Basa Sunda di SMP/MTs

KELAS		
VII	VIII	IX
Paguneman	Warta	Mandu acara
Iklan layanan masarakat	Biantara	Déskripsi budaya
Aksara Sunda	Bahasan budaya	Bahasan idiom
---	Surat	Laporan kagiatan

Tina tabél 1.2 di luhur ébréh yén bahan ajar basa Sunda di SMP/MTs ti kelas VII—IX jumlahna aya 10 bahan ajar, anu ngawengku paguneman, déskripsi, aksara Sunda, warta, biantara, bahasan, surat, memandu acara, jeung laporan kegiatan. Bahan ajar nu patai jeung wacana bahasan kapanggih aya dua bahan, nyaéta bahasan ngeunaan budaya jeung bahasan nu patali jeung idiom (pakeman basa).

Pancén

Pilih sasalahiji matéri tina tabél bahan ajar basa Sunda di SMP/MTs. Geus kitu, jieun bahan ajarna!

.....
.....

c. Bahan Ajar Basa Sunda di SMA/SMK/MA/MAK


Bahan ajar basa Sunda di SMA/SMK/MA/MAK ngawengku 10 rupa wangun jeung warna wacana, nyaéta biantara, paguneman, biografi/otobiografi, aksara Sunda, déskripsi, wawancara, warta/iklan, artikel, terjemahan, jeung panduan acara. Ambahan bahan ajar basa Sunda di SMA/SMK/MA/MAK bisa diilikan dina tabél ieu di handap.

Tabel 1. 4 Bahan Ajar Basa Sunda di SMA/SMK/MA/MAK

KELAS		
X	XI	XII
Biantara	Deskripsi idiom	Artikel
Paguneman	Wawancara	Terjemahan
Biografi/Otobiografi	Warta/Iklan	Panduan acara
Aksara Sunda	---	---

Tina tabél 1.3 di luhur ébréh yén bahan ajar basa Sunda di SMA/SMK/MA/MAK ti kelas X—XI jumlahna aya 10 bahan ajar, anu ngawengku biantara, paguneman, biografi/otobiografi, aksara Sunda, deskripsi idiom, wawancara, warta/iklan, artikel, terjemahan, dan panduan acara.

Ambahan bahan ajar basa Sunda di SD/MI, SMP/MTs, jeung SMA/SMK/MA/MAK bisa dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 1. 2 Ambahan Bahan Ajar Basa Sunda

d. Pancén

Pilih sasalahiji matéri tina tabél bahan ajar basa Sunda. Geus kitu, jieun bahan ajarna!

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy bandingkeun jeung raguman bahan ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjenna.

E. Latihan

Jawab sakur pananya atawa paréntah ieu di handap!

1. Kumaha ceuk pamadegan Sadérék perkara bahan ajar?
2. Keur naon gunana bahan ajar dina prosés pangajaran basa?
3. Kumaha patalina téma jeung bahan ajar basa Sunda?
4. Sebutkeun sasaruuan jeung bédana antara paguneman jeung wawancara?
5. Tétélakeun gurat badagna bahan ajar basa Sunda?

F. Tingkesan

Bahan ajar nyaéta beungkeutan matéri anu disusun kalawan ngéntép seureuh nepi ka kawangun lingkungan atawa suasana nu ngagiring murid pikeun diajar. Bahan ajar gedé gunana pikeun guru minangka tuturus dina aktivitas ngajarna, pikeun murid minangka tuturus dina aktivitas diajar, sarta alat évaluasi dina ngahontal hasil diajar.

Ambahan bahan ajar basa patali jeung matéri poko kaweruh basa. Kaweruh basa nyoko kana konsép basa, anu patali jeung unsur basa katut kaéda basa. Diajarkeunana matéri poko kudu dipatalikeun kana kagiatan makéna basa (nyarita, ngaregepkeun, nulis, jeung maca). Eusi kamahéran basa nyoko kana téma kahirupan sosial budaya.

Pangajaran basa diadumaniskeun (terintegrasi) kana pangajaran makéna basa, kamahéran basa, atawa kaparigelan basa. Lafal atawa ucapan diadumaniskeun kana aspék nyarita jeung maca bedas, éjaan diadumaniskeun kana aspék nulis jeung maca, ari adegan kecap, adegan kalimah, jeung kandaga kecap diadumaniskeun kana sakumna aspék kamahéran basa.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar II. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui atawa deres deui matéri dina Kagiatan Diajar I, pangpangna bahan nu can dicangkem.



KAGIATAN DIAJAR 2

AMBAHAN BAHAN AJAR SASTRA SUNDA

A. Tujuan

Sastra téh mangrupa hasil rékacipta manusia anu ngandung unsur kaéndahan nu ditepikeun ngaliwatan médium basa. Karya sastra Sunda ngawujud dina wngun lancaran (prosa), wngun ugeran (puisi), jeung wngun guneman (drama). Dina karya sastra kakandung rupa-rupa ajén kahirupan manusa nu bisa dijadikeun eunteung ku nu macana. Pikeun nepikeun ajén kahirupan dina karya sastra perlu ditepikeun ka anak incu ku cara diajarkeun. Jadi, karya sastra ditpikeun minangka bahan ajar.

Dumasar kana éta keterangan, saréngséna ngulik Kagiatan Diajar II, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun:

1. ngajéntrékeun wngenan sastra Sunda;
2. ngajéntrékeun élmuning sastra;
3. ngabédakeun wngun karya sastra;
4. ngajéntrékeun pangajaran sastra; jeung
5. ngajéntrékeun ambahana bahan ajar sastra Sunda.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontal kompeténsi dina ieu Kagiatan Diajar, nyaéta nuduhkeun bahan ajar sastra Sunda saluyu jeung tujuan pangajaran.

Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi lima:

1. bisa ngajéntrékeun wngenan sastra Sunda;
2. bisa ngajéntrékeun élmuning sastra;
3. bisa ngabédakeun wngun karya sastra;
4. bisa ngajéntrékeun pangajaran sastra; jeung
5. bisa ngajéntrékeun ambahana bahan ajar sastra Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan Sastra

Ari kecap sastra téh asalna tina basa Sangsekerta, *castra* nu hartina buku pangajaran; élmu pangaweruh; naskah; buku-buku suci. Kiwari éta harti téh jadi ngaheureutan nya éta karya seni nu digelarkeunana ngagunakeun alat basa, boh lisan boh tulisan.

Karya sastra téh mangrupa bagian tina salah sahiji cabang tina kabudayaan nyaéta kasenian. Ilaharna kasenian, karya sastra ogé mibanda unsur kaéndahan (éstétis). Éta kaéndahan téh bisa nimbulkeun rasa kagagas, kataji, resep, ni'mat, sarta rasa lianna anu patali jeung kasugemaan jiwa nu macana. Lian ti bisa nyugemakéun sastra ogé gedé pisan ajénna atawa guna jeung mangpaatna. Sastra téh enas-enasna mah bisa mangaruhan sarta bisa nimbulkeun kamungkinan-kamungkinan wawasan anu jembar tur anyar anu didadasaran ku ajén kamanusaan. Ku kituna, Rusyana (1982:3) nétélakeun yén sastra téh mangrupa hasil rékacipta manusia anu ngandung unsur kaéndahan nu ditepikeun ngaliwatan médium basa.

Karya sastra téh mangrupa ébréhan ngeunaan masalah-masalah hirup jeung huripna manusa. Hakékat jeung gambaran kahirupan manusa, tina rupa-rupa pangalaman, parasaan, idé manusa bisa kaébréhkeun dina sastra. Hal ieu luyu jeung pamadegan Sumarjo & Saini KM. (1994:3), anu nétélakeun yén “*sastra adalah ungkapan pribadi manusia yang berupa pengalaman, pemikiran, ide semangat keyakinan dalam suatu bentuk gambaran kongkrit yang membangkitkan perasaan dengan alat bahasa.*”

Dina karya sastra ogé digambarkeun kasusah manusia, perjuangan, silih asih, pagétréngna (pacéngkadan) jeung papada manusa atawa naon-naon hal anu nyangkaruk, anu kaalaman, anu kapanggih dina kahirupan masarakat sapopoé (réalitas objéktif). Réalitas objéktif téh bisa mangrupa kajadian-kajadian, norma-norma atawa ajén-inajén, sawangan hirup anu aya di masarakat. Cindekna, karya sastra téh mangrupa ébréhan éksprési nu patali jeung masalah-masalah hirup jeung huripna manusa.

Basa dina karya sastra dipaké (alat) pikeun ngahontal ajén-inajén éstétika (kaéndahan). Carana tangtu bisa rupa-rupa. Bisa ngagunakeun purwakanti, gaya basa, pakeman basa, dicokot harti injeumanana ,jeung sajabana. Basa dina karya sastra henteu kudu basa “kabujangan” baé. Anu disebut basa kabujangan téh kekecapan, ungkara kalimah atawa rakitan basa nu dianggap pinunjul, anu tadina biasa dipaké ku para bujangga dina karangan. Basa nu ku urang dipaké dina paguneman sapopoé ogé bisa dipaké dina karya sastra. Anu penting lebah ngolahna éta basa luyu jeung eusi nu hayang ditepikeun dina karya sastra.

Dina karya sastra alat jeung “eusi” téh gumulung enggonging ngawujudkeun ajén-inajén éstétis karya sastra. Upama basana wungkul nu éndah, bisa jadi éta karya sastra ngan ngeunah kadéngéna atawa dibacana wungkul, tapi euweuh pupurieunana. Sabalikna, upama eusina alus tapi henteu digelarkeun ngagunakeun basa nu alus, bisa jadi éta karya téh “garing” atawa “gejed”. Gedé kamungkinan eusina anu hadé téh moal nepi ka nu maca atawa ngadéngékeun. Ari eusi karya sastra ngurung sajumlahing masalah kahirupan manusa. Bisa mangrupa masalah cinta, rumah tangga, rumaja, kajiwaan, pulitik, jsb.

2. Wangun Karya Sastra

Nilik kana wangunna, karya sastra téh bisa dibagi jadi tilu golongan nyaéta *puisi*, *prosa*, jeung *drama*. Ieu di handap baris dipedar hiji-hijina.

a. Puisi (Wangun Ugeran)

Puisi biasa disebut ogé karangan wangun ugeran. Disebut wangun ugeran lantaran kauger ku wangunna jeung diksina kayaning pilihan kecap, gabungan kecap, ungkara kalimah jeung sajabana; tur biasana rakitanana leubeut ku wirahma; lain dina ungkara kalimah cara dina basa sapopoé atawa cara wangun prosa (karangan wangun lancaran).

Dina puisi buhun umumna ugeran téh leuwih nyoko kana wangunna. Upama baé, aya patokan-patokan anu disebut guru lagu, guru wilangan, jumlah padalisan dina sapadana jeung purwakanti. Diksi utamana dipaké pikeun nyumponan éta patokan. Ari dina puisi modérn saperti sajak,

ugeran téh leuwih nyoko kana diksi jeung wirahmana. Taya patokan nu disebut guru lagu, guru wilangan, atawa jumlah padalisan dina sapadana.

Anu paling tétéla ngabédakeun puisi jeung prosa téh nyaéta wirahmana. Sabab upama nilik kana rupana, henteu saeutik puisi utamana sajak, anu cara nulisna teu béda ti prosa. Hartina henteu dipenggel-penggel jadi sababaraha padalisan atawa jadi sababaraha pada. Bédana jeung prosa, puisi mah pinuh ku wirahma. Ari nu disebut wirahma nya éta lalawanan sora luhur handap, tarik laun, panjang pondok kalawan mindeng tur teratur. Dina milih-milih ungkara basa jeung ngudag wirahma, mindeng kapanggih ungkara basa anu teu ilahar, boh kekecapanana boh adegan basana. Timbul wé istilah *licencia poética* nu ngawenangkeun panyajak pikeun ngarémpak aturan basa nu ilahar.

Puisi Sunda réa rupana tur bisa dipasing-pasing jadi sababaraha golongan. Dumasar kana waktu gumelarna, aya puisi buhun jeung puisi modéren. Puisi buhun bisa dipasing-pasing deui dumasar kana eusina, aya nu ngawujud lalakon nya éta carita pantun jeung wawacan, aya anu henteu ngawujud lalakon kayaning mantra, sisindiran, kakawihan, pupujian jeung guguritan. Ari puisi modéren nya éta sajak bebas, anu kiwari cukup disebut sajak baé.

b. Prosa (Wangun Lancaran)

Prosa faksi mangrupa carita rékaan dina wangun lancaran. Disebut wangun lancaran ku sabab wanguanna teu kauger ku guru lagu, guru wilangan, jumlah padalisan dina sapadana, purwakanti atawa ngolah wirahma, saperti dina pupuh. Basa anu dipakéna basa sapopoé. Upama nilik kana wujudna, kalimah téh ngaruntuy, henteu dipenggel-penggel mangrupa padalisan atawa diwangun ku sababaraha pada.

Unggal prosa fksi ngabogaan sababaraha unsur intrinsik, di antarana, nyaéta (1) téma, (2) palaku, (3) galur, (4) latar, (5) puseur sawangan, jeung (6) amanat.

Dumasar kana waktu gumelarna, aya prosa buhun jeung prosa modérn. Prosa buhun ngawengku dongéng jeung carita wayang. Ari prosa modéren ngawengku carita pondok (carpon) jeung novel.

c. Drama

Carita drama mangrupa karangan sastra anu midangkeun carita atawa lalakon dina wangu dialog, ajangkeuneun dilakonkeun ku aktor dina pagelaran drama (Isnendes, 2010:24). Karangan drama téh boga rupa-rupa ciri. Upama ditilik tina kalimah nu digunakeunana, drama gegedéna ngagunakeun kalimah langsung, nyaéta kalimah nu dikedalkeun ku palaku. Dina drama anu palakuna leuwih ti saurang, paguneman téh mangrupa omongan palaku nu silih tempas.

Dina drama aya tukang cacarita nu disebut *juru catur* (*narator*). Tugas juru catur nerangkeun paripolah palaku, latar tempat jeung latar waktu nya éta keterangan-keterangan nu kudu dicangkem, boh ku sutradara boh ku palaku, upama éta karangan drama rék dipagelarkeun.

Aya rupa-rupa carita drama. Dumasar kana waktuna, aya (1) drama heubeul (klasik) saperti *longsér*, *uyeg*, *ubrug*, *dogér*, *topéng*, *sandiwara*, *pertunjukan ra'yat* (ronggéng, upacara); (2) drama semi-modéren tur dihaleuangkeun saperti dramaswara, gending karesmén, purnadrama, jemblungan; jeung (3) drama modéren nu dilakonkeun saperti galuran, drama, jeung téater (Isnendes, 2010:24).

3. Pangajaran Sastra

Pangajaran sastra mibanda tujuan sangkan murid mibanda pangalaman sastra jeung pangaweruh sastra (Rusyana, 1982:6—9). Tujuan pikeun meunang pangalaman sastra ngawengku (a) tujuan meunang pangalaman dina ngaprésiasi sastra jeung (b) tujuan meunang pangalaman dina ngéksprésikeun sastra. Tujuan pikeun meunang pangaweruh sastra ngawengku pangaweruh ngeunaan sajarah sastra, tiori sastra, jeung kritik sastra. Kritik sastra ngawengku analisis, interprétasi, dan peniléyan sastra.

Tujuan pangalaman sastra bisa dihontal ku kagiatan aprésiasi jeung éksprési sastra. Éta dua kagiatan téh silih deudeul. Ku ngaliwatan éta kagiatan téh dipiharep murid bakal meunang pangalaman sastra. Satuluyna, murid dipiharep meunang citarasa ajén-inajén anu hadé jeung sikep kréatif.

Aprésiasi sastra mangrupa kagiatan ngawanohkeun pangalaman hirup anu jero anu dikandung ku sastra, sarta aya hasrat katut méré jawaban. Dina pangajaran apresiasi sastra, murid dibere kasempatan pikeun mekarkeun apresiasina sorangan. Murid dikondisikeun kana lingkungan anu keuna, upamana, disadiakeun bahan sastra sangkan murid resep maca, didorong pikeun mikawanoh hasil sastra, ngadyakeun kontak ku jalan maca, tuluy ngararasakeun karya sastra.

Ékspresi sastra mangrupa kagiatan kreatif dina nyastra saperti ngadongeng, cacarita, ngarang, deklamasi, maca éndah, jeung merankeun atawa ngaragakeun téks drama. Dina pangajaran éksprési sastra, murid dibéré kasempatan jeung dorongan pikeun ngedalkeun dirina maké basa. Murid kudu bisa nyusun cita jeung pangalamanana dina wangu anu keuna. Murid kudu bisa nyarita jeung ngarang anu hadé.

Tujuan pangaweruh sastra ngawengku pangaweruh ngeunaan sajarah sastra, tiori sastra, jeung kritik sastra. Tujuan pangaweruh sastra raket patalina jeung tujuan pangalaman sastra. Miang tina pangalaman murid kana sastra, tuluy dibéré pangaweruh, nepi ka murid meunang wawasan ngeunaan pangalamanana. Upamana waé, pangaweruh ngeunaan wangu sastra, warna sastra, jeung adegan sastra.

Dumasar kana keterangan di luhur, écés yén pangajaran sastra nyoko kana aprésiasi sastra, éksprési sastra, jeung pangaweruh sastra. Ceuk Wirajaya (2005:2-5), prosés pangajaran sastra kudu nyoko kana tilu ujung tumbak (trisula), nyaéta (a) aprésiasi, (2) rékréasi, jeung (3) re-kreasi. Apresiasi mangrupa ngararasakeun karya sastra, rékréasi meunang hiburan tina karya sastra, jeung ré-kréasi mangrupa nyusun karya sastra.

4. Bahan Ajar Sastra Sunda dina Kurikulum

Wengkuan bahan ajar sastra Sunda geus dijinekkeun dina kurikulum. Ambahan jeung runtulan bahanna tiap ganti kurikulum aya bédana, najan dina enas-enasna mah sarua baé, nyaéta nyoko kana kaweruh, aprésiasi, jeung éksprési sastra. Jaba ti éta, wengkuan bahan ajar sastra ditangtukeun ogé ku tahap jenjang atikan saperti SD/MI, SMP/MTs, jeung SMA/SMK/MA/MAK. Ieu di handap dipidangkeun wengkuan bahan ajar sastra dina tiap jenjang atikan.

a. Bahan Ajar Sastra Sunda di SD/MI

Bahan ajar sastra Sunda di SD/MI ngawengku rupa-rupa wangun jeung warna karya sastra, boh kagiatanana mangrupa aprésiasi sastra boh mangrupa éksprési sastra. Ambahan bahan ajar sastra di SD/MI bisa diilikan dina tabél ieu di handap.

Tabel 2. 1 Bahan Ajar Sastra Sunda di SD/MI

KELAS					
I	II	III	IV	V	VI
Narasi	Pupuh	Narasi	Pupujian	Pupuh	Narasi
Narasi	Narasi	Carpon	Pupuh	Sajak	Pupuh
Narasi	Narasi	Dongéng	Kawih	Carpon	Narasi
Pupuh	Kakawihan	Sajak	Narasi	Dongéng	-

Tina tabél 2.1 di luhur ébréh yén bahan ajar sastra Sunda di SD/MI ti kelas I—VI jumlahna aya 7 rupa, anu ngawengku 9 bahan narasi (carita), 2 bahan dongéng, 2 bahan carpon (carita pondok), 5 bahan pupuh, 1 bahan kakawihan, jeung 2 bahan sajak.

Bahan ajar sastra Sunda di SD/MI dipatalikeun kana dua hal, nyaéta (1) téma jeung (2) konsép basa. Matéri jeung téma bahan ajar Sastra Sunda pikeun SD/MI ébréh dina tabél ieu di handap.

Tabel 2. 2 Matéri jeung Téma Sastra Sunda SD/MI

Kelas	Pang	Matéri	Téma
I.	2.	Narasi	Karesep
	5.	Narasi	Pangalaman
	6.	Narasi	Lingkungan beresih
	7.	Pupuh	Barang, sasatoan, jeung tutuwuhan

Kelas	Pang	Matéri	Téma
II.	1.	Pupuh	Sauyunan
	2.	Narasi	Kaulinan
	3.	Narasi	Pancén sapopoé
	8.	Kakawihan/Pupuh	Kasalametan di imah jeung di jalan
III	2.	Narasi	Pangalaman nu pikaresepeun
	6.	Carpon	Éndahna sosobatan
	8.	Dongéng	Paripolah pinuji ka kolot jeung ka babaturan
	9.	Sajak	Miara lingkungan
IV.	1.	Pupujian	Tali mimitran
	3.	Dongéng	Micinta papada mahluk hirup
	5.	Pupuh	Hormat ka guru jeung ka pahlawan
	6.	Kawih	Cinta tanah air
	7.	Narasi	Ngahontal cita-cita
V	2.	Pupuh	Kajadian dina kahirupan
	6.	Puisi	Cinta jeung reueus jadi bangsa Indonésia
	7.	Carpon	Peristiwa, bencana alam, jeung musibah
	8.	Dongeéng	Peristiwa (kajadian) hiji tempat
VI.	1.	Narasi	Nyalametkeun papada mahluk
	2.	Pupuh	Kahirupan bangsa jeung nagara
	3.	Narasi	Tokoh jeung'penemu'

b. Bahan Ajar Sastra Sunda di SMP/MTs

Bahan ajar sastra Sunda di SMP/MTs ngawengku rupa-rupa wangu jeung warna karya sastra, boh kagiatanana mangrupa aprésiasi sastra boh mangrupa éksprési sastra. Ambahan bahan ajar sastra anu ditepikeun dina Kurikulum Basa jeung Sastra pikeun SMP/MTs bisa diilikan dina tabél ieu di handap.

Tabel 2. 3 Bahan Ajar Sastra Sunda di SMP/MTs

KELAS		
VII	VIII	IX
Kaulinan barudak	Rumpaka kawih	Novel
Pangalaman pribadi	Guguritan	Drama
Dongéng	Sisindiran	---
Sajak	Carpon	---
Pupujian	---	---

Tina tabél 2.2 di luhur ébréh yén bahan ajar sastra Sunda di SMP/MTs jumlahna aya 11 bahan ajar, anu ngawengku kaulinan barudak, pangalaman pribadi, dongéng, sajak, pupujian, rumpaka kawih, guguritan, sisindiran, carpon, novel, jeung drama.

c. Bahan Ajar Sastra Sunda di SMA/SMK/MA/MAK


Bahan ajar sastra Sunda di SMA/SMK/MA/MAK ngawengku wangun jeung warna karya sastra, boh kagiatanana mangrupa aprésiasi sastra boh mangrupa eksprési sastra. Ambahan bahan ajar sastra di SMA/SMK/MA/MAK bisa dilikan dina tabél ieu di handap.

Tabel 2. 4 Bahan Ajar Sastra Sunda di SMA/SMK/MA/MAK

KELAS		
X	XI	XII
Biografi/Otobiografi	Rumpaka kawih	Wawacan
Dongéng	Sajak	Carita pantun
Carita wayang	Mantra	Drama
Carpon	Novel	---
Sisindiran	---	---

Tina tabél 2.3 di luhur ébréh yén bahan ajar sastra Sunda di SMA/SMK/MA/MAK jumlahna aya 12 bahan ajar, anu ngawengku biografi/otobiografi, dongéng, carita wayang, carpon, sisindiran, rumpaka kawih, sajak, mantra, novel, wawacan, carita pantun, jeung drama.

Ambahan bahan ajar sastra Sunda di SD/MI, SMP/MTs, jeung SMA/SMK/MA/MAK bisa dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 2. 1 Ambahan Bahan Ajar Sastra Sunda Karya Sastra Sunda

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy bandingkeun jeung raguman bahan.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa diskusi jeung kancamitra séjéenna.

E. Latihan

1. Tétélakeun pangna sastra dianggap situasi gembleng tina karya seni!
2. Tétélakeun bédana karya sastra prosa jeung puisi!
3. Naon sababna pangajaran sastra kudu nyoko kana trisula: aprésiasi, rekréasi, jeung ré-kréasi?
4. Kumaha ambahan bahan ajar sastra Sunda di SD, SMP, jeung SMA?
5. Tétélakeun perkara aprésiasi sastra jeung éksprési sastra dipatalikeun kana
kaparigelan basa (ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis)!

F. Tingkesan

Sastra téh mangrupa hasil rékacipta manusia anu ngandung unsur kaéndahan nu ditepikeun ngaliwatan médium basa. Élmu anu ngulik sastra disebut élmuning sastra. Aya tilu widang élmuning sastra, nyaéta sajarah sastra, tiori sastra, jeung kritik sastra.

Karya sastra Sunda ngawujud dina wong lanjaran (prosa), wong ugeran (puisi), jeung wong guneman (drama). Dina karya sastra kakandung rupa-rupa ajén kahirupan manusa nu bisa dijadikeun eunteung ku nu macana.

Pikeun nepikeun ajén kahirupan dina karya sastra perlu ditepikeun ka anak incu ku cara diajarkeun. Pangajaran sastra mibanda tujuan sangkan murid mibanda pangalaman sastra jeung pangaweruh sastra. Pangalaman sastra nyoko kana pangalaman aprésiasi sastra jeung pangalaman eksprési sastra.

Bahan ajar sastra anu ditepikeun ngawengku narasi, dongéng, carpon, pangalaman pribadi, mantra, pupuh, guguritan, wawacan, carita pantun, pupujian, kakawhan, rumpaka kawih, sisindiran, sajak, novel, jeung drama.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar III. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék deres deui bahan dina Kagiatan Diajar II, pangpangna bahan nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 3

MILIH BAHAN AJAR BASA JEUNG SASTRA SUNDA

A. Tujuan

Bahan ajar dina hiji mata pelajaran atawa widang studi ditangtukeun dumasar kana kurikulum. Dina kurikulum diruntuykeun rupa-rupa bahan ajar nu kudu diajarkeun ku guru ka murid. Ku lantaran réa bahan ajar nu kudu diajarkeun, guru kudu parigel dina milih jeung milah bahan ajar. Bahan ajar mana nu kudu diajarkeun leuwih ti heula jeung bahan ajar mana nu kudu diajarkeun sapandeurieunana.

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar III, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun

1. Arah pangajaran basa jeung sastra Sunda;
2. Perluna nangtukeun bahan ajar basa jeung sastra Sunda;
3. Perluna milih bahan ajar basa jeung sastra Sunda;

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta nuduhkeun cara milih bahan ajar basa jeung sastra Sunda.

Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi tilu, nyaéta:

1. bisa ngajéntrékeun arah pangajaran basa jeung sastra Sunda;
2. bisa ngajéntrékeun perluna nangtukeun bahan ajar basa jeung sastra Sunda;
3. bisa ngajéntrékeun perluna milih bahan ajar basa jeung sastra Sunda; jeung

C. Pedaran Matéri

1. Kalungguhan jeung Fungsi Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda

Mata pelajaran Basa jeung Sastra Sunda mibanda kalungguhan minangka muatan lokal di wilayah Provinsi Jawa Barat. Ari muatan lokaltéh mangrupa kagiatan kurikuler pikeun mekarkeun kompeténsi anu disaluyukeun kana ciri has jeung poténsi daerah, kaasup unggulna daerah, anu matéri pokona teu bisa jeung hésé dikelompokkeun kana mata pelajaran nu geus aya. Substansi muatan lokal ditangtukeun ku satuan pendidikan ngaliwatan pamaréntah daerah. Kalungguhananana dina proses atkan jeung pangajaran sarua jeung kelompok mata pelajaran inti katut pamekaran diri. Ku kituna, mata pelajaran basa jeung sastra Sunda ogé kudu diujikeun jeung niléyna wajib dituliskeun dina buku rapor.

Pangajaran basa jeung sastra Sunda nyekel peranan penting dina kahirupan sosial-budaya masarakat Sunda, nyaéta jadi sarana dina ngabina jeung mekarkeun budaya Sunda. Dina *SKKD Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda* (Disdik Jabar, 2007:23-24) ditétélakeun yén:

Fungsi pangajaran basa Sunda diluyukeun kana kalungguhan basa Sunda salaku basa daerah jeung sastra Sunda salaku sastra Nusantara. Pangajaran basa Sunda mibanda fungsi jadi (1) sarana ngabina sosial-budaya régional Jawa Barat; (2) sarana ningkatkeun kaweruh, kaparigelan, jeung sikep dina raraga ngamumulé tur mekarkeun budaya Sunda; (3) sarana ningkatkeun kaweruh, kaparigelan, jeung sikep dina ngahontal tur mekarkeun élmu kaweruh, téhnologi, jeung seni; (4) sarana ngabakukeun jeung nyebankeun makéna basa Sunda dina rupa-rupa kaperluan; (5) sarana mekarkeun daya nalar; jeung (6) sarana nyangkem anéka ragam budaya daerah (Sunda).

Tumali jeung éta fungsi, pangajaran basa jeung sastra Sunda mibanda tujuan sangkan:

- 1) Murid meunang pangalaman maké basa jeung sastra Sunda.

- 2) Murid ngajénan jeung mekarkeun basa Sunda salaku basa daerah di Jawa Barat, anu sakaligus mangrupa basa indung pikeun réréana masarakatna.
- 3) Murid nyangkem basa Sunda tina jihat wangun, harti, jeung fungsina, sarta bisa makéna kalawan keuna tur rancagé pikeun rupa-rupa kontéks (tujuan, kaperluan, jeung kaayaan).
- 4) Murid bisa maké basa Sunda pikeun ningkatkeun kamampuh inteléktual, sarta kadéwasaan émosional jeung sosial.
- 5) Murid mibanda kamampuh jeung disiplin dina maké basa Sunda.
- 6) Murid bisa ngararasakeun jeung ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun ningkatkeun kaweruh jeung kamampuh maké basa basa Sunda, mekarkeun kapribadian, tur ngajembaran wawasan kahirupan.
- 7) Murid ngajénan tur mikareueus sastra Sunda minangka kabeungharan budaya jeung inteléktual manusa Sunda.

Éta tujuh tujuan pangajaran basa Sunda téh dina enas-enasna nyoko kana tilu tujuan utama, nyaéta (1) tujuan praktis, (2) tujuan tioritis, jeung (3) tujuan idéologis. Tujuan praktis nyoko kana hontalan sangkan murid mibandakamampuh pasif (bisa nyangkem naon-naon diregepkeun tur dibacana) jeung kamampuh aktif (bisa nyarita jeung nulis). Tujuan tioritis nyoko kana hontalan sangkan murid mibanda kaweruh ngeunaan basa Sunda, anu bisa dipaké pikeun ngawasa basa Sunda. Tujuan idéologis nyoko kana hontalan sangkan murid mibanda sikap ngabudaya bangsa tina basana. Pikeun ngahontal éta tujuan, perlu diayakeun rupa-rupa tarékah dina pangajaran basa jeung sastra Sunda, di antarana waé: (1) ngajembaran gaya basa, (2) miara rasa basa, (3) atikan kasadaran basa, (4) ngajembaran kaweruh basa, jeung (5) miara budaya.

Patali jeung éta hal, basa minangka obyék pangajaran perlu dianalisis jeung didéskripsiéun sangkan kanyahoan anasir naon waé anu aya dina éta basa, anu engkéna bisa dipaké bahan ajar pikeun ngahontal tujuan nu tangtu. Pikeun mikanyaho bahan ajar

basa Sunda, perlu dianalisis kabeungharan basana. Kalawan umum bisa kanyahoan yén basa Sunda téh mibanda (1) sora basa, (2) adegan kecap, (3) adegan kalimah, (4) kabeungharan kecap, (5) undak-usuk basa atawa tatakrama basa, (6) éjahan, (7) wacana, jeung (8) aksara Sunda.


2. Perluna Nangtukeun Bahan Ajar Basa jeung Sastra Sunda

Dina nangtukeun bahan ajar basa jeung sastra Sunda perlu tinimbangan yén dasar bahan ajar basa jeung sastra Sunda téh nyaéta sosial-budaya Sunda. Ari unsur-unsur budaya Sunda téh ngawengku (1) sistem pakasaban atawa pacaban, (2) sistem jeung struktur sosial, (3) sistem peralatan jeung téhnologi, (4) sistem élmu pangaweruh, (5) Basa, (6) seni, jeung (7) sistem réligi jeung kapercayaan (Koentjaringrat, 1982).

Dina sosial-budaya kakandung ayana téma jeung sub-téma anu engkéna jadi dasar pikeun jejer (topik) wacana. Jejer wacana bisa dirundaykeun jadi judul wacana, boh wacana lisan boh wacana tulis. Dina wacana kakandung ayana konsép basa atawa konsép sastra, gumantung kana wanda wacanana, naha bahan ajar téh mangrupa wacana fiksi atawa wacana nonfiksi.

Dumasar kana wacana bakal muncul kagiatan makéna basa, boh kagiatan makéna basa lisan (nyarita jeung ngaregepkeun) boh kagiatan maké basa tulis (maca jeung nulis). Ieu hal téh kaharti lantaran wacana mangrupa médium tina kaparigelan basa atawa kagiatan makéna basa. Baganna ébréh ieu di handap.

Bagan 3. 1 Wengkuhan Bahan Ajar Basa jeung Sastra



Bahan ajar anu diruntuykeun dina kurikulum téh sipatna mangrupa barang olaheun kénéh. Jumlahna ogé kaitung réa nepi ka perlu ditangtukeun dumasar kana sababaraha jihat, di antarana waé, hésé babarina, kasaluyuan jeung kamekaran umur murid, lega heureutna bahan, heula pandeurina bahan, jeung cara nepikeunana.

Bahan ajar kudu ditangtukeun dumasar kana hésé babarina lantaran can tangtu bahan nu geus aya bisa diulik kalawan babari. Bisa jadi bahan ajar nu aya téh hésé teuing keur murid. Ku kituna, samémeh ngajardeun bahan ajar luyu jeung runtusan kurikulum, guru kudu milih heula mana bahan anu babari diulikna ku murid jeung mana bahan anu hésé keur murid.

Bahan ajar kudu ditangtukeun dumasar kana kasaluyuan jeung umur murid. Murid di sakola ilaharna dipilah dumasar kana umur jeung tahap atikan. Aya murid TK/RA ti mimiti umur 4-6 taun, murid SD/MI ti mimiti umur 7-12 taun, murid SMP/MTs ti mimiti umur 13-15 taun, jeung murid SMA/SMK/MA/MAK ti mimiti umur 16-18 taun. Tangtu baé bahan ajar

keur tiap tahapan atikan bakal béda ambahan jeung runtuyanana najan bisa jadi jejer bahanna sarua.

Bahan ajar kudu ditangtukeun dumasar kana lega jeung heureutna bahan. Bahan ajar di kelas-kelas nu leuwih luhur tangtu leuwih lega ti batan bahan ajar di kelas-kelas nu leuwih handap. Jaba ti ditangtukeun ku lega heureutna bahan ajar, perlu ogé diperhatikeun jero déétna bahan. Ilaharna beuki lega bahan ajar beuki déét pedaranana. Sabalikna, beuki heureut bahan ajar beuki jero pedaranana.

Bahan ajar kudu ditangtukeun dumasar kana cara nepikeunana. Cara nepikeun bahan ajar raket patalina jeung métodeu katut téhnik pangajaran. Bahan ajar nu sarua lamun ditepikeun ku métodeu jeung téhnik anu béda bakal mangaruhan kana prosés jeung hasil diajarna.

3. Padika Milih Bahan Ajar

Bahan ajar téh umumna ditepikeun dina basa tulisan minangka bacaan. Bacaan dina bahan ajar kudu nyumponan sababaraha pasaratan, di antara waé: (1) Ngawengku rupining aspék kahirupan; (2) Ngadeudeul mata pelajaran séjén; (3) Mibanda gunggungan, lengkep, tur gumulung; (4) Bisa numuwuhkeun kandaga kecap murid; (5) Bisa numuwuhkeun kawani murid dina kedaling dirina; jeung (6) Sipatna ngatik (édukatif) jeung ngabudaya (kultural).

Basa dina bahan ajar kudu nyumponan sababaraha pasaratan, di antarana waé, (1) saluyu jeung basa murid, kalimah-kalimahna éfektif, (3) nyingkahan harti ganda (ambigu), (4) basajan atawa babari dicangkemna, (5) sopan, jeung (6) pikatajieun.

Bahan ajar perlu dipilih lantaran pangajaran anu saenyana moal bisa lumangsung kalwan nyuemakeun lamun bahan ajar jumlahna kawatesanan. Ku kituna, guru kudu bisa milih jeung milah bahan ajar, mana bahan ajar anu luyu jeung tujuan nu hayang dihontal mana bahan ajar anu teu luyu atawa kurang luyu (Burhan, 1971:151).

Aya sababaraha kritéria dina milih bahan ajar, di antarana waé: (1) kudu dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, (2) mibanda ajén-inajén pikeun kahirupan manusa, (3) mibanda ajén-inajén minangka warisan karuhun, (4) gedé gunana pikeun ngawasa salasahiji paélmuan (disiplin élmu), (5) kudu luyu jeung kabutuh katut minat murid (Nasution, 1982:190-191).

Mirip jeung pamadegan di luhur, Harjanto (2010:222-224) nétélakeun sababaraha kritéria dina milih bahan pangajaran, nyaéta: (1) dumasar kana tujuan instruksional; (2) Bahan pangajaran dijabarkeun; (3) Rélévan jeung kabutuh siswa; (4) Saluyu jeung kaayaan masarakat; (5) Bahan pangajaran ngandung ajén-ajén étika; (6) Bahan pangajaran disusun sistematis jeung logis; sarta (7) Bahan pangajaran sumberna tina buku nu baku, guru nu ahli, jeung masarakat.

Supriadi dina Ruhimat (2011:152) nétélakeun yén eusi bahan pangajaran téh bisa dibagi-bagi jadi genep rupa, nyaéta:

- a. Fakta nyaéta hiji hal nu geus kajadian atawa kaalaman/dipigawé, bisa mangrupa objék atawa kaayaan ngeunaan hiji hal.
- b. Konsép/tiori nyaéta hiji ide atawa gagasan, hiji beungkeutan atawa sistem nu ngajéntrékeun sababaraha fakta.
- c. Prinsip nyaéta hiji aturan/kaidah pikeun ngalakukeun hiji hal, atawa dasar bebeneran salaku titik tolak pikeun mikir.
- d. Prosés nyaéta sababaraha gerakan, parobahan, atawa hiji cara/prosedur pikeun ngalakukeun kagiatan sacara operasional.
- e. Ajén-inajén (nilai) nyaéta hiji pola, ukuran norma, atawa hiji tipe/modél. Ieu téh pakait jeung pangaweruh ngeunaan bebeneran nu sifatna umum.
- f. Kaparigelan nyaéta hiji kamampuh pikeun ngalakukeun hiji hal, boh dina hal fisik boh dina méntalna.

Kritéria milih bahan ajar anu ditepikeun di luhur sипатна masih umum kénéh. Tumali jeung milih bahan ajar basa, Burhan (1971:152) nétélakeun yén milih bahan ajar téh raket patalina jeung tilu hal, nyaéta

- (1) naon nu kudu diajarkeun, (2) sakumaha jumlah bahan ajarna, jeung
(3) naon dasar milihna.

Sanggeus dipilih, léngkah satuluyna nyaéta nangtukeun ambahan bahan ajar. Ambahan bahan ajar mangrupa sageblengna matéri ajar jeung pangalaman guru anu bakal ditepikeun ka murid dina hiji widang studi atawa jejer pedaran (Hamalik, 1981:115). Nangtukeun ambahan bahan ajar penting pikeun dipilampah lantaran bakal jadi tuturus keur guru sangkan bahan ajar nu geus dipilih tur diklarifikasi enya-enya bisa ditepikeun tur ditarima kalawan hadé ku murid. Guru diperedih sangkan parigel dina ngira-ngira jumlah bahan anu bakal diajarkeun dina alokasi waktu nu geus disayagikeun.

Lamun geus nangtukeun ambahan bahan ajar, léngkah satuluyna nyaéta nangtukeun runtusan bahan ajar. Nangtukeun runtusan bahan ajar perlu dipilampah lantaran mustahil bisa nepikeun bahan ajar sakaligus dina waktu anu heureut. Ku kituna, guru kudu ngararancang ti awal kénéh kumaha runtusan bahan ajar nu rék ditepikeun.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa diskusijeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/Pancén

Jawab atawa tétélakeun sakur pananya jeung paréntah ieu di handap!

1. Kumaha urgénsina pangajaran basa jeung sastra Sunda?
2. Kumaha patalina fungsi jeung tujuan pangajaran basa jeung sastra Sunda?
3. Kumaha padika ngajardeun basa jeung sastra Sunda di daerah Jawa Barat anu murid-muridna aya di lingkungan nu teu maké basa Sunda?
4. Sarat naon waé nu kudu dicumponan ku bahan ajar basa jeung sastra Sunda?
5. Kumaha carana milih bahan ajar basa jeung sastra Sunda? Aspék-aspék naon waé nu kudu aya dina wengkuhan bahan ajar?

F. Tingkesan

Bahan ajar dina hiji mata pelajaran atawa widang studi ditangtukeun dumasar kana kurikulum. Dina kurikulum diruntuykeun rupa-rupa bahan ajar nu kudu diajardeun ku guru ka murid. Ku lantaran réa bahan ajar nu kudu diajardeun, guru kudu parigel dina milih jeung milah bahan ajar.

Bahan ajar digunakeun ku guru jeung murid dina prosés pangajaran. Ari pangajaran basa jeung sastra Sunda téh mibanda urgénsi, kalungguhan, jeung fungsi nu tangtu. Leungitna pangajaran basa jeung sastra Sunda bakal jadi mamala lantaran bakal leungit salasahiji warisan sosial-budaya Sunda nu pohara pentingna.

Bahan ajar kudu ditangtukeun dumasar kana hésé babarina, kasaluyuan jeung kamekaran umur murid, lega heureutna bahan, heula pandeurina bahan, jeung cara nepikeunana. Sanggeus ditangtukeun, bahan ajar kudu dipilih dumasar kana (1) tujuan, (2) ajén-inajén pikeun kahirupan, (3) ajén-inajén warisan karhun, (4) salasahiji paélmuan, sarta (5) luyu jeung kabutuh katut minat murid.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar IV. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres bahan dina Kagiatan Diajar III, pangpangna bahan nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 4

NGOLAH BAHAN AJAR BASA JEUNG SASTRA SUNDA

A. Tujuan

Bahan ajar basa Sunda téh nyoko kana kaweruh basa jeung kaparigelan basa. Kaweruh basa ngawengku kaweruh kaédah basa (tatasora, tata wangun kecap, tata kalimah, wacana), ari kaparigelan basa ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar IV, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun, nyaéta

1. Tujuan nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda;
2. Prinsip-prinsip nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda;
3. Landasan nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda; sarta
4. Padika nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta nyusun raragabahan ajar basa Sunda saluyu jeung tahap kamampuh murid.

Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi opat, nyaéta:

1. ngajéntrékeun tujuan nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda;
2. ngajéntrékeun prinsip-prinsip nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda;
3. ngajéntrékeun landasan nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda; sarta
4. ngajéntrékeun padika nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Tujuan Nyusun Bahan Ajar

Sanggeus ditangtukeun tur dipilih, bahan ajar téh kudu disusun kalawan ngéntép seureuh (sisitimatis). Aya sababaraha alesan disusunna bahan

ajar, di antarana wae, (1) ayana bahan ajar nu saluyu jeung pameredih kurikulum, (2) saluyuna antara bahan ajar jeung kabutuh murid, jeung (3) tungtutan ngaréngsékeun masalah diajar atawa bangbaluh diajar.

Tujuan nyusun bahan ajar téh pikeun sababaraha kapentingan, nyaéta (1) nyayagikeun bahan ajar anu luyu jeung pameredih kurikulum jeung tinimbangan kabutuh murid atawa karakteristik sasaran; (2) mantuan murid dina nyungsi bahan ajar sajaba buku téks; jeung (3) ngagampangkeun guru dina ngalaksanakeun kagiatan pangajaran.

Aya sawatara mangpaat disusunna bahan ajar, di antarana waé:

- (1) Ayana bahan ajar anu saluyu jeung pameredih kurikulum katut kabutuh murid;
- (2) Guru moal gumantung teuing kana buku téks;
- (3) Bahan ajar jadi beunghar lantaran disusun dumasar kana rupa-rupa acuan;
- (4) Nambahán kabeungharan kaweruh jeung pangalaman guru dina nulis; sarta
- (5) Bakal bisa ngawangun komunikasi nu éfektif antara guru jeung murid lantaran guru leuwih dipercaya ku muridna.

2. Prinsip Nyusun Bahan Ajar Basa jeung Sastra Sunda

Nurutkeun Sudaryat (2004:32-35), aya dalapan prinsip dina nyusun bahan ajar basa Sunda, nyaéta prinsip (1) spiral, (2) miharti jeung miguna, (3) pakait, (4) tébatis, (5) komunikatif, (6) gumulung, (7) kaoténtikan, jeung (8) prinsip évaluatif.

a. Prinsip Spiral

Prinsip spiral dilaksanakeun ku cara nimbang-nimbang bahan dumasar kana hal-hal nu beuki undak, nyaéta: (a) ti nu deukeut ka nu jauh, (b) ti nu basajan ka nu ruwed, (c) ti nu heureut ka nu lega, (d) ti nu nembrak ka nu nyumput, (é) ti nu kauni ka nu nyamuni, (f) ti nu apal ka nu teu apal, (g) ti basa wewengkon kana basa lulugu, (h) ti régional ka nasional.

b. Prinsip Miharti jeung Miguna

Prinsip miharti museurkeunpanitén kana nyumponan dorongan pikeun murid sangkan daék tur bisa ngedalkeun pesen (pikiran, gagasan, rasa, informasi, jeung kahayang) ka nu lian, boh ku cara lisan boh ku cara tinulis. Bahan ajar kudu miharti (*meaningfullness*) pikeun mekarkeun poténsi jeung kaparigelan murid sarta luyu jeung pameredih didaktik métodik nu mutahir atawa modéren.

Bahan ajar kudu disusun dumasar kana prinsip miguna (*keberfungsian*). Bahan ajar kudu disusun kalawan (1) nérbongkeun métodeu jeung téhnik pangajaran nu dipilih; (2) méré luang ka murid pikeun ilubiung dina peristiwa makéna basa nu sajembar-jembarna; (3) méré informasi, prakték, latihan, jeung pangalaman maké basa luyu jeung kabutuh murid; (4) nuyen murid dina makéna basa, lain ngawasa kaweruh basa; (5) ngamangpaatkeun rupa-rupa ragam basa dina peristiwa makéna basa; (6) ditujulkeun pikeun mekarkeun kaparigelan makéna basa; jeung (7) ngadorong kamampuh mikir atawa nalar katut karancagéan murid.

c. Prinsip Pakait (kontéksstual)

Prinsip pakait (kontéksstual) nuduhkeun yén nyusun bahan ajar kudu (1) ditarékahaan maké maké média jeung sumber diajar nu bisa méré pangalaman langsung ka murid pikeun diajar basa (réséptif jeung produktif); (2) mangrupa fakta basa atawa peristiwa aktual anu bisa kapanggih ku murid atawa disayagikeun ku guru; (3) luyu jeung kabutuh maké basa murid, boh di jero kelas boh luareun kelas; (4) rinéka (variatif), boh wujudna lisan atawatinulis boh dina ragam (koran, majalah, radio, paguneman, rapat, jsté); (5) bisa ngababarikeun dina mekarkeun performansi komunikatif murid; jeung (6) mangrupa fakta basa anu dipidangkeun kalawan aya gunana atawa kapangih di sabudeureun murid di masarakat.

d. Prinsip Tématis

Prinsip tématis dilaksanakeun ku cara milih-milih bahan dumasar kana (a) téma, (b) bahan gembleng, (c) racikan rupining widang bahan, (d) sumaér (fléksibel), (é) kamampuh dasar, sarta (f) karep (minat) jeung kabutuh siswa. Ari nu disebut téma téh nyaéta dasar atawa amanat utama caritaan. Téma bisa dimekarkeun jadi subtéma atawa anak téma, anu engkéna dimekarkeun deui jadi topik. Topik diheureutkeun deui jadi judul wacana.

Dina *Kompetensi Inti* jeung *Kompeténsi Dasar* (KIKD) Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda 2013, téma dina pangajaran basa Sunda didadasaran ku téma nu aya dina Kurikulum Nasional. Éta téma-téma téh disebarkeun ka tiap kelas pikeun tatapakan dina mekarkeun bahan ajar. Sangkan leuwih jéntré, téma pangajaran téh bisa diilikan dina tabél ieu di handap.

Tabel 4. 1 Téma jeung Alokasi Waktu Kelas I—III

KELAS I		KELAS II		KELAS III	
TEMA	WAKTU	TEMA	WAKTU	TEMA	WAKTU
1. Diri sorangan	4 Minggu	1. Hirup rukun	4 Minggu	1. Mikanyaah sasatoan jeung tutuwuhan di sabudeureun	3 Minggu
2. Karesep	4 Minggu	2. Kaulinan di sabudeureun	4 Minggu	2. Pangalaman nu pikaresepeun	3 Minggu
3. Kagiatan	4 Minggu	3. Pancén sapopoé	4 Minggu	3. Mikawanooh cuaca jeung musim	3 Minggu
4. Kulawarga	4 Minggu	4. Kuring jeung sakola	4 Minggu	4. Sabobot sapihanéan sabata sarimbagan	3 Minggu
5. Pangalaman	4 Minggu	5. Hirup beresih jeung séhat	4 Minggu	5. Kaulinan jeung olahraga	3 Minggu
6. Lingkungan Beresih, séhat jeung asri	4 Minggu	6. Cai, bumi, jeung panonpoé	4 Minggu	6. Sosobatan	3 Minggu
7. Barang, sasatoan, jeung tutuwuhan di sabudeureun	4 Minggu	7. Miara sasatoan jeung tutuwuhan	4 Minggu	7. Hayu urang ngirit énérgi pikeun pikahareupeun	3 Minggu

8. Kajadian Alam	4 Minggu	8. Kasalametan di imah jeung di jalan	4 Minggu	8. Paripolah pinuji dina kahirupan sapopoé	3 Minggu
				9. Miaralingkungan	3 Minggu

Tabel 4. 2 Tema jeung Alokasi Waktu Kelas IV-VI

KELAS IV		KELAS V		KELAS VI	
TEMA	WAKTU	TEMA	WAKTU	TEMA	WAKTU
1. Sauyunan	3 Minggu	1. Mikawanoh barang-barang anu aya di sabudeureun	7Minggu	1. Nyalametkeun mahluk hirup	6Minggu
2. Ngirit énérgi	3 Minggu	2. Kajadian dina kahirupan	7Minggu	2. Hirup sauyunan	5Minggu
3. Mikacinta mahluk hirup	3 Minggu	3. Hirup Rukun	6Minggu	3. Tokoh jeung Penemu	6Minggu
4. Pacabakan	3 Minggu	4. Séhat téh penting kacida	7Minggu	4. Globalisasi	6Minggu
5. Ngahargaan Jasa Pahlawan	3 Minggu	5. Reueus jadi bangsa Indonésia	6Minggu	5. Wirausaha	7Minggu
6. Kaéndahan lemah cai	3 Minggu			6. Kaséhatan masarakat	8Minggu
7. Cita-cita	3 Minggu				
8. Padumukan	3Minggu				
9. Kadaharan nu séhat sarta ngandung gizi	3Minggu				

e. Prinsip Komunikatif

Prinsip komunikatif dilaksanakeun dumasar kana prinsip yén basa téh mangrupa pakakas komunikasi. Ari komunikasi téh dina enas-enasna mangrupa prosés panyatur nepikeun pesan (rasa, pikiran, jeung kahayang) ka pamarsa nepi ka jadi amanat ngaliwatan médium (basa atawa pepeta). Upama pesan ti panyatur teu nepi jadi amanat ka pamarsa disebut pasalia atawa salah paham (misunderstanding).

Prinsip komunikatif nuduhkeun yén nyusun bahan ajar kudu dumasar kana pangalaman diajar, nyaéta sagala hal anu matak nimbulkeun peristiwa diajar. Ieu téh mangrupa kagiatan maké basa, niténan, latihan, kaasup ngalamun. Milih pangalaman diajar kudu ngadeudeul kawanganuna péformansi komunikatif murid nu mumpuni.

f. Prinsip Gumulung

Prinsip gumulung (integratif) museur kana nyusun bahankudu nyumponan tilu ciri, nyaéta (1) kudu ngukuhan gunggungan bahan; (2) meredih murid pikeun migawé jeung ngulik bahan kalawan malapah gedang; jeung (3) sacara fungsional, antarbagian bahan ajar kudu pakait kalawan dalit tur harmonis nepi ka kawangun bahan ajar nu miharti kalawan optimal.

Prinsip gumulung (integratif) ngadumaniskeun rupining bahan (a) kaweruh basa (adegan basa, kandaga kecap), (b) kaparigelan basa (maca, nulis, nyarita, ngaregepkeun), sarta (c) kaparigelan sastra (kaweruh, aprésiasi, jeung éksprési).

Pangajaran kaparigelan basa miboga dua sipay, nyaéta: (1) kaparigelan tunggal, nu mangrupa ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis; (2) kaparigelan miganda, nu mangrupa campuran tina dua aspek atawa leuwih. Racikan atawa kombinasina bisa mangrupa (i) ngaregepkeun jeung nulis, (ii) ngaregepkeun jeung nyarita, (iii) maca jeung nulis, (iv) maca jeung nyarita, (v) nulis jeung maca, (vi) nulis jeung nyarita(keun), jeung (vii) nyarita jeung ngaragakeun.

Bahan ajar kaweruh basa jeung sastra diadumaniskeun atawa diintegrasikeun kana kagiatan aspek makéna basa. Boh bahan ajar basa boh sastra duanana jadi dasar dina kamahéran basa atawa aspek makéna basa. Ieu prinsip nyaratkeun yén bahan ajar kudu dipidangkeun kalawan sinambung tur pakait jeung pangalaman diajar maké basa kalawan gumulung.

g. Prinsip Kaoténtikan

Prinsip kaoténtikan nuduhkeun yén nyusun bahan ajar kudu(1) mangrupa matéri latihan maké basa; (2) réa méré luang jeung kasemptan ka murid pikeun mekarkeun kaparigelan maké basa; (3) museurkeun panitén kana fungsi komunikatif basa dina pangajaran; (4) eusina mangrupa pituduh, latihan, jeung pancén-pancén bari ngamangpaatkeun média citak/éléktronik saoptimal-optimalna; (5) dumasar kaba hasil analisis kabutuh maké basa murid; (6) ngandung

makéna unsur basa nu seléktif tur fungsional; sarta (7) ngadukung kawangunna péformansi komunkatif murid nu andal.

h. Prinsip Évaluatif

Prinsip évaluatif atawa peniléyan nuduhkeun yén nyusun bahan ajar kudu nyumponan sakurang-kurangna tilu sarat, nyaéta: ngagunakeun peniléyan nu bisa ngukur kalawan langsung kaparigelan maké basa murid sacara gembleng tur gumulung; ngadorong muridkalawan aktif pikeun latihanmaké basa lisan atawa tinulis, boh réséptif boh produktif; jeung miang tina tur ngahasilkeu wacana lisan atawa wacana tulis.

3. Landasan Nyusun Bahan Ajar Basa jeung Sastra Sunda

Dina nyusun bahan ajar tilu landasan utama nu kudu jadi tinimbangan, nyaéta (a) landasan paélmuan, (b) landasan pédagogik, jeung (c) landasan keterbacaan.

a. Landasan Paélmuan

Landasan paélmuan nuduhkeun yén bahan ajar kudu disusun luyu jeung élmuna. Landasan paélmuan bahan ajar basa nyaéta élmu basa (linguistik). Bahan ajar basa kudu luyu jeung mibanda ajén-inajén bebeneran élmu basa.

Tina jihat élmu basa, basa téh mibanda adegan jeung cara makéna. Adegan basa nyoko kana kaédah basa, nyaéta (1) tatasora (fonologi); (2) tatabasa (gramatika) anu ngawengku tatakecap (morfologi) jeung tatakalimah (sintaksis); (3) kandaga kecap (léksikon). Adegan basa dipatalikeun kana harti (semantik) jeung kontéks situasi di dunya luar basa ku élmu nu disebut pragmatik.

Ari makéna basa nyoko kana opat kaparigelan basa, nyaéta nyarita, ngaregepkeun, maca, jeung nulis. Disawang tina médiumna, kaparigelan nyarita jeung ngaregepkeun kaasup kana kaparigelan basa lisan; kaparigelan maca jeung nulis kaasup kana kaparigelan basa tulis. Disawang tina prosés komunikasina, kaparigelan nyarita jeung nulis kaasup kana kaparigelan basa produktif (kréatif), ari

kaparigelan ngaregepkeun jeung maca kaasup kana kaparigean basa réséptif.

Pangajaran basa jeung sastra Sunda miang tina tangtungan yén basa Sunda jadi pakakas komunikasi pikeun warga masarakatna. Komunikasi basa diwujudkeun ngaliwatan kagiatan maké basa lisan (ngaregepkeun--nyarita) jeung kagiatan maké basa tulis (macanulis). Ku kituna, pangajaran basa Sunda ditujulkeun pikeun ningkatkeun kaparigelan maké basa jeung pangalaman sastra sastra Sunda, kamampuh mikir jeung nalar, sarta kamampuh ngajembaran wawasan ngeunaan budaya Sunda, tur diarahkeun pikeun nyeukeutan rasa murid. Jaba ti éta, dipiharep murid lain ngan ukur parigel maké basa Sunda, pinter nalar, tapi sangkan peka jeung papada jalma, tur ngajénan kasang tukang kahirupan anu bédá. Murid henteu ngan nyangkem informasi anu nembrak tur sinurat, tapi anu nyamuni. Murid henteu cukup ku ngarti, tapi bari jeung surti deuih (Sudaryat, 2008).

Sangkan murid mampu ngayakeun komunikasi, pangajaran basa Sunda ditujulkeun kanakagiatan pikeun mekelan murid parigel maké basa Sunda, boh maké basa lisan boh maké basa tulis. Murid dilatih leuwih réa maké basa ti batan kaweruh basa. Ari pangajaran sastra Sunda ditujulkeun sangkan murid meunang pangalaman aprésiasi jeung éksprési sastra, lain kaweruh sastra. Dina karya sastra kakandung pangalaman manusa, anu ngawengku pangalaman indrawi, rasa, hayal, jeung renungan, anu gumulung (terpadu) dina pangajaran basa, nu sacara gumulung diwujudkeun dina ngagunakeun basa, boh lisan boh tinulis. Ngaliwatan karya sastra murid diajak pikeun nyangkem, ngararasakeun, jeung neuleuman karya sastra. Ari kaweruh ngeunaan sastra dipaké pikeun ngadeudeul kagiatan aprésiasi karya sastra. Ku kituna, fungsi utama sastra ngalemesan budi, ningkatkeun kaseukeut, rasa kamanusiaan, jeung ngamasarakat, numuwuhkeun aprésiasi budaya, sarta

ngamalirkeun gagasan jeung imajinasi kalawan rancagé (kréatif) bisa kahontal tur kasalurkeun.

Makéna basa Sunda anu nyata dipangaruhan ku rupa-rupa kontéks, di antarana waé, saha panyatur jeung pamiarsa, dina situasi kumaha, di mana tempatna, iraha waktuna, maké média naon, jeung naon eusi omonganana. Pikeun éta kaperluan, dina pangajaran basa bisa digunakeun rupa-rupa pamarekan kayaning pamarekan komunikatif, pamarekan kontékstual, pamarekan humanistik, jeung pamarekan saintifik, anu binarung ku rupa-rupa média jeung sumber diajar.

Murid téh kudu jadi pamilon aktif dina diajar. Patalina jeung pangajaran basa jeung sastra Sunda, murid kudu dibéré luang saréa-réana jeung sajembar-jembarna pikeun meunang pangalaman maké basa jeung sastra Sunda, boh ngaliwatan kagiatan réséptif (ngaregepkeun jeung maca) boh kagiatan produktif (nyarita jeung nulis). Palebah dieu, perlu jadi bahan tinimbangan nyelapkeun makéna aspék-aspék basa saperti foném, kecap, kalimah, jeung alinéa.

b. Landasan Pédagogik

Milih bahan jeung nangtukeun leganan katut runtuyan bahan ajar kudu dumasar kana tinimbangan kamekaran diri murid. Ieu hal téh perlu dipilampah lantaran kamekaran murid dina tiap jenjang atikan béda-béda. Atuh dina nepikeun bahan ajar ogé kudu dipilih métodeu jeung téhnik anu cocog kana bahan ajar katut kaayaan murid.

Piaget(1997) ngagambarkeun kamekaran kognitif murid SD, SMP, jeung SMA téh kieu. Kamekaran kognitif budak SD (6-12 tahun) aya dina tahap *concrete operation*. Ambahan mikiran kawatesanan kana ngungkulán masalah anu nyata. Budak SD can bisa ngungkulán masalah vérbal anu kompléks tur pikahareupeun. Kelas awal museur kana ningkatkeun kasadaran fonologis, ari kelas ahir museur kana kamampuhmikir hipotésis anu sederhana bisa dimimiti dimekarkeun.

Ku kituna, bahan ajar kudu ngandung masalah konkrit. Ilustrasi, ukuran aksara, jsté. kuduécés.

Kamekaran kognitif budak SMP-SMA (12-15 jeung 15-17 taun) kagolong kana mangsa *adolence* dina tahap *formal operation*. Budak SMP-SMA mimiti mekarkeun kamampuh ngungkulon masalah ngaliwatan operasi logis. Kamampuh budak dina ngaorganisasikeun data, nyusun alesan ilmiah, jeung ngarumuskeun hipotésis. Budak geus bisa mikir dina ambahan nu leuwih jauh ti batan kanyataan nembrak (konkrit). Budak geus bisa mikir ngeunaan patalina hayalan nu abstrak jeung nyusun wawaran vérbal katut dalil-dalil.

Patali jeung kamekaran kacerdasan murid, Gardner (1983) ngajéntrékeun anéka intelegrénsi (*multiple intelligences*) anu ngawengku tujuh kacerdasan, nyaéta:

- a. Linguistik (kamampuh basa nu fungsional);
- b. Logis-matematis (kamampuh nalar);
- c. Musikal (kamampuh nangkep jeung kedaling nada katut wirahma);
- d. Spasial (kamampuh ngawangun imaji méntal ngeunaan réalitas tata rohang);
- e. Kinésik ragawi (kamampuh pikeun ngahasilkeun gerakan motorik);
- f. Intrapribadi (kamampuh mikawanoh diri pribadi jeung mekarkeun rasa jati diri);
- g. Antarprabadi (kamampuh nyangkem ayana jalma lian).

c. Landasan Keterbacaan

Bahan ajar kudu mibanda tahap keterbacaan (readiness). Bahan bacaan anu babari dicangkem ku murid mibanda tahap keterbacaan nu luhur, sabalikna bahan ajar nu hésé dicangkem ku murid mibanda tahap keterbacaan handap.

Landasan keterbacaan nyoko kana keterbacaan matéri jeung keterbacaan basa. Keterbacaan matéri raket patalina jeung hésé babarina bahan ajar pikeun dibaca jeung dicangkem ku murid. Ku kituna, bahan ajar kudu diolah tur disusun kalawan ngéntép seureuh sangkan murid babarieun pikeun maca jeung nyangkem eusina.

Keterbacaan basa raket patalina jeung hésé babarina murid dina nyangkem basa nu digunakeun dina bacaan. Sangkan gampang dicangkemna, kalimah dina bacaan kudu écés jejer, caritaan, jeung udaganana sarta henteu paranjang teuing. Palebah dieu, bahan ajar nu keur diulik bisa némbongkeun dua hal, nyaéta:

- (a) Panjangna jeung runtusan kecapna, frasa, kalimah, katut wacana henteu matak ngahésékeun murid; sarta
- (b) Ma'na kecap, frasa, kalimah, jeung wacana nu dikandungna kudu bisa dibédakeun mana ma'na anu hésé mana ma'na anu babari.

4. Padika Nyusun Bahan Ajar Basa jeung Sastra Sunda

Dina nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda aya padika atawa cara-cara nu tangtu. Éta padika téh patali jeung léngkah-léngkah nu kudu dituturkeun ku guru dina nyusun bahan ajar. Léngkah-léngkah dina nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda, nyaéta:

- (1) baca kurikulum Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda (bisa SKKD bisa KIKD);
- (2) titénan tur catat SK atawa KI sarta KD anu luyu jeung kelas;
- (3) pasing-pasing bahan ajar tina KD kana jumlah lawungan (pertemuan);
- (4) catet kecap pagawéan nu patali jeung KD, tuluy susun indikator;
- (5) runtuykeun indikator pikeun nangtukeun kagiatan diajar;
- (6) kaitkeun kecap pagawéan tina KD kana wanda wacana jeung aspék makéna basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis);
- (7) tangtukeun kagiatan nu patali jeung bahan ajar;
- (8) susun tur mekarkeun bahan ajar dumasar kana:
 - (a) aspék maca atawa ngaregepkeun;

- (b) pananya;
- (c) babaran kecap;
- (d) pedaran basa atawa sastra; jeung
- (e) aspek nyarita jeung aspek nulis.

Runtutan bahan ajar basa dipatalikeun jeung kgiatan pangajaran wacana pedaran (bahasan) dumasar kana Pamarekan Saintifik ébréh dina pidangan ieu di handap.

1. Niténan, anu ngawengku:
 - a) Maca téks (wacana) pedaran
 - b) Babaran kecap
2. Tumanya, anu ngawengku:
 - a) Tanya jawab
 - b) Sawala (diskusi)
3. Nalar, anu ngawengku:
 - a) Niténan deui bacaan
 - b) Ngarumuskeun eusi bacaan
4. Kedaling (Ngomunikasikeun):
 - a) Nyarita
 - (1) Nyaritakeun deui eusi bacaan
 - (2) Ngaregepkeun nu cacularita
 - (3) Méré tanggapan kana caritaan
 - b) Nulis
 - (1) Nyusun rangkay karangan
 - (2) Mekarkeun rangkay karangan jadi alinéa
 - (3) Ngaruntuykeun alinéa jadi karangan lengkep

D. Kgiatan Diajar

Kgiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtulan kgiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kgiatan diajar.



4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung
5. raguman bahan ajar.
6. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjenna.

E. Latihan/Pancén

Jawab atawa tétélakeun sakur pananya jeung paréntah ieu di handap!

1. Bahan ajar basa kudu niténan kaédah basa anu bener tur makéna anu merenah. Landasan naon nu kudu dipaké lamun rék nyusun bahan ajar basa samodél kitu? Naon sababna?
2. Kumaha lamun prinsip spiral dipakaitkeun kana landasan pedagogik?
3. Tétélakeun perkara keterbacaan matéri jeung keterbacaan basa dina bahan ajar basa jeung sastra Sunda?
4. Kumaha larapna prinsip gumulung (integratif) dina pangajaran basa jeung sastra Sunda? Pék contoan!
5. Naon maksudna kamampuh kognitif murid SMP/SMA kagolong kana mangsa *adolescence* dina tahap *formal operation*?

F. Tingkesan

Tujuan nyusun bahan ajar pikeun nyadiakeun matéri ajar, mantuan murid nyungsi bahan ajar, jeung mantuan guru dina prosés ngajar. Dina nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda aya dalapan prinsip nu perlu dititénan, nyaéta (1) spiral, (2) prinsip miharti jeung miguna, (3) prinsip pakait, (4) prinsip tématis, (5) prinsip komunikatif, (6) prinsip gumulung, (7) prinsip kaoténtikan, jeung (8) prinsip évaluatif.

Sangkan bahan ajar bisa gedé mangpaatna dina prosés pangajaran, bahan ajar basa jeung sastra Sunda kudu disusun dumasar kana tilu landasan, nyaéta (a) landasan paélmuan, (b) landasan pédagogik, jeung (c) landasan keterbacaan.

Dina nyusun bahan ajar basa jeung sastra Sunda aya sawatara padika nu perlu diengetan, di antarana waé, (1) baca kurikulum, (2) catet SK (KI) jeung KD, (3) pasing-pasing bahan luyu jeung lawungan, (4) susun indikator tur patalikeun kana warna jeung wangun wacana, (5) tangtukeun runtusan kegiatan, dan (6) nyusun tur mekarkeun bahan ajar.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar V. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék deres deui bahan dina Kagiatan Diajar IV, pangpangna bahan nu can dicangkem.

KOMPETENSI PROFESIONAL :

**ADEGAN KECAP JEUNG APRESIASI
WAWACAN**



PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2016

58

KAGIATAN DIAJAR 5

ADEGAN KECAP ASAL

A. Tujuan

Komunikasi basa téh lumangsung ku ayana panyatur jeung pamiarsa anu maké médium nu mangrupa runtulan kecap-kecap dina kalimah. Kecap jadi unsur pangwangun kalimah anu geus mibanda harti, ari kalimah jadi unsur basa anu mawa gagasan nu lengkep. Kecap-kecap nu dipaké pikeun ngawangun kalimah aya kecap asal aya kecap rundayan. Dina enas-enasna kecap asal atawa kecap salancar jadi dasar pikeun ngawangun kecap jembar atawa kecap rékaan. Kecap asal mibanda adegan nu tangtu nu diwangun ku réndonan swara (vokal) jeung wianjana (konsonan). Sanggeus réngsé ngulik kagiatan diajar V, Sadérék dipiharep meunang kamampuh pikeun:

1. ngajéntrékeun wangenan kecap asal;
2. nyebutan ciri-ciri kecap asal;
3. ngajéntrékeun wangun kecap asal;
4. ngabédakeun pola-pola kecap asal; jeung
5. ngadaptarkeun kecap asal tina bacaan.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta nangtukeun adegan kecap asal basa Sunda.

Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi lima, nyaéta:

1. ngajéntrékeun wangenan kecap jeung kecap asal;
2. nyebutan ciri-ciri kecap asal;
3. ngajéntrékeun watek kecap asal;
4. ngabédakeun pola-pola kecap asal; jeung
5. ngadaptarkeun kecap asal tina bacaan.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan Kecap

Kecap mangrupa bagian kalimah pangleutikna anu sipatna bébas sarta ngandung harti anu tangtu. Tina éta wangenan bisa disebutkeun tilu ciri kecap dina basa Sunda.

- a. Kecap mangrupa bagian kalimah anu pangleutikna.
- b. Kecap mibanda sipat bébas dina leunjeuran kalimah, nya éta:
 - (1) bisa madeg mandiri dina kalimah,
 - (2) bisa dipisahkeun cicingna, jeung
 - (3) bisa dipatukeurkeun tempatna.
 - (4) Kecap miboga harti nu tangtu, boh harti léksikal boh harti gramatikal. Contona baé, unsur *kuring, meuli, baju, kamari, ti*, jeung *pasar* dina kalimah: *Kuring meuli baju kamari ti pasar*.


- (01) masing-masing bisa disebut kecap lantaran mangrupa bagian pangleutikna dina éta kalimah.

Lamun kecap disebut bagian kalimah pangleutikna, tangtu aya bagian kalimah lianna. Bagian kalimah lianna ilaharna mangrupa gundukan kecap anu disebut frasa jeung klausa. Contona, dina kalimah (03) wangunan *ti pasar* mangrupa frasa, ari wangunan *kuring meuli baju kamari ti pasar* tanpa dibarengan ku lentong (intonasi) disebutna klausa.

Minangka bagian kalimah pangleutikna nu sipatna bébas, kecap bisa madeg mandiri lantaran bisa dikedalkeun sorangan tanpa dibarengan unsur lian. Kecap ogé bisa dipisahkeun cicingna atawa bisa disela ku unsur lian. Upama baé, antara kecap *kuring* jeung *meuli* bisa disela ku kecap *tas* saperti ébréh dina kalimah di handap.

- (02) Kuring (*tas*) meuli baju kamari ti pasar.

Jaba ti éta, kecap ogé bisa dipatukeurkeun tempatna dina leunjeuran kalimah. Contona, kecap *kamari* dina kalimah di handap.



- (03) a. Kuring meuli baju *kamari* ti pasar.
 b. *Kamari* kuring meuli baju ti pasar.
 c. Kuring *kamari* meuli baju ti pasar.
 d. Kuring meuli baju ti pasar *kamari*.

Tina conto (03)a-d jelas yén kecap téh cicingna bisa dipatukeurkeun, tangtu baé dumasar kaédah nu tangtu. Upamana baé, antara caritaan *meuli* jeung udagan *baju* teu bisa diseselan ku kecap lian. Ku kituna, kalimah (04) di handap ieu teu bisa ditarima nurutkeun kaédah tata basa (*ungrammatical*).

- (04) * Kuring meuli *kamari* baju ti pasar.

Kecap-kecap anu aya dina leunjeuran kalimah miboga harti nu tangtu, boh harti léksikal boh harti gramatikal. Harti léksikal nyaéta harti nu langsung nuduhkeun konsép nu tangtu tina hiji obyék, ilaharna sok didaptar dina kamus. Ari harti gramatikal nyaéta harti anu muncul balukar tepungna unsur-unsur katatabasaan. Kecap *kuring*, *meuli*, *baju*, *kamari*, jeung *pasar*, masing-masing boga harti léksikal. Ari kecap *ti* teu boga harti léksikal, tapi harti gramatikal lantaran muncul sabada tepung jeung kecap *pasar*.

2. Kecap Asal dina Wangun Kecap

Minangka bagian kalimah pangleutikna, kecap miboga wangun atawa adegan nu tangtu. Ari wangun atawa adegan kecap téh mangrupa wujud kecap disawang tina morfém anu jadi unsur pangwangan. Kecap anu diwangun ku hiji morfém bébas disebut kecap salancar, ari anu diwangun ku dua morfém atawa leuwih disebut kecap rékaan atawa kecap jembar. Kecap rékaan dina basa Sunda ilaharna sok diwincik jadi kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan, jeung kecap wancahan. Prosés ngawangun kecap atawa tata wangun kecap disebutna prosés morfémis atawa morfologis (Sudaryat, Spk., 2013). Wangun kecap téh gurat badagna bisa dibagankeun kieu.

Bagan 5. 1 Wangun Kecap

3. Ciri-ciri Kecap Asal

Kecap diwangun ku unsur-unsur anu disebut morfém, aya nu hiji morfém aya nu leuwih. Kecap nu diwangun ku hiji morfém disebut kecap salancar, ari anu diwangun ku dua morfém atawa leuwih disebut kecap rékaan. Kecap bisa sarua jeung morfém bisa henteu. Henteu kabéh morfém mangrupa kecap. Ari sababna, anu disebut kecap mah ngan morfém bébas wungkul, nyaéta morfém anu bisa madeg mandiri dina omongan atawa kalimah. Cindekna, kecap téh sarua jeung morfém bébas atawa unggal morfém bébas mangrupa kecap.

Tina keterangan di luhur bisa disebutkeun yén kecap asal atawa kecap salancar téh nyaéta kecap anu diwangun ku hiji morfém bébas, anu can diréka atawa dijembaran, boh dirarangkénan jeung dirajék boh dikantétkeun. Ari nu dimaksud ku morfémna sorangan nyaéta wangun basa pangleutikna nu ngandung harti. Contona ieu di handap.

- (05) budak
 - bageur
 - indit
 - ka
 - pasar

Kecap-kecap saperti *budak*, *bageur*, *indit*, *ka*, jeung *pasar*, masing-masing mangrupa kecap asal lantaran diwangun ku morfém bébas anu can diréka atawa dijembaran, boh dirarangkénan atawa dirajék boh dikantétkeun jeung morfém séjén.

Wangun kecap naon baé, kaasup kecap asal, boga ciri nu tangtu. Aya sawatara ciri kecap asal, di antarana waé:

- a. Kecap asal diwangun ku hiji morfém bébas;
- b. Kecap asal sipaytina basajan atawa tunggal (salancar);
- c. Kecap asal masih kénéh tulién atawa can diréka atawa dijembaran;
- d. Kecap asal umumna jadi dasar pikeun ngawangun kecap jembar; jeung
- e. Kecap asal sipaytina bébas tur bisa madeg mandiri dina kalimah.

4. Watek Kecap Asal

Kecap asal atawa kecap salancar mibanda watek nu tangtu. Dumasar kana jumlah engang anu jadi pangwangan, dina basa Sunda kapanggih aya rupa-rupa wangun kecap asal saperti ieu di handap.

(a) Kecap Asal Ékaengang

Kecap asal ékengang mangrupa kecap salancar anu diwangun ku saengang atawa hiji engang. Contona, kecap *ah*, *dug*, *jung*, *jig*, jeung *jrut* masing-masing mangrupa kecap asal atawa kecap salancar.

(b) Kecap Asal Dwiengang

Kecap asal dwiengang mangrupa kecap asal anu diwangun ku dua engang. Contona, kecap *kuring*, *diuk*, *dina*, jeung *korsi*, masing-masing mangrupa kecap asal nu diwangun ku dua engang saperti ébréh rucatanana ieu di handap.

	<i>ku</i>	<i>ring</i>
Engang	1	2
	<i>di</i>	<i>uk</i>
Engang	1	2
	<i>di</i>	<i>na</i>
Engang	1	2
	<i>kor</i>	<i>si</i>
Engang	1	2

(c) Kecap Asal Triengang

Kecap asal triengang mangrupa kecap asal anu diwangun ku tilu engang. Contona: awéwé, ololahok, jeung teureugeus, masing-masing mangrupa kecap asal nu diwangun ku tilu engang saperti ébréh rucatanana ieu di handap.

	a	wé	wé
Engang	1	2	3
	o	lo	hok
Engang	1	2	3
	teu	reu	geus
Engang	1	2	3

(d) Kecap Asal Caturengang

Kecap asal caturengang mangrupa kecap asal anu diwangun ku opat engang. Contona: barakatakeung balakutak, kaasup kecap asal anu diwangun ku tilu engang saperti ébréh rucatanana ieu di handap.

	ba	ra	ka	tak
Engang	1	2	3	4
	ba	la	ku	tak
Engang	1	2	3	4

(e) Kecap Asal Pancaengang

Kecap asal pancaengang mangrupa kecap asal anu diwangun ku lima engang. Contona: bolokotondo, kaasup kecap asal pancaengan lantaran diwangun ku lima engang, saperti ébréh ieu di handap.

	bo	lo	ko	ton	do
Engang	1	2	3	4	5

5. Adegan Kecap Asal

Adegan kecap asal mangrupa wawungan kecap asal disawang tina adegan engangna. Ari adegan engang téh nyoko kana wawung engang disawang tina susunan fonem anu jadi pangwawungan. Adegan engang

mangrupa vokal, atawa pabaurna vokal jeung konsonan dina ngawangun engang (silaba). Jadi, adegan engang téh raket patalina jeung pola katut wanguan engang (Sudaryat Spk., 2013).

Wanguan engang nyaéta susunan vokal atawa pabaurna vokal jeung konsonan dina hiji engang. Aya dua gundukan pola engang dina kecap asal basa Sunda, nyaéta (1) pola engang sampakan jeung (2) pola engang serepan.

a) Pola Engang Sampakan

Pola engang sampakan nyaéta pola engang anu dianggap tulén atawa asli dina basa Sunda. Aya genep pola engang sampakan dina basa Sunda saperti dipidangkeun ieu di handap.

- (1) V : *a-ya, i-mah, u-bar, é-céng, o-go, e-ma, eu-ceu*
- (2) VK : *an-cin, ing-kig, un-cal, en-tog, jste.*
- (3) KV : *kon-ci, ca-i, ba-pa, na-on, re-a, jste.*
- (4) KVK : *buk-ti, tun-duh, kon-ci, en-tog, jste.*
- (5) KKV : *bru-bro, ge-bro, ti-bra, nyong-clo, jste.*
- (6) KKVK : *ra-cleng, nga-jleng, gu-brag, jsté.*

b) Pola Engang Serepan

Pola engang serepan nyaéta pola engang anu dianggap serepan atawa pangaruh tina basa kosata 9asing). Aya genep pola engang serepan basa Sunda anu asalna tina basa kosta, saperti dipidangkeun ieu di handap.

- (1) VKK : ons, éks
- (2) KVKK : téks, kon-téks
- (3) KKVKK : kom- pléks
- (4) KKKV : stra-té-gi, stra-ta
- (5) KKKVK : struk-tur, in-struk-si
- (6) KVKKK : korps

Pancén 1

Baca téks ieu di handap!


PARAPATAN PAPANGGUNGAN DI BANDUNG (Sinom)

Bray lampu beureum setopan
reg eureun nu balawiri
parapatan sakedapan
salin jadi panggung seni
rupaning lagu kawih
lagu dangdut jeung malayu
hiburan saliwatan
keur nu ginding dina mobil
susuganan aya nu welas masihan

Rumaja keur sesedengna
rikat nyalampeurkeun mobil
genjréng-genjréng nabeuh gitar
laguna duka teuing
sorana peuyeuh teu surup
lagu teusingna tamat
kapegat ku nampa duit
deudeuh ujang lumayan nampa récéhan

Ronghéap budak satepak
warugana rarang daging
tutup botol ditiiran
disadakeun kicrik-kicrik
mareangan sora sedih
budak sapantaran kitu
mun ninggang di nu aya mah
keur sumedeng resep ulin
deudeuh nyai ngamén mantuan kolotna

Panggung ngan sajorélatan
da lampu geus héjo deui



nu nyésa lagu harepan
 jeung kawih sedih prihatin
 nungguan beureum deui
 nu jajaluk ngeluk tungkul
 nu ngamén ngumbar lamunan
 bari nganti welas asih
 lewang rémpan nungguan sugar jeung sugar

Sépt. 2003

Dicatat tina *Mangle* No. 1923

Sanggeus maca guguritan di luhur, ayeuna pancéenna kieu:

1. Catet sakabéh kecap asal tina guguritan di luhur!
2. Rumuskeun adegan engang tina éta kecap asal!
3. Pasing-pasing pangwangun kecapna!

Pancén 2:

Pikeun ngajeroan panyangkem Sadérék kana bahan nu geus dipedar di luhur, pék ayeuna pigawé latihan ieu di handap.

Baca téks ieu di handap!

NÉNG YAYA GERING TIPES

“Ya, Yaya! Ieu sing éling!”

“Muji! Babacaan sing émut!”

Ceuli nu gering hantem ditiupan. Panonna dibeunta-beuntakeun. Sukuna duanana dicekelan, bari dicoco indung sukuna.

“Astagfirullah al adim! Astagfirullah al adim! Astagfirullah al adim!”

Bi Imi ngecewis babacaan bari rada ditompokeun kana ceuli nu gering; nu gering ngabeléng baé. Mang Endang salaki Bi Imi, ngajengjen baé! Barang Bi Imi ngarérét ka salakina, Mang Endang kalah tungkul muru ka panto. Pokna ngomong lalaunan: “Sukirta, susulan Mama Asmawi! Buru-buru sina ka dieu!”

“Ya, sing éling! Babacaan geulis, babacaan!”, buuk nu gering

dililagkeun, tarangna nu renung ku késang disusut ku saputangan, “Ya, geulis! Ieu Ema”, omong Bi Imi semu lewa-lewé, “Astagfirullah al adim! Astagfirullah al adim! Astagfirullah al adim! Kun kuliyah asyhadu alla ilaha illallah, wa asyhadu anna Muhammadar rosulullah. Ya narakuni, bardan wassalaman alaya kama bardan wasalaman ala Ibrahim!”

Emana, bapana, lanceuk-lanceukna, tatangga-tatanggana jeung sakur nu araya di dinya iwal ti budak, barabacaan, pating kucuwes, pating kecewis sabisa-bisa.

Di luareun panto kamer, mimiti kadéngé aya nu tingalingsreuk! Haseup menyan mimiti ngebekan imah! Ngeplek, ambeuna nyaliara matak eungap ngambekan.

Peuting harita taya saurang anu saré, lian ti barudak leutik. Kabéh nyararing bari barabacaan. Aya nu ngaji Yasin meunang sababaraha balik, aya nu maca Fathihah, Al Ihlas, jeung Falak-Binnas mangpuluhan-puluhan balik. Malah Uana mah maké ngecewis mapatkeun jangjawakan sagala! Teuing parancah kétah, da teu pati sidik, ngan basa Arab pagalo jeung basa Jawa direumbeuy ku basa Sunda buhun!

(Dicutat tina Carpon “Néng Yaya Gering Tipes”

Karya Karna Yudibrata)

Sanggeus maca téks di luhur, pék pigawé pancén ieu di handap!

- 1) Catet sakabéh kecap asal tina éta téks!
- 2) Pasing-pasing éta kecap asal téh luyu jeung watékna!
- 3) Rumuskeun pola engang tina éta kecap asal téh!
- 4) Tangtukeun mana kecap asal tulén jeung kecap asal serepan!
- 5) Sebutan kecap asal nu teu bisa dijadikeun dasar ngawangun kecap rékaan!

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator hontalan diajar.
2. Baca pedaran bahan nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung
5. raguman bahan ajar.
6. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra
7. séjénna.

E. Latihan

Jawab atawa tétélakeun sakur pananya jeung paréntah ieu di handap!

1. Naon anu dimaksud ku kecap asal. Sebutkeun pola-polana!
2. Naon sasaruuan jeung bédana antara kecap asal jeung morfém dasar?
3. Kumaha watekna kecap asal téh?
4. Naon bédana adegan kecap asal *fraksi* jeung *gubrag*?
5. Naon sasaruuan jeung bédana istilah *kecap asal* jeung *kecap salancar*?

F. Tingkesan

Kecap mangrupa bagian kalimah pangleutikna anu sipatna bébas sarta ngandung harti anu tangtu. Minangka bagian kalimah pangleutikna, kecap miboga wangun atawa adegan nu tangtu. Ari wangun atawa adegan kecap téh mangrupa wujud kecap disawang tina morfém anu jadi unsur pangwangunna. Kecap anu diwangun ku hiji morfém bébas disebut *kecap salancar*, ari anu diwangun ku dua morfém atawa leuwih disebut *kecap rékaan* atawa *kecap jembar*.

Kecap asal atawa kecap salancar mibanda watek nu tangtu. Aya lima watek kecap asal, nyaéta kecap asal ékaengang, kecap asal dwiengang, kecap

asal triengang, kecap asap caturengang, jeung kecap asal pancaengang. Adegan kecap asal ilaharna disawang tina adegan engangna. Aya 12 pola engang dina kecap, 6 pola engang sampakan jeung 6 pola engang serepan.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkemmatéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana kagiatan diajar 6. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres bahan dina kagiatan diajar 5, pangpangna bahan nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 6

KECAP RUNDAYAN

A. Tujuan

Salasahiji wangun kecap anu gedé gunana dina ngawangun kalimah sarta mangaruhan harti kalimah nyaéta kecap rundayan. Kecap rundayan nyoko kana kecap anu diwangun ku ngawuwuhkeun rarangkén kana wangun dasarna. Basa Sunda kaasup basa anu beunghar ku rarankén. Ku kituna, basa Sunda digolongkeun kana tipeu basa aglutinatif.

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar VI, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun mikaweruh jeung nyangkem opat hal, nyaéta:

1. wangenan kecap rundayan;
2. rupa-rupa rarangkén minangka pangwangun kecap rundayan;
3. fungsi jeung ma'na rarangkén dina prosés ngawangun kecap; jeung
4. nganalisis rarangkén tina wacana.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta ngaidentifikasi rarangkén basa Sunda. Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi opat, nyaéta:

1. ngajéntrékeun wangenan kecap rundayan;
2. ngajéntrékeun rupa-rupa rarangkén minangka pangwangun kecap rundayan;
3. ngajéntrékeun fungsi jeung ma'na rarangkén dina prosés ngawangun kecap;
4. nganalisis rarangkén tina wacana.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan Kecap Rundayan

Kecap rundayan nyaéta kecap anu diwangun ku cara ngawuwuhkeun rarangkén (afiks) kana wangun dasarna. Prosés ngawangun kecap

rundayan disebut *ngararangkénan* (*afiksasi*). Cara nuliskeun rarangkén téh dihijkeun kana kecap anu diwuuhana. Dumasar kana wanda rarangkénnna, kecap rundayan bisa diwangun ku lima cara, nyaéta (1) ngararangkénan hareup (*préfixation*), (2) ngararangkénan tengah (*infixation*), (3) ngararangkenan tukang (*suffixation*), (4) ngararangkénan barung (*konfixation*), jeung (5) ngararangkénan bareng (*ambifixation*).

Contona:

baca + di-	→ <i>dibaca</i>
tulis + -in-	→ <i>tinulis</i>
karang + -an	→ <i>karangan</i>
datar + pa--an	→ <i>padataran</i>
ala + di++ pang++ N++-ar++-an + keun	→ <i>dipangaralaankeun</i>

2. Rarangkén minangka Pangwangun Kecap Rundayan

Rarangkénatawa afiks nyaéta morfém kauger anu sok diwuuhkeun tur napel kana wangun dasar bari miboga harti gramatikal. Contona, di- dina kecap dibaju. Disawang tina cara jeung tempat napelna, aya lima rupa rarangkén, nyaéta

- (a) Rarangkén hareup (awalan, préfix), anu napel di hareupeun dasar saperti:
ba-, di-, ka-, ti-, N-, pa-, pang-, per-, pi-, sa-, sang-, si-, ti-, ting-.
- (b) Rarangkén tengah (seselan, infiks), anu diseselkeun di tengah dasar saperti
-ar-, -al-, -um-, -in-.
- (c) Rarangkén tukang (ahiran, sufiks), anu napel di tukangeun dasar saperti: *-an. -eun, -keun, -na, -ing/-ning.*
- (d) Rarangkén barung (barungan, konfiks), nu mangrupa rarangkén tunggal minangka barungan tina dua rarangkén, biasana napel di hareup jeung tukangeun dasar saperti *ka—an, kapi—an, pa—an, pang—na, pang—keun, pi—eun, pika—, pika—eun, sa—eun, sa—na.*
- (e) Rarangkén bareng atawa gabung (ambifix), anu mangrupa gabungan dua rarangkén atawa leuwih tur napelna kana wangun dasar teu binarung, tapi bareng wungkul saperti *di++ar-, di- + -an, di-++ar+-an,*

di-++-keun, di-++-ar-++-keun, di-+pi-, di-+pika-, di- + pang-++-keun, di- + pang-+ N-++-keun, di-+pang-N-++-ar-++-keun, di-+pang-N-++-ar-++-an+keun, N- + -ar-, N-+-an, N-+-ar-+-an, N- + -keun, N-+-ar-+-keun, N-+ pi-, N-+ pika-, N-+ pang-++-keun, ka- + -keun, pa-+ N-, pang- + dipika- + -na, pang- + N-+pika- + -na, ting- + -ar- (Sudaryat, 2013:55).

3. Ngawangun Kecap Rundayan

a. Kecap Rundayan Dirarangkénan Hareup

Rarangkén hareup téh nyaéta rarangkén anu napel atawa diwuuhkeun dina awal kecap. Ku kituna, rarangkén hareup sok disebut *awalan* atawa préfiks (Inggris: *prefix*). Ari prosés ngawangun kecap ku rarangkén hareup atawa préfiks disebut ngararangkénan hareup atawa préfiksasi. Ieu di handap fungsi jeung harti rarangkén hareup dina ngawangun kecap rundayan.

- 1) **Rarangkén Hareup ba-:** *barempug, balayar, balabuh, badarat, bajuang*
- 2) **Rarangkén Hareup di-:** (a) pasif: *diala, dibeuleum, diteunggeul* jeung
(b) aktif: *dibaju, diajar.*
- 3) **Rarangkén Hareup ka-:** *katincak, kaangkat, kabisa, kalima*
- 4) **Rarangkén Hareup N-**
Rarangkén hareup *N-* (baca: nasal) boga alomorf {*m-*, *n-*, *ng-*, *nga-*, *nge-*, *ny-*} nu fungsina pikeun ngawangun kecap pagawéan anu ngandung harti ‘ngalakukeun aktif’. Contona: *maca, nulis, ngarang, ngawayang, ngecét, nyokot.*
- 5) **Rarangkén Hareup pa-:** *patani, padagang, pamolah, paménta, pateuteup.*
- 6) **Rarangkén Hareup pang-:** *pangjurung, pangrojok, pangajap, panggeuing.*
- 7) **Rarangkén Hareup per-:** *pertanda, perlambang, perbawa, perwatek.*

- 8) **Rarangkén Hareup pra-:** *prajabatan, praduga, prakiraan, prasaran, prawacana*
- 9) **Rarangkén Hareup sa-:** *saturuy, sarimbag, sabada, sanggeus*
- 10) **Rarangkén Hareup sang-:** *sanghulu, sanghunjari, sanghareup, sanggir.*
- 11) **Rarangkén Hareup si-:** *sidéang, sibeungeut, siduru, sibanyo.*
- 12) **Rarangkén Hareup ti-:** *tidagor, titotog, tijeduk, tigebrus, tibeubeut*
- 13) **Rarangkén Hareup ting-/pating-:** *tingcéréwét, patinggurilap, patingbinyay.*

b. Kecap Rundayan Dirarangkénan Tengah

Rarangkén tengah téh nyaéta rarangkén anu diwuuhkeun atawa diseselkeun di tengah-tengah kecap anu jadi wangun dasarna. Ku kituna, rarangkén tengah sok disebut *seselan* (*infiks*). Prosés ngawangun kecap rundayan ku rarangkén tengah disebut ngararangkénan tengah (*infiksasi*).

1) Rarangkén Tengah –ar-

Rarangkén tengah –ar- mibanda alomorf ar-, ra-, jeung –al-. Parobahan éta wangun rarangkén téh ditangtukeun ku lingkungan morfém anu jadi wangun dasarna. Rarangkén tengah –ar- robah jadi alomorf:

- (a) –al- lamun dilarapkeun kana wangun dasar nu dimimitian ku foném /l/ atawa ditungtungan ku foném /r/:

-ar- +	bageur	→	balageur
-ar- +	leuleus	→	laleuleus

- (b) ar- lamun dilarapkeun kana wangun dasar nu dimimitian ku fonem vokal:

-ar- +	anjeun	→	aranjeun
-ar- +	isin	→	arisin

- (c) ra- amu dilarapkeun kana wangun dasar nu ngan saengang tur diimitian ku konsonan:

-ar- +	beng	→	rabeng
-ar- +	clok	→	raclok

Conto kecap dirarangkénan tengar *-ar-* séjénna: *barudak*, *bareurang*, *marandi*, *garelut*, *barodo*, *gareulis*, *jarangkung*, *nyarereri*, *rarepot*, *areungap*.

- 2) **Rarangkén Tengah –in-:** tinulis, ginanjar, sinerat, sinatria, pinandita, sinareng
- 3) **Rarangkén Tengah –um-:** gumeulis, humaseum, sumujud, kumawula

c. Kecap Rundayan Dirarangkénan Tukang

Rarangkén tukang mangrupa rarangkén anu ditapelkeun di ahir atawa diwuuhkeun di tukangeun wangun dasarna. Ku kituna, rarangkén tukang sok disebut ahiran (*sufiks*). Prosés ngawangun kecap rundayan ku rarangkén tukang disebut ngararangkenan tukang (*sufiksasi*).

- 1) **Rarangkén Tukang –an:** *gantungan*, *wadahan*, *babarian*, *puluhan*
- 2) **Rarangkén Tukang –eun:** *dahareun*, *alaeun*, *kuuleun*, *éraeun*
- 3) **Rarangkén Tukang –keun:** *beubeurkeun*, *cindekkeun*, *tuliskeun*, *ka kalérkeun*
- 4) **Rarangkén Tukang –na**

Rarangkén tukang *–na* baga alomorf *–ana* jeung *–nana*.
Rarangkén tukang *–na* robah jadi:

- (1) *–ana* lamun ngantét kana wangun dasar nu boga rarangkén *–eun*:

<i>araheun</i>	+	<i>-na</i>	→	<i>araheunana</i>
<i>cooeun</i>	+	<i>-na</i>	→	<i>cooeunana</i>

- (2) *–nana* lamun ngantét kana wangun dasar nu ngan dua engang:

<i>éta</i>	+	<i>-na</i>	→	<i>étanana</i>
<i>dua</i>	+	<i>-na</i>	→	<i>duanana</i>

- 5) **Rarangkén Tukang –ing/-ning**

Rarangkén tukang *–ning* boga alomorf *–ing* mun dikantékeun kana wangun dasar nu ditungtungan ku konsonan. Contona:

- (1) *–ing* → *awahing*, *mungguhing*, *bakating*
- (2) *–ning* → *éstuing*, *kersaning*, *wantuning*.

6) **Rarangkén Tukang –man/-wan/-wati**

Rarangkén tukang *–man/-wan/-wati* mibanda fungsi pikeun ngawangun kecap barang anu hartina ‘ahli/tukang’. Contona: *budiman, wartawan, sastrawati*.

d. Kecap Rundayan Dirarangkénan Barung

Rarangkén barung nyaéta rarangkén anu dipakéna babarengan jeung rarangkén séjénna dina waktu ngawangun kecap rundayan. Ku kituna, rarangkén barung sok disebut *barungan* (konfiks). Saenyana, konfiks mangrupa singgetan tinakonfigurasi afiks, nyaéta rarangkén anu cicingna misah tapi barung dina ngawangun kecap. Prosés ngawangun kecap rundayan ku rarangkén barung disebut ngararngkénan barung (konfiksasi). Ciri utama kecap nu kakeunaan ku rarangkén hareup lamun salasahiji rarangkénna dipisahkeun, éta kecap taya hartian.

- 1) **Rarangkén Barung ka—an:** *kadaharan, kabupatén, kaalaman, kakolotan*
- 2) **Rarangkén Barung kapi-:** *kapibapa, kapiadi, kapilanceuk*.
- 3) **Rarangkén Barung pa—an:** *pasawahan, pabéasan, paculcilan, pamohalan*.
- 4) **Rarangkén Barung pang—keun:** *pangmawakeun, pangmeulikeun*,
- 5) **Rarangkén Barung pang—na:** *pangbageurna, pangpinterna, panggeulisna*.
- 6) **Rarangkén Barung pi—an:** *pilemburan, pileumpangan, pigeulangan, piwurungan*.
- 7) **Rarangkén Barung ting—ar-:** *tinggaluher, tingraringkel, tingkarerut*.
- 8) **Rarangkén Barung pika-:** *pikabogoh, pikameumeut, pikangéwa*.
- 9) **Rarangkén Barung pika—eun:** *pikagilaeun, pikangéwaeun, pikalucueun*.
- 10) **Rarangkén Barung sa—an:** *sabréhan, sakedapan, sajongjongan, saliwatan*.

- 11) **Rarangkén Barung sa—eun:** *sahandapeun, sahoseun, sakalieun, sakieueun.*
- 12) **Rarangkén Barung sa—na:** *saalusna, sapinterna, saenyana, saéstuna.*

e. Kecap Rundayan Dirarangkénan Gabung

Rarangkén gabung nyaéta gabungan dua rarangkén atawa leuwih anu diwuuhkeun kana kecap henteu babarengan, ngan ukur ngagabung wungkul. Rarangkén gabung bisa ogé disebut rarangkén bareng (ambifiks) (Sudaryat, 2013). Contona, kecap *diawurkeun* diwangun ku gabungan rarangkén *di-* jeung rarangkén *-keun*, anu prosésna mimitina kecap *awur* + rarangkén tukang *-keun*, jadi kecap *awurkeun*, tuluy dirarangkénan hareup *di-* jadi kecap *diawurkeun*. Jadi, kecap *diawurkeun* ngalaman dua kali prosés ngararangkénan, henteu binarung, nepi ka disebut ngararangkénan gabung.

- 1) Rarangkén Gabung
$$\begin{pmatrix} di- \\ N- \\ ting- \end{pmatrix} + -ar-$$

Ieu kecap pagawéan téh disusun ku rarangkén gabung, nya éta awalan *di-*, *N-*, atawa *ting-* jeung seselan *-ar-* tina wangun dasar anu kagolong kana cakal jeung kecap pagawan. Awalan *di-*, *N-*, jeung *ting-* bisa siligenti dipakéna. Najan kitu, awalan *ting-* dipakéna henteu sabébas awalan *di-* atawa *N-*. Geura titénan contona ieu di handap.

- (a) *dibaraca, maraca, *tingbaraca*
- (b) **dikarecewis, ngarecewis, tingkarecewis*

Tina conto di luhur ébréh yén di antara rarangkén hareup *di-*, *N-*, jeung *ting-* bisa siligenti tur ngagabung jeung rarangkén tengah *-ar-*. Najan kitu, aya kecap nu bisa dirarangkénan *di-* jeung *N-*, tapi teu bisa ku *ting-*. Kitu deui, aya kecap anu bisa dirarangkénan *N-* jeung *ting-*, tapi teu bisa dirarangkénan *di-*. Kecap rundayan **tingbaraca* jeung **dikarecewis* teu bisa ditarima tina jihat katatabasaan.

2) Rarangkén Gabung $\left(\begin{array}{c} \text{di-} \\ \text{N-} \end{array} \right) + \text{-ar-} + \left(\begin{array}{c} \text{-an} \\ \text{-keun} \end{array} \right)$

Dina ieu pola kecap pagawéan aya dalapan rarangkén gabung nya éta (1) di-+-an, (2) N-+-an, (3) di-+-keun, (4) N-+-keun, (5) di-+-ar-+-an, (6) N-+-ar-+-an, (7) di-+-ar-+-keun, jeung (8) N-+-ar-+-keun. Ieu rarangkén gabung téh diwuuhkeun kana wangu dasar anu kagolong kana kecap pagawéan, kecap sipat, kecap barang, jeung cakal. Contona: didiukan, disaatan, ditempatan, jeung dicician.

Kalawan lengkep ieu pola kecap pagawéan téh bisa dicontoan ieu di handap.

(1) tulis + di- + -an	→	ditulisan
di- + -ar- + -an	→	ditarulisan
di- + -keun	→	dituliskeun
di- + -ar- + -keun	→	ditaruliskeun
(2) tulis + N- + -an	→	nulisan
N- + -ar- + -an	→	narulisan
N- + -keun	→	nuliskeun
N- + -ar- + -keun	→	naruliskeun

Umumna gabungan rarangkén nu dimimitian *di-* nuduhkeun harti ‘kalakuan pasif’, ari nu dimimitian *N-* nuduhkeun ‘kalakuan aktif. Tambahna rarangkén tengah *-ar-* nuduhkeun harti ‘jama’. Di handap ieu rupa-rupa harti ngararngkénan gabung.

(3) Rarangkén Gabung $\left(\begin{array}{c} \text{di-} \\ \text{N-} \end{array} \right) + \text{pi-} + \text{ka-}$

Dina ieu pola kecap pagawéan aya tilu rarangkén gabung nya éta (1) pi-+ ka-, (2) di-+ pi-+ ka-, jeung (3) N-+ pi-+ ka-, anu diwuuhkeun kana dasar nu kagolong kana kecap pagawéan, kecap sipat, atawa cakal. Ari hartina ‘dijadikeun ka-D’ jeung ‘ngarasa D ka’. Contona:

a) *dipikacinta, dipikatineung, dipikahayang*

b) *mikacinta, mikatineung, mikahayang*

- (4) Rarangkén Gabung $\left[\begin{array}{c} di- \\ ka- \\ N- \end{array} \right] + pi-$

Dina ieu pola kecap pagawéan aya tilu rarangkén gabung nyaéta (1) *di-* + *pi-*, (2) *ka-* + *pi*, jeung (3) *N-* + *pi-*, anu diwuuhkeun kana wangun dasar nu kagolong kana kecap pagawéan jeung kecap barang. Gabungan *di-*, *ka-*, jeung *N-* kana rarangkén *pi-* masing-masing ngahasilkeun harti ‘dianggap D’, ‘dijadikeun D’, jeung ‘nganggap D’. Contona:

- a) dipiéling, kapiéling, miéling
 - b) dipiindung, kapiindung, miindung
 - c) dipitineung, kapitineung, mitineung
 - d) dipiéling, kapiéling, miéling
- (5) Rarangkén Gabung $\left[\begin{array}{c} di- \\ N- \end{array} \right] + pang- + N- + -ar- + -an + -keun$

Ieu kecap pagawéan diwangun ku gabungan genep rarangkén, nya éta rarangkén hareup, tengah, jeung tukang. Tina ieu pola kapanggih aya rarangkén gabung: (1) *pang-+ -keun*, (2) *di- + pang-+ -keun*, (3) *N-+ pang-+ -keun*, (4) *pang-+ N-+ -keun*, (5) *pang-+ -an + -keun*, (6) *pang-+ N-+ -an + -keun*, (7) *N-+ -ar-+ -an*, jeung (8) *N-+ -ar-+ -keun*.

Rarangkén gabung *pang-+ -keun* jeung *pang-+ N-+ -keun* diwuuhkeun kana kecap pagawéan jeung cakal, anu hartina ‘nitah di-D’. Contona:

$$\begin{array}{lll} \text{baca} + \text{pang-+ N-+ -keun} & \rightarrow & \text{pangmacakeun} \\ \text{guling} + \text{pang- N-+ -keun} & \rightarrow & \text{panggulingkeun} \end{array}$$


**Gabungan rarangkén pang-(N)-keun jeung di- atawa N-
ngaha-silkeun harti** ‘pagawéan keur batur’ (bénéfaktif).

Bédana mah *N*- hartina ‘aktif’, ari *di*- hartina ‘pasif’. Gabungan-
ana jeung rarangkén tukang –an nambahán harti ‘sababaraha
kali’ (répétitif), ari jeung rarangkén tengah -ar- nambahán harti
'jama'.

Rarangkén *di*- jeung *N*- dipakéna bisa siligenti, upamana, dina
kecap *dipangmaracaankeun* jeung *mangmaracaankeun*.

Baganna ébréh ieu di handap.

Bagan 6. 1 Gabungan rarangkén



D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana
runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.

4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan

Jawab atawa tétélakeun sakur pananya jeung paréntah ieu di handap!

1. Tétélakeun sasaruaan jeung bédana antara rarangkén barung jeung rarangkén gabung! Alusna mah dibarengan ku conto kecapna.
2. Tétélakeun bédana kecap-kecap ieu di handap!
 - a. seuseuheun jeung seuseuhan
 - b. asupan jeung asupkeun
 - c. dipangnyieunkeun jeung dipangkaburkeun
 - d. dipikanyaah jeung mikanyaah
3. Pék rucat ieu kecap rundayan: *pangdiaralungboyongkeunana*
4. Pék baca téks ieu di handap!

“Kasakit kitu-kitu baé maké dibawa ka doktor! Lain ubaraneun doktor atuh nu kitu mah! Di ditu, aya nu gering kawas kitu, malah parna ngan sakali ngajampé, terus wé cageur. Komo deui ieu ngan kari lieur jeung leuleusna wungkul. Penta isukan mah, bawa balik! Puguh doktor mah mending gé dilila-lila! Keun kuring gé sanggup ngusahakeun kitu-kitu baé mah!”, omong Wiharma, uana Yaya, mentog ka Bi Imi jeung Mang Endang; ngabongan-bongan teu ngabéjaan ti béh ditu, jeung nganahanaha maké dibawa ka dokter.

Dicutat tina Carpon “Néng Yaya Gering Panas” karya Karna Yudibrata

Sanggeus maca téks, pék jawab pananya ieu di handap!

- a. Sebutan kecap rundayan nu aya dina éta alinéa!
- b. Aya rarangkén naon waé?
- c. Kumaha fungsi jeung harti éta rarangkén téh!

F. Tingkesan

Kecap rundayan nyaéta kecap rékaan atawa kecap jembar anu diwangun ku cara ngawuwuhkeun rarangkén kana wangun dasarna. Disawang tina tempat cicingna, aya rupa-rupa rarangkén, nyaéta rarangkén hareup (*préfiks*), rarangkén tengah (*infiks*), rarangkén tukang (*sufiks*), rarangkén barung (*konfiks*), jeung rarangkén gabung (*ambifiks*). Rarangkén dina basa Sunda kaitung réa, aya 14 rarangkén hareup, 3 rarangkén tengah, 7 rarangkén tukang, 11 rarangkén barung, jeung 14 rarangkén gabung.

Dina prosés ngawangun kecap rundayan, rarangkén téh mibanda fungsi jeung harti. Upamana waé, rarangkén hareup *ba-* mibanda fungsi ngawangun kecap pagawéan nu hartina ‘ngalakukeun pagawéan’.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar VII. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres bahan dina Kagiatan Diajar VI, pangpangna bahan nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 7

KECAP RAJÉKAN

A. Tujuan

Salasahiji wangun kecap anu gedé gunana dina ngawangun kalimah sarta mangaruhan harti kalimah nyaéta kecap rajékanan. Kecap rajékann nyoko kana kecap anu diwangun ku cara nguapkeun dua kali atawa leuwih wangun dasarna, boh sabagian atawa sageemblengna, boh binarung jeung robahna sora atawa rarangkén boh henteu. Basa Sunda kaasup basa anu beunhar ku rajékan. Malah teu saeutik rajékan anu binarung jeung rarangkén. Ku kituna, basa Sunda digolongkeun kana tipe basa aglutinatif.

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar VII, Sadérék dipiharep meunang kamampuh pikeun mikaweruh jeung nyangkem opat hal, nyaéta:

1. wangenan kecap rajékan;
2. wangun kecap rajékan;
3. fungsi ngarajék;
4. ma'na ngarajék; jeung
5. nganalisis fungsi jeung harti ngarajék.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta ngaidentifikasi kecap rajékan basa Sunda.

Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi lima, nyaéta:

1. ngajéntrékeun wangenan kecap rajékan;
2. ngajéntrékeun wangun kecap rajékan;
3. ngajéntrékeun fungsi ngarajék;
4. ngajéntrékeun ma'na ngarajék; jeung
5. nganalisis fungsi jeung harti ngarajék.

C. Pedaran Matéri

1. Watesan Kecap Rajékan

Perkara kecap rajékan ditétélakeun ku Bloch & Trager (1942:57) kieu: “*reduplication is the repetition or part of the base, with or without internal change, before after the base itself*”. Rédulikasi mangrupa ngarajék sagembengna atawa sabagian wangun dasar (*base*) kalawan robah atawa tanpa parobahan jero, samémeh jeung sanggeus ngawujud wangun dasarna.

Djajasudarma & Abdulwahid (1980:71) nyebutkeun yén kecap rajékan téh nyaéta kecap anu diulang, boh sabagian boh sageblengna, malah aya ogé nu tilu kali diulang. Kecap rajékan, ceuk Sutawijaya Spk. (1981:69), nyaéta sagala kecap anu mangrupa hasil tina ngarajek boh sageblengna boh sabagian. Ramlan (1987:63) nétélakeun yén kecap rajékan téh mangrupa hasil tina prosés ngarajék (*réduplikasi*), nyaéta prosés malikan deui wangun dasar boh jeung variasi foném boh henteu.

Kecap rajékan nya éta kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sageblengna, boh binarung jeung robahna sora atawa rarangkén boh henteu. Prosés ngawangun kecap rajékan disebut *ngarajék* (*Réduplikasi*) (Sudaryat, 1985:69). Jadi, proses réduplikasi bisa sageblengna bisa sabagian, bisa ogé ditarung ku parobahan vokal atawa konsonan bisa henteu (Verhaar, 1988:69).


2. Wangun Kecap Rajékan

Wangun rajékan nyaéta wangun anu nuduhkeun hubungan gramatikal antara wangun dasar jeung wangun rajékan disawang tina jihat strukturna. Bisa ogé disebutkeun yén wangun rajékan téh idéntitas strukturna disawang tina jihat wangun lahir aya nu disebut dua kali atawa leuwih (Sutawijaya Spk., 1981:9). Wangun rajékan nyoko kana wangun basa anu dirajék boh mangrupa engang, kecap, frasa, boh mangrupa kalimah.

Cindekna, wangun rajékan kecap nyaéta wangun kecap anu dirajék sarta lamun ditilik tina jihat strukturna bakal ngabalukarkeun ayana hubungan gramatikal antara wangun dasar jeung wangun rajékanana.

Aya rupa-rupa kecap rajékan saperti ébréh dina bagan di handap ieu.

Bagan 7. 1 Wanda Kecap Rajékan



Dumasar kana bagan di luhur perlu ditétélakeun heula perkara tilu wangun rajékan, nyaéta kecap rajékan gembeleng, kecap rajékan sabagian, jeung kecap rajékan dirarangkénan. **Kecap rajékan gembeleng** nyaéta kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna. Aya dua rupa kecap rajékan gembeleng, nyaéta dwilingga jeung trilingga. **Kecap rajékan sabagian** diwangun ku cara malikan deui salahiji engang tina wangun dasarna, boh di awal, di tengah, boh di tungtung. Kecap rajékan sabagian anu diwangun ku cara malikan deui engang mimiti wangun dasarna disebut **dwipurwa** (Rdp), jeung anu diwangun ku cara malikan deui engang tengah wangun dasarna disebut **dwimadya** (Rdmy). **Kecap rajékan dirarangkénan** nyaéta kecap rajékan anu diwangun tina wangun dasar anu binarung atawa dibarengan ku rarangkén. Kecap rajékan sagemblengna atawa sabagian bisa babarengan atawa binarung jeung ngararangkénan. Ari rarangkén anu marengan ngarajék téh bisa rarangkén (hareup, tengah, tukang, barung, jeung gabung).

Ieu di handap dipedar rupa-rupa kecap rajékan anu ngawengku (1) dwilingga, (2) dwipura, (3) dwimadya, (4) trilingga, jeung (5) kecap rajékan binarung rarangkén.

a. Dwilingga

Dwilingga nyaéta ngarajék kecap asal sageblengna (Ardiwinata, 1984:7). Kecap asal atawa morfém dasar anu dirajék henteu ngingetkeun sorana robah atawa henteu (Djajasudarma & Abdulwahid, 1980:72). Dina ngarajék sageblengna tapolana rarangkén teu milu dirajék (Kats & Soeriadiredja, 1982:32).

Dwilingga nyoko kana wangun rajékan nu mangrupa hasil tina ngarajék wangun dasar sageblengna (Sutawijaya Spk., 1981:10). Dwilingga diwangun ku cara kecap asal, nu diucapkeun dua kali sageblengna sarta sajeroning kitu aya nu teu dirobah sorana jeung aya nu dirobah (Wirakusumah & Djajawiguna, 1982:18). Dwilingga nyaéta kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun asalna boh binarun jeung variasi foném atawa ngararangkénan boh henteu (Sudaryat, 1985:70).

Dwilingga (Rdl) nyaéta kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna, boh binarung ku robahna sora boh henteu. Ku kituna, aya dua rupa dwilingga nyaéta (1) dwilingga murni atawa dwimurni jeung (2) dwilingga réka atawa dwiréka.

1) Dwimurni

Dwimurni hartina ngarajék morfém dasar sageblengna kalawan henteu ngalaman prosés morfonémik (Djajasudarma & Abdulwahid, 1980:72). Dwimurni dihasilkeun ku ngarajék wangun dasar sageblengna tur robah foném (Sutawijaya Spk., 1981:10). Dwimurni atawa dwilingga murni mangrupa kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari henteu ditarung ku variasi foném atawa teu robah sorana (Sudaryat, 1985:70). Contona:

$$\begin{array}{lll} \text{bapa} & + & \text{Rdm} \end{array} \rightarrow \begin{array}{l} \text{bapa-bapa} \\ \text{gedé} & + & \text{Rdm} \end{array} \rightarrow \begin{array}{l} \text{gedé-gedé} \end{array}$$

Conto séjénna: *angka-angka, bener-bener, buku-buku, ganti-ganti, guru-guru, hiji-hiji, imah-imah, jalma-jalma, méja-méja, murid-murid, tengah-tengah,*

2) Dwiréka

Dwilingga nyaéta wangun rajékan anu ngalaman robahna sora dina wangun kahiji (Ardiwinata, 1984:8). Dwilingga nyoko kana wangun kecap rajékan anu ngalaman gejala morfonémik atawa robahna vokal (Djajasudarma & Abdulwahid, 1980:74). Dwiréka mangrupa dwilingga anu salahijii linggana robah sora dina hiji foném atawa leuwih (Keraf, 1980:121).

Dwiréka nyaéta kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun asalna sarta binarung jeung variasi foném atawa robahna sora (Sudayat, 1985:71). Contona:

tajong + Rdr → tujang-	<i>tajong</i>
cokot + Rdr → cakat-	<i>cokot</i>

Dina dwiréka foném vokal anu robah téh bisa dina unsur kahiji bisa dina unsur kadua. Dwiréka anu robah sora dina unsur kahiji leuwih loba ti batan anu robah sora dina unsur kadua (Sutawijaya SPk., 1981:30-31).

Conto dwiréka anu robah sora dina unsur kahiji: *alangah-éléngéh, bucú-baca, culak-cileuk, cut-cat, jubras-jebris, jul-jol, luas-léos, lungas-lengis, puk-pok, rus-ras, sung-song, sur-sor, rumpu-rampa, tunja-téño, tunyu-tanya*

Conto dwiréka nu robah sorana dina unsur kadua: *asal-usul, cruk-crek, murah-maréh, rawah-riwih, tuang-taléng*

b. Dwipurwa

Dwipurwa ngandung harti dwi = 'dua' + purwa = 'mimiti'. Dwipurwa hartina 'mimitina dua'. Dwipurwa nyaéta kecap rajékan anu diwangun ku kecap asal nu dirajék engang nu mimiti (purwa = heula, mimiti,

hareup, weton) nu ngalantarankeun timbulna kecap-kecap nu miboga harti (Wirakusumah & Djajawiguna, 1982:17).

Dwipurwa di dieu nyaéta ngarajék sabagian, bagian mimiti wangun dasar (Prawirasumantri Spk., 1988:25) atawa ngarajék engang mimiti wangun dasarna (Djajasudarma & Abdulwahid, 1982:75). Dwipurwa nyaéta wangun rajékan nu dihasilkeun ku ngucapkeun dua kali engang mimiti tina wangun asalna (Sudaryat, 1985:71). Contona:

tajong + Rdp → **tatajong**

sépak + Rdp → **sésépak**

Conto séjenna: *bubuka, béléja, cocoba, cocolék, gaganti, gogoda, kokolot, lalangit, mamanis, pupuhu, wawangi, wiwirang*

c. Dwimadya

Dwimadya nyaéta wangun kecap rajekan au dihasilkeun tina prosés ngarajék tengah wangun dasar (Sutawijaya Spk, 1981:13) atawa ngarajek sabagian wangun dasar, nyaéta ngarajék bagian tengah sabagian (Prawirasumantri Spk., 1988:25). Dwimadya nyaéta kecap rajekan anu diwangun ku cara ngarajék enganh tengah wangun asalna atawa wangun dasarna (Sudaryat, 1985:75).

Contona kecap rajékan sababaraha diwangun tina wangun dasar sabaraha anu dianggap kecap asal. Najan kitu, aya kamungkian kecap sabaraha téh mangrupa kecap rundayan nu diwangun tina kecap baraha dirarangkénan hareup sa-. Ku kituna, ceuk Sutawijaya Spk. (1981:37-38), wangun dwimadya leuwih loba jeung produktif binarung rarangkén. Conto séjenna: sapopoé, sapeupeuting, sajajalan, sadidinten, sapeupeuting, tibuburanjat, tigogoléncéng, titatarajong, tikakarait, tipaparétot

d. Trilingga

Trilingga nyaéta wangun rajékan kecap asal nepi ka tilu kali jeung ngalaman robah sora (Ardiwinata, 1984:8). Trilingga mangrupa ngaajek tilu kali. Dina trilingga biasana aya gejala morfonémik, nyaéta ayana sora vokal anu diganti. Morfém dasarna biasana ngan saengang (hiji silabé), nyaéta kecap anteuran, onomatope (tiruan sora), jeung partikel (Djajasudarma & Abdulwahid, 1980:79).

Trilingga nyaéta wangun rajekan nu mangrupa hasil tina narajek wangun dasarna leuwih ti dua kali, biasana tilu kali (Sutawijaya Spk., 1981:14). Trilingga diwangun ku cara ngulang atawa nyebut tilu kali wangun asalna, biasana mangrupa kecap anteuran jeung tiruan sora sarta binarung ku variasi foném (Sudaryat, 1985:65).

Ceuk Wirakusumah & Djajawiguna (1982:20), trilingga anu diwangun ku kecap asal nu diucapkeun tilu kali (dipitelu) téh saenyana mah kurang merenah diasupkeu kana kecap rajékan, tapi sagala hal ogé sok aya iwalna. Kecap asalna ngan saengang, nyaéta sarupaning kecap anteuran, sarta robah sorana. Ku kituna, ceuk Kurniasih (1982:3), prosés nyebutkeun tilu kali saperti nu disebutkeun di luhur, salawasna bakal timbul robah vokal dumasar kana pola nu tangtu. Ieu hal utamana mah lantaran mandiri ayana dina basa Sunda masih kénéh hirup. Sakapeung tuuwuh jadi kecap nu mangrupa sandi sora jeung sandi rasa atawa kecap anteuran nu produktif.

Contona: *blak-blél-blok, brang-bréng-brong, dar-dér-dor, dagi-dig-dug, gang-ging-gung, hah-héh-hoh, plak=plék-plok, plak-plik-pluk, trang-tréng-trong*.

Trilingga (Rtl) nyaéta kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut tilu kali wangun dasarna bari robah sorana. Dina trilingga aya sora nu diréka. Ku kituna, trilingga bisa ogé disebut *triréka*. Contona:

pluk	+	Rtl	→	plak-plik-pluk
dor	+	Rtl	→	dar=dér=dor
pek	+	Rtl	→	pak-pik-pek

Dina wangun kecap rajékan trilingga, wangun anu dirajékna kagolong kana kecap panganteur (KA), biasana aya dina posisi katilu, ari prosés kahiji jeung kadua dicirian ku morfém pangrajékna. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu. Contona:

dor + Rtl → *dar-der-dor*

Wangun dasar dina kecap sipat trilingga kagolong kana kecap pancep panganteur anu ngan saengang. Parobahan sora dina rajekan trilingga ilaharna nurutkeun kaéda posisi vokal dina daerah artikulasi. Ari vokal basa Sunda téh digambarkeun dina bagan juru tilu di handap.

/i/ /eu/ /u/

/é/ /e/ /o/


/a/

Dumasar kana sora vokal anu aya dina wangun dasarna, kecap sipat trilingga bisa dirumuskeun kieu (Sudaryat Spk., 2007).

1) KS Trilingga Wangun /o/ → /a-é-o/

Trilingga boga wangun nu tangtu luyu jeung variasi sora vokalna.


Lamun wangun dasarna boga sora /o/, wangun pangrajékna anu kahiji sorana /a/, ari anu kadua sorana /é/. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.



Contona: ***dar-dér-dor, trang-tréng-trong, brat-brét-brot, cas-cés-cos, blak-blék-blok***

2) KS Trilingga Wangun /u/ → /a-i.-u/

Trilingga wangun dasar sora vokal /u/. Lamun dasarna miboga sora /u/, wangun pangrajékna anu kahiji sorana /a/, ari nu kadua sorana /i/. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.




1

Contona: *plak-plik-pluk, gang-ging-gung, dag-dig-dug, ngak-ngik-nguk.*

3) KS Trilingga Wangun /e/ → /a-i-e/


Trilingga wangun dasar sora vokal /e/. Lamun dasarna miboga sora /e/, wangun pangrajékna anu kahiji sorana /a/, ari nu kadua sorana /i/. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.



Contona: *bak-bik-bek, blag-blig-bleg, cang-cing-ceng, jlak-jlik-jlek*

4) KS Trilingga Wangun /eu/ → /a-i-eu/

Trilingga wangun dasar sora vokal /eu/. Lamun wangun dasarna miboga sora /u/, wangun pangrajékna anu kahiji sorana /a/, ari nu kadua sorana /i/. Adegan kecapna bisa dipolakeun kieu.



Contona: *ba-bi-beu, nang-ning-neung, wah-wih-weuh*

3. Kecap Rajékan Dirarangkénan

Kecap rajékan dirarangkénan nyaéta kecap rajékan anu diwangun tina wangun dasar anu binarung atawa dibarengan ku rarangkén. Kecap rajékan sageblengna atawa sabagian bisa babarengan atawa binarung jeung ngararangkénan. Ari rarangkén anu marengan ngarajék téh bisa rarangkén (hareup, tengah, tukang, barung, jeung gabung). Contona:

udag	+	pa-Rdm	→	paudag- <i>udag</i>
balik	+	di-Rdr	→	dibulak- <i>balik</i>
kuda	+	Rdp-an	→	kukudaan
dagor	+	ti-Rdp-ar-	→	tidadalagor
jung	+	sa-R-eun	→	sajung- <i>jungeun</i>

asup + di-Rdm-keun → diasup-asupkeun

- 1) **Wangun Rajékan *di-R*:** *diugung-ugung, diulang-ulang, diwilah-wilah*
- 2) **Wangun Rajékan *ka-R*:** *kacacandak, kagugusur, kabantu-bantu, kaburu-buru.*
- 3) **Wangun Rajékan *mang-R*:** *mangalam-alam, mangabad-abad, mangtaun-taun.*
- 4) **Wangun Rajékan *N-R*:** *ngahenang-ngahening, ngaleuleungit, ngajujurung,*
- 5) **Wangun Rajékan *pa-R*:** *pagigir-gigir, paahéng-ahéng, paalus-alus,*
- 6) **Wangun Rajékan *ti-R*:** *tibuburanjat, tipopolotot*
- 7) **Wangun Rajékan *R-um-*:** *tuluy-tumuluy*
- 8) **Wangun Rajékan *R-an*:** *sosobatan, jijieunan, gegeringan, rorodaan, acak-acakan.*
- 9) **Wangun Rajékan *R-eun*:** *lilinieun, jajauheun, ginggiapeun, rurumpaheun.*
- 10) **Wangun Rajékan *R-na*:** *gegedéna, geugeulisna, dalit-dalitna, imah-imahna,*
- 11) **Wangun *di-R-keun*:** *diésék-ésékkeun, diasup-asupkeun, dialung-alungkeun,*
- 12) **Wangun *N-R-keun*:** *ngésék-ngésékkeun, ngasup-ngasupkeun,*
- 13) **Wangun Rajékan *pang-R-na*:** *pangalus-alusna, pangbageurbageurna,*
- 14) **Wangun Rajékan *sa-R-na*:** *saalus-alusna, sabisa-bisana, sapinter-pinterna,*
- 15) **Wangun Rajékan *lain + R-eun*:** *lain bantrak-bantrakeun, lain lawan-lawaneun,*
- 16) **Wangun Rajékan *teu R*:** *teu euleum-euleum, teu petot-petot, teu datang-datang*
- 17) **Wangun Rajékan (*teu*) *R acan*:** *(teu) bodo-bodo acan, (teu) alus-alus acan*

4. Fungsi Ngarajék Kecap

Minangka salasahiji wangun prosés morfologis, ngarajék kecap ogé mibanda dua fungsi, nyaéta fungsi gramatik jeung fungsi semantik. Fungsi gramatik bisa disebut "fungsi" wungkul, ari fungsi semantik bisa disebut "ma'na" (Ramlan, 1985:90). Fungsi ngarajék kecap bisa mibanda fungsi infléksi anu teu ngarobah warna kecap, bisa mibanda fungsi dérivasi anu ngarobah warna kecap. Fungsi dérivasi ngarajék nyoko kana fungsi nominal, fungsi vérbal, fungsi adjéktival, fungsi numeral, jeung fungsi advérbial.

a. Fungsi Nominal

Fungsi nominal nyaéta fungsi ngarajék pikeun ngawangun kecap barang boh tina warna kecap barang boh tina warna kecap séjén.

Contona:

- bawa* (KP) → *babawaan*
- gedé* (KS) → *gegedén*
- iring* (Cakal) → *iring-iringan*

b. Fungsi Vérbal

Fungsi vérbal nyaéta fungsi ngarajék pikeun ngawangun kecap pagawéan boh tina warna kecap pagawéan boh tina warna kecap séjén. Contona:

- béja* (KB) → *bébéja*
- reuwas* (KS) → *ngareureuwas*
- sodor* (Cakal) → *disodor-sodorkeun*

c. Fungsi Adjektival

Fungsi adjéktival nyaéta fungsi ngarajék pikeun ngawangun kecap sipat boh tina warna kecap sipat boh tina warna kecap séjén. Contona:

- ati* (KB) → *ati-atí*
- asa* (Cakal) → *asa-asa*
- dor* (KA) → *dar-dér-dor*

d. Fungsi Numeral

Fungsi numeral nyaéta fungsi ngarajék pikeun ngawangun kecap bilangan boh tina warna kecap biangan boh tina warna kecap séjén.

Contona:

<i>likur</i> (Cakal)	→	<i>manglikur-likur</i>
<i>pirang</i> (Cakal)	→	<i>mangpirang-pirang</i>
<i>dua</i> (KBil)	→	<i>sadua-dua</i>

e. Fungsi Advérbial

Fungsi advérbial nyaéta fungsi ngarajék pikeun ngawangun kecap panambah (keterangan) boh tina warna kecap panambah boh tina warna kecap séjén. Contona:

<i>Kitu</i> (KGt)	→	<i>sakitu-kituna</i>
<i>leres</i> (KS)	→	<i>leres-leres</i>
<i>lima</i> (KBil)	→	<i>salima-lima</i>

5. Harti Ngarajék

Harti ngarajék nyaéta harti anu muncul balukar ayana prosés ngarajék tina wangun asal kana wangun rajékan. Ieu di handap rupa-rupa harti ngarajék.

- a) Harti ‘kaayaan hiji hal’: *ati-ati, asa-asas, acak-acakan, awur-awuran, babarengan*
- b) Harti ‘rupa-rupa’ (divérsitas): *beubeutian, bongborosan, kekembangan, tulang-taléng*
- c) Harti ‘kalakuan teu enya-enya’ (diminutif): *anjang-anjangan, kekedengan, pipilueun*
- d) Harti ‘séwang-séwangan’ (distributif): *hiji-hiji, saeutik-saeutik, sabogana-sabogana*
- e) Harti ‘padahal’ (eksatif): *saloba-loba, saalus-alus, sagecé-gedé*
- f) Harti ‘sering’ (frékwéntatif): *ampun-ampunan, gogodeg, blag-blug-blug*
- g) Harti ‘ngantebkeun’ (intésitas): *leres-leres, nyenyekel, nginget-nginget*
- h) Harti ‘niru-niru’ (imitatif): *babalongan, momobilan, peupeureuman*
- i) Harti ‘naon-naon nu di-’ (indeterminatif pasif): *babawaan, dédéngéan*
- j) Harti ‘sababaraha kali teu tangtu’: *lulumpatan, rumpad-rampid*
- k) Harti ‘hayang leuwih’: *paalus-alus, paheula-heula, pagedé-gedé*

- l) Harti 'tuluy-tuluyan' (kontinuitas): *babarengan, ador-adoran, ider-ideran*
- m) Harti 'ngan saukur (limitatif)': *hiji-hijina, sakitu-kituna*
- n) Harti 'réa' (plural): *baju-baju, buku-buku, bangku-bangku*
- o) Harti 'réa teu tangtu' (plural-indeterminatif): *naon-naon, lubak-libuk*
- p) Harti 'réa tur sering' (plural frékwéntatif): *cut-cat, dur-dor, sung-song*
- q) Harti 'ampir pisan' (perfektif-futuratif): *sader-dereun, sajung-jungeunsapok-pokeun*
- r) Harti 'bagian' (partitif): *bobodas, beubeureum, hihideung*
- s) Harti 'pabales-bales' (resiprokatif): *pabéja-béja, pagulung-gulung*
- t) Harti 'hasil' (resultatif): *kekecapan, omong-omongan*
- u) Harti 'paling' (superlatif): *gegedéna, lolobana, panggedé-gedéna*
- v) Harti 'ngadadak': *nyaho-nyaho, témbong-témbong*
- w) Harti 'lalawanan': *budak-budak resep ngaroko*
- x) Harti 'salila': *sajajalan, sapopoé, sapeupeuting*
- y) Harti 'dianggap jadi': *pupuhu, kokolot, dadasar*
- z) Harti 'tuluy-tuluyan teu dihaja': *kababawa, kapopohokeun*

Pancén

Baca ték ieu di handap!

VISI INDONÉSIA MERDÉKA PARA PANYAJAK SUNDA

Ieu buku antologi *Sajak Sunda Indonésia Emas*, alhamdulillah bisa medal ku ayana gawé bareng antara Lembaga Basa jeung Sastra Sunda, Yayasan Dana Budaya Sunda, Yayasan Pembangunan Jawa Barat, Fakultas Sastra UNPAD, Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS IKIP Bandung, Kanwil Dikbud Propinsi Jawa Barat, Dinas P dan K Propinsi Dati I Jawa Barat, Penerbit CV GEGER SUNTEN, jeung para panyajak Sunda.

Medalna ieu buku téh dipimaksud pikeun miéling ulang taun kamerdékaan Indonésia Emas.

Lalampahan puisi Sunda salila 49 taun anu témana némbongkeun citra jeung cita-cita kamerdékaan anu jadi ébréhan panyajak ti jaman anu micangcam jeung merjoangkeun ngadegna nagara Républik Indonésia nepi ka jaman pangwangunan kiwari, bakal natrat ngagendat benang emas angen-angenna jeung persépsi para pangarang anu kagambarkeun dina larik-larik puisi nu artistik, dina diksi anu apik, dina ungkaban anu spontan jeung babandingan anu épéktif katut idiom-idiom dina ungkara anu sarieup geusan ngedalkeun kereteg haté anu bolékér tur jujur dina énggonging buméla ka lemah cai.

Puisi téh sarana éksprési aci-acining kahirupan, ébréhan pangalaman ati sanubari pribadi panyajak anu pohara telebna. Wangun paguneman akal budi anu teu weléh aléwoh madungdengkeun ajén-inajén kahirupan boh jeung dirina, boh jeung sasama katut lingkunganana, boh jeung anu nyiptakeunana, sabab diolah ku panyajakna kalawan rancagé tur kréatif bakal namper ngawujud jadi puisi. Éta puisi ésénsina baris katangén dina misi jeung si'arna, sarta bakal katitén dina téma jeung ma'nana.

Ku jalan maca bari ngalenyepan eusi ieu buku antologi *Sajak Sunda Indonésia Emas* dipiharep urang bakal bisa neuleuman kumaha jerona sagara rasa jeung kumaha tarahalna perjalanan batin nu kasorang ku para panyajak énggonging ngama'naan enas-enasna kamerdékaan.

“Sunda” ngan sakadar sétting tempat minangka lokasi tatapakan pangapakan para panyajak pikeun ngayakeun interaksi jeung lingkunganana. Lingkungan ka-Sundaan miboga pancén jeung fungsi stimulus boh luar boh jero, waktu ngaharéwoskeun impréssi-impréssi nurani panyajak. Sedengkeun ambahan sawanganana ngabelesat ka jomantara langit jurit kamanusaan anu univérsal ngébréhkeun visi dirina dina suasana agamis nu teu weléh syukuran kana ni'mat jeung rahmat kamerdékaan kurnia Illahi sabada dibeuli ku teuasna sumanget patriotis waktu ngabéla lemah cai paku sarakan tina rupa-rupa gogoda rancana, halangan harungan, jeung gangguan katut ancaman.

Ku maca ieu buku antologi *Sajak Sunda Indonésia Emas* kalawan gemet, insya Allah urang bakal bisa meunang kani'matan éstétis jeung kajembaran sukma nu tan wates nepi ka hirup-hurip urang bisa leuwih arip tur wijaksana.
Muga-muga baé.

Bandung, Agustus 1995

H. Karna Yudibrata

Dicutat tina *Lir Cahya Eunteung Nyorot*

Pancén Sadérék ayeuna:

1. Catet sakabéh kecap rajékan nu aya dina wacana di luhur!
2. Rumuskeun pola ngarajékna!
3. Terangkeun fungsi jeung harti tina ngarajékna!

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan

Jawab atawa tételeukeun sakur pananya atawa paréntah ieu di handap!

1. Tételeukeun nu dimaksud ku kecap rajékan!
2. Naon sasaruaan jeung bédana antara dwimurni jeung dwiréka? Pék contoan!
3. Naon fungsi jeung harti kecap rajékan ieu di handap?
hihideung, plak-plik-pluk, ador-adoran, asa-asa, cacandakan
4. Naon sababna kecap-kecap saperti *rambisbis, camutmut, jeung cawigwig*

teu dianggap kecap rajékan? Tétélakeun!

5. Naha aya anu disebut kecap rajékan dwimadya murni? Tétélakeun tur contoan!

F. Tingkesan

Kecap rajékan nyaéta kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sageblengna, boh binarung jeung robahna sora atawa rarangkén boh henteu. Prosés ngawangun kecap rajékan disebut *ngarajék (Réduplikasi)*.

Aya rupa-rupa kecap rajékan saperti kecap rajékan sabagian, kecap rajékan gembleng, jeung kecap rajékan binarung rarangkén. Tina jihat wanguuna aya kecap rajékan nu disebut dwipurwa, dwimadya, dwimurni, dwiréka, trilingga, jeung kecap rajékan binarung rarangkén.

Ngarajék mibanda fungsi jeungharti. Fungsi ngarajék sipatna dérivatif, nyaéta ngawangun warna kecap tina warna kecap séjén, jeung sipatna infektif, nyaeta ngawangun warna kecap rajékan tina warna kecap nu sarua. Harti ngarajék nyaéta harti anu muncul balukarna diwangunna kecap asal jadi wanguun rajékan saperti harti ‘niru-niru’, ‘réa’, ‘sering’, jsté.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.


Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana kagiatan diajar VIII. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres bahan dina kagiatan diajar VII, pangpangna bahan nu can dicangkem.



KAGIATAN DIAJAR 8

KECAP KANTÉTAN JEUNG WANCAHAN

A. Tujuan

Dina basa Sunda aya kecap-kecap anu diruntuykeun nepi ka ngawangun kecap kantétan, aya ogé kecap-kecap atawa runtuyan kecap-kecap anu diwancahan tur dipondokkeun anu disebut kecap wancahan. Éta dua wangun kecap téh ngahaja disusun lamun panyatur hayang nepikeun maksud kalawan singget. Ayeuna Sadérék ogé bakal ngulik kecap kantétan jeung kecap wancahan basa Sunda.

Saréngséna ngulik kagiatan diajar VIII, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun mikaweruh jeung nyangkem genap hal, nyaéta:

1. wangenan kecap kantétan jeung kecap wancahan;
2. wangun kecap kantétan;
3. warna kecap kantétan;
4. fungsi kecap kantétan;
5. harti kecap kantétan; jeung
6. wangun kecap wancahan.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta ngaidéntifikasi kecap kantétan jeung kecap wancahan basa Sunda.

Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi genep, nyaéta:

1. ngajéntrékeun wangenan kecap kantétan jeung kecap wancahan;
2. ngajéntrékeun wangun kecap kantétan;
3. ngajéntrékeun warna kecap kantétan;
4. ngajéntrékeun fungsi kecap kantétan;
5. ngajéntrékeun harti kecap kantétan; jeung
6. ngajéntrékeun wangun kecap wancahan.

C. Pedaran Matéri

1. Kecap Kantétan

a. Watesan jeung Ciri Kecap Kantétan

Kecap kantétan nyaéta kecap anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih sarta mibanda harti anu béda tina harti kecap anu jadi bagian wanguanna (Wirakusumah & Djajawguna, 1982:20); dua kecap atawa leuwih anu dihijiikeun turta iboga harti nu mandiri (Permana, 1980:18). Harti mandiri sarua jeung “*membentuk satu kesatuan arti*” (Keraf, 1980:123).

Sudaryat (2013:61) nétélakeun yén kecap kantétan nyaéta kecap anu diwangun ku cara ngantétkeun dua wangun dasar, boh cakal jeung cakal boh kecap jeung kecap, atawa campuran duanana, sarta ngandung harti anu mandiri. Prosés ngawangun kecap kantétan disebut *ngantétkeun (komposisi)*.

Kecap kantétan boga dua ciri utama, nyaéta ciri adegan (struktur) jeung ciri harti (sémantis).

- 1) Kecap kantétan umumna boga adegan, di antarana:
 - a) diwangun ku dua unsur nu disebut léksém: *pakan kundang*;
 - b) susunan kecapna teu sageblengna produktif. Contona: *dulang tinandé*, teu bisa dirobah jadi **nyiru tinandé*.
 - c) patali unsur-unsurna mibanda sipat
 - (1) *katanseselan*, nyaéta antar-unsurna teu bisa diseselan ku unsur lian. Contona: *ngégél curuk* → **ngégél* (kana) *curuk*;
 - (2) *katanmulangan*, nyaéta antar-unsurna teu bisa dibalikkeun sabab sok robah jadi frasa; susunan unsurna asintaksis. Contona, *gedéhulu* → **hulugedé*;
 - (3) *katanjembaran*, nyaéta unsur-unsurna teu bisa dijembaran séwang-séwangan tapi kudu duanana. Contona:
- huleng jentul → **panghulengjentulna**
 ***panghulengnajentul**
 ***huleng pangjentulna**

- 2) Kecap kantétan umumna ngandung hiji harti mandiri, nyaéta harti anu béda tina harti unsur-unsur pangwangan. Contona: amis budi hartina ‘lain budina anu amis’, tapi ‘marahmay, soméah’.

b. Wanda Kecap Kantétan

Kecap kantétan dibédakeun jadi dua rupa, nyaéta rakitan dalit (kompositum) jeung rakitan anggang (anéksi) (Sudaryat, 2013:62).

- 1) Kecap Kantétan Rakitan Dalit
- 2) Rakitan dalit, nyaéta kecap kantetan nu sipatna éksosentris, patali unsur-unsurna geus awor pisan nepi ka bener-bener mangrupa hiji kecap nu boga harti mandiri nu béda tina harti unsur-unsurna. Ku kituna, distribusina teu sarua jeung salahiji atawa sakabéh unsurna. Contona: panonpoé, kacapiring, parahulu, rajakaya
- 3) Kecap Kantétan Rakitan Anggang

Rakitan anggang nya éta kecap kantétan anu sipatna éndoséntris, patali unsur-unsurna can awor pisan, harti éta kecap kantétan masih katitén tina unsur-unsurna. Ku kituna, distribusina sok sarua jeung salahiji atawa sakabéh unsurna. Contona: seuri konéng, balé nyungcung, taleusateul, kacang panjang, kuda kacang, panonhideung, indungbapa.

c. Adegan jeung Fungsi Kecap Kantétan

Disawang tina warna kecapna, kecap kantétan téh mibanda fungsi pikeun ngawangun kecap barang (KB), kecap pagawéan (KP), kecap sipat (KS), kecap bilangan (KBil), jeung kecap pancén (KPac). Tiap warna kecap kantétan mibanda adegan séwang-séwangan (Sudaryat Spk., 2013).

- 1) Kecap Kantétan Barang

Kecap kantétan barang nyaéta kecap kantétan anu nuduhkeun warna kecap barang. Contona: *taleus ateul, julang ngapak, ketuk tilu, kedok bakal, kanjut kudang*.

Adegan kecap kantétan barang diwangun tina:

- (a) KB + KB : *panon poé, kaca piring, dunya barana, batu karang*
- (b) KB + KP : *daya cipta, batu tulis, suuk kulub, badak heuay*
- (c) KB + KS : *taneuh maneuh, balé nyungcung, janari leutik*
- (d) KB + KBil : *juru tilu, parapatan lima, kikiping dua*
- (e) KB + KPan : *kedok bakal*
- (f) KB + Proleksem: *sastrawan, wartawati, budiman*
- (g) KB + Cakal : *damar tumpuk, kanjut kundang*

2) Kecap Kantétan Pagawéan

Kecap kantétan pagawéan nyaéta kecap kantétan anu nuduhkeun warna kecap pagawéan. Contona: *nulak cangkéng, medal sila, diteureuy buleud, tepung lawung, lepas tangan, oléng pangantén, barangbéré, padalarang, silihasih*.

Adegan kecap akntétan pagawéan diwangun tina:

- (a) KP + KB : *olah raga, nulak cangkéng, mandi getih,*
- (b) KP + KP : *usul periksa, medal sila*
- (c) KP + KS : *kutuk gendeng, diteureuy buleud*
- (d) KP + Cakal : *tepung lawung, ayun ambing*
- (e) KS + KB : *lepas tangan,*
- (f) KS + KP : *suka seuri*
- (g) Cakal + KB : *ulung tangan, oléng pangantén*
- (h) Cakal + KP : *ujuk uninga, ucang anggé*
- (i) Cakal + Cakal : *gulang gapér*
- (j) Proleksem + KP : *barangbéré, barangbeuli, silihsimbeuh, silihdupak, pili(h)genti, pilihkasih, padalarang, padadatang.*

3) Kecap Kantétan Sipat

Kecap kantétan sipat nyaéta kecap kantétan anu nuduhkeun warna kecap sipat. Contona: haneut moyan, ngégél curuk, duum tinggi, jangkung lenjang, mangsa bodo.

Adegan kecap kantétan sipat diwangun tina:

- (a) KS + KS : *sirik pidik, leuleus liat*
- (b) KS + KB : *gedé hulu, héjo tihang*
- (c) KS + KP : *pinter kodék, seukeut deuleu*

- (d) KS + KBil : beurat sabeulah, alus sawaréh
- (e) KS + Cakal : runtut raut, handap asor
- (f) KP + KB : saur manuk, ngégél curuk
- (g) KP + KP : welas asih, ngaleut ngeungkeuy
- (h) KP + KS : seuri konéng, kutuk gendeng
- (i) KP + KPan : liwat saking
- (j) Cakal + Cakal : gurung gusuh, harung gampung
- (k) Cakal + KPan : kejot borosot, api lain

4) Kecap Kantétan Bilangan

Kecap kantétan bilangan nyaéta kecap kantétan anu nuduhkeun warna kecap barang. Contona: dua puluh dua, dua likur, dalapan turuy, lima losin, tujuh widak.

Adegan kecap kantétan bilangan diwangun tina:

- (a) KBil + KBil : lima puluh dalapan
- (b) KBil + KB : dalapan urang
- (c) KBil + Cakal : dua welas, lima likur, opat widak

5) Kecap Kantétan Pancén

Kecap kantétan pancén nyaéta kecap kantétan anu nuduhkeun warna kecap pancén. Contona: ku kituna, parandéné kitu, sok sanajan, sigana baé, moal boa.

Adegan kecap kantétan pancén diwangun tina:

- (a) KP + KPt : nepi ka, aya ku
- (b) KPan + KPan : moal boa, teu wudu, nga ukur
- (c) KPan + KPt : jaba ti, lian ti, sajaba ti
- (d) KPan + KPany : sok sanajan
- (e) KPan + KB : nya éta, teu pati, teu sakumaha
- (f) KPan + KB + KPan : nya kitu kénéh, pon kitu deui, pon kitu kénéh
- (g) KPt + KB : di antarana, di hareupeun, ku jalan, ku cara, ku kituna
- (h) KPt + KPany : ku sabab, ku lantaran, ti barang
- (i) KPT + KPany + KB : ku sabab kitu, ku lantaran kitu
- (j) KPany + KPany : da bongan, nu matak
- (k) KPany + KPan : mun seug, lamun seug, komo deui

- (l) Proleksem + Proleksem : singsarwa
 (m) KS + KBil : sala(h)sahiji, sala(h)saurang,
 sala(h)sawios

d. Harti Kecap Kantétan

Runtuyan kecap-kecap anu ngawangun kecap kantétan umumna henteu ngahasilkeun ma'na gramatikal, tapi ilaharna mah ma'na husus anu mandiri. Harti dina kecap kantétan umumna hésé disungsi hartina lantaran ngawangun harti anyar. Najan kitu, aya sababaraha kecap kantétan anu bisa kénéh kapaluruh harti gramatikalna saperti ieu di handap (Sudaryat, 2013:84-152).

1) Harti Kecap Kantétan Barang

Kecap kantétan barang boga sababaraha harti, di antarana, nuduhkeun:

- a) harti 'tempat': *buku tulis, méja makan, kamar mandi*.
- b) harti 'waktu migawéna': *dahar isuk, solat peuting*
- c) harti 'jinis': *suuk kulub, sangu liwet, cau ambon.*
- d) harti 'hasil': *kulub suuk, sangray jagong, seupan cau*
- e) harti 'asal': *dodol garut, tahu sumedang, peuyeum bandung.*
- f) harti 'jumlah': *indung bapa, nini aki, adi lanceuk*
- g) harti 'bahan': *peti beusi, korsi hoé, jékét kulit*
- h) harti 'saméméh': *praduga, prasaran, prasajarah*
- i) harti 'sabada': *pascasarjana, pascapanén*
- j) harti 'ahli/tukang': *sastrawan, wartawati, budayawan, seniman*

2) Harti Kecap Kantétan Pagawéan

Kecap kantétan pagawéan boga sababaraha harti, di antarana, nuduhkeun:

- a) Harti 'tambahan': *tepung lawung*
- b) Harti 'alat': *maén bal, ngadupanggal*
- c) Harti 'ngeunaan (hal)': *unjuk uninga*
- d) Harti 'pabales-bales': *silihsimbeuh, silihgitik*
- e) Harti 'giliran': *pili(h)genti, silihgenti*
- f) Harti 'paunggul-unggul (kompetitif)': *silihudag*

- g) Harti ‘kalakuan teu tangtu’: *barangtanya, barangbeuli*
 - h) Harti ‘jama ngalakukeun’: *padadatang, padamelong*
 - i) Harti ‘dina/kana’: *nulak cangkéng, nanggeuy gado, nangkeup harigu*
 - k) Harti ‘dina waktu’: *salat peuting, dahar soré*
- 3) Harti Kecap Kantétan Sipat
- Kecap sipat kantétan miboga harti, di antarana:
- a) Harti ‘jeung’: *handap asor, runtut raut, harung gampung*
 - b) Harti ‘saperti’: *saur manuk*
 - c) Harti ‘ka’: *beurat sabeulah*
 - d) Harti ‘ngeunaan’: *pinter kodék, seukeut deuleu, hideung santen*
- 4) Harti Kecap Kantétan Bilangan
- Harti kecap bilangan kantétan bilangan muncul balukar tepungna duna kecap atawa leuwih. Harti kecap bilangan kantétan, di antarana, nuduhkeun:
- a) Harti ‘jumlah’: sarebu lima ratus dua
 - b) Harti ‘titikelan’: dalapan urang, lima héktar
 - c) Harti ‘jumlah bilangan kali hiji...’: opat welas, lima ratus
 - d) Harti ‘nepi ka/wates: dua tilu urang, lima genep kali mah
 - e) Harti ‘panyarta (ka-... jeung)’: katilu budak, kadua pamajikan
- 5) Harti Kecap Kantétan Pancén
- Kecap kantétan pancén atawa kecap pancén kantétan mibanda sababaraha harti, di antarana waé, nuduhkeun:
- a) Harti ‘miluhur’ (elatif): aya ku, teuing ku
 - b) Harti ‘kamungkinan’: moal boa
 - c) Harti ‘pangwates’: ngan ukur, ngan sakadar
 - d) Harti ‘miyuni’ (atenuatif): teu pati, teu sakumaha, teu sabaraha
 - e) Harti ‘pilihan’: sala(h)sahiji, sala(h)saurang, sala(h)sawios
 - f) Harti ‘kadalon’ (eksesif): liwat saking, béak karep
 - g) Harti ‘kahéran’: manahoréng
 - h) Harti ‘sarat’ (kondisional): mun seug, lamun seug, komo deui
 - i) Harti ‘pangjumlahah’: jaba ti, lian ti, sajaba ti
 - j) Harti ‘panganteb’: nya kitu kénéh, pon kitu deui, pon kitu kénéh
 - k) Harti ‘sabab’: ku sabab, ku lantaran

- l) Harti ‘panyindek’: ku sabab kitu, ku lantaran kitu, ku kituna, najan kitu
- m) Harti ‘hasil’: nu matak da bongan
- n) Harti ‘ngaku’ (konsésif): sok sanajan
- o) Harti ‘tumuluy’ (kontinuatif): geus kitu, sanggeus kitu
- p) Harti ‘waktu’ (témporal): ti barang, ti mimiti
- q) Harti ‘cara’ (sirkumtansial): ku cara, ku jalan
- r) Harti ‘akibat’ (konséktif): nepi ka
- s) Harti ‘tempat’: di gigireun, di hareupeun, di tukangeun
- t) Harti ‘pangbanding’: ti batan, ti manan, alah batan, alah manan
- u) Harti ‘bagian’: di antara
- v) Harti ‘sagala’: singsarwa
- w) Harti ‘konéktif’: nyaéta
- x) Harti ‘mokaha’: teu wudu
- y) Harti ‘mupuas’: hag siah
- z) Harti ‘umajak’: yu atuh

Pancén

Pék baca téks carpon ieu di handap!

PILEULEUYAN PANON POÉ

Ami Raksanagara

Ti saprak kawin imah-imah téh sasuhunan baé jeung indung jeung bapa. Puguh da tacan boga imah sorangan. Enggeus ari usul mah ka kantor susuganan meunang imah dines. Kabeneran kuring jeung salaki digawé di instansi nu sarua, pada-pada ngajar. Harita mah dosén téh tacan loba siga ayeuna, jadi nyaho pisan lamun aya dosén pindah ka luar ti kampus téh pasti aya imah anu kosong. Atuh kuring nyaksian deuih harita mah masih kénéh diwangun komplék imah keur dosén. Ngan kacirina rada leutik lamun dibandingkeun jeung imah anu diwangun mimiti.

Kurang leuwih genep bulan sanggeus kawin aya béja, kuring bakal meunang imah di kampus beulah kalér. Maké jeung bisa kénéh nolak harita mah, alesanana péda cuw-cew béja aya tatangga kurang hadé. Dasar milik baé, bet

aya dosén kuring ka luar negri. Bumi nu dieusianana geus tilu bulan kosong. Anjeunna geus angkat. Tah, ku bagéan perumahan ditawaran nu éta. Komo waé atoh mah. Éta imah urut dosén nu ngajar kuring duaan basa keur jadi mahasiswa kénéh.

Keur ukuran kuring mah ieu imah téh gedé pisan. Kitu deui buruanana lega. Ti barang sup ogé ka ieu imah, malah saméméh nyaho di jerona ogé haté téh geus srek baé panuju. Alhamdulillah, tepi ka kiwari kuring masih keneh nyicingan ieu imah. Teu karasa geus méh opat puluh taun.

Ieu imah nyanghareup ngidul. Jalan di hareupeun imah kuring wates kampus pangkidulna. Peuntaseun jalan mah geus lain buruan kampus deui, tapi kampung. Enya da harita mah palebah dinya téh tanahna réa kénéh imah panggung tina bilik. Buruanana masih kénéh lalega, tatangkalan galedé réa kénéh, ruyuk awi gé aya sababaraha gunduk. Balong joung kuburan gé atra kénéh. Istuning imah nu dicicingan ku kuring mah pangkidulna ti kampus téh jeung di juru.

Lamun jalan-jalan ka beulah kulon, beuki loba ku urang katémbong, réa kénéh kebon. Kebon buncis kebon térong, saladah bokor, malah tangkal kawung ogé aya kénéh. Jalanna tacan diaspal, ukur jalan taneuh anu dipadetkeun. Kurang leuwih 200 méter ti imah kuring ka kulonkeun, aya ruyuk awi, palataranana lalening, hawana tiis. Éta palataran téh sok dipaké ngadu domba. Pada ngadeugdeug ku sakur nu mikacinta domba adu, najan ti luar kota gé. Sesepuhna téh katelah Mang Bohon. Anjeunna kawentar ogé jadi bengkel tulang, tukang nyageur-nyageurkeun nu cilaka nu tulangna potong, nu kacilakaan. Mindeng nyaksian anu ngaliwat néangan Mang Bohon, da puguh imah kuring kaliwatan. Aya anu digagandong, aya anu kana mobil, sakapeung mah kuring sok pareng katanyaan ku nu rék ka Mang Bohon. Ayeuna mah anjeunna geus teu aya geus pupus, tapi masih aya kénéh anu jadi bengkel tulang téh nya éta putrana.

Dicutat tina

Lir Cahaya Nyorot Eunteung

Pancén nu kudu dipigawé ku Sadérék:

1. Catet sakabéh kecap kantétan nu aya dina cutatan carpon di luhur!
2. Pasing-pasing kana kecap kantétan rakitan dalit jeung rakitan anggang!
3. Rumuskeun pola-polana!
3. Naon harti tina éta kecap kantétan!

2. Kecap Wancahan

Kecap wancahan nyaéta kecap anu diwangun ku cara mondok-keun kecap atawa kantétan kecap. Prosés ngawangun kecap wancahan disebutna *ngawancah* (abréviasi) (Sudaryat, 2013). Aya sababaraha rupa kecap wancahan saperti ieu di handap.

a. Kecap Tingkesan

Kecap tingkesan (akronim), nyaéta kecap wancahan anu mangrupa kantétan aksara atawa engang nu diucapkeun jadi hiji kecap.

Contona:

<i>Disbudpar</i>	←	Dinas budaya dan pariwisata
<i>Diknas</i>	←	<i>Pendidikan Nasional</i>
<i>Dikdasmen</i>	←	Pendidikan Dasar dan Menengah
<i>Kadés</i>	←	Kepala Désa
<i>Pemda</i>	←	Pemerintah Daerah
<i>Puskesmas</i>	←	Pusat Keséhatan Masyarakat
<i>tilang</i>	←	bukti pelanggaran

b. Kecap Singgetan

Kecap singgetan nyaéta kecap wancahan anu mangrupa kantétan aksara atawa engang anu diéjah masing-masing. Contona:

<i>MTs</i>	←	Madrasah Tsanawiah
<i>PGRI</i>	←	Persatuan Guru Republik Indonesia
<i>RRI</i>	←	Radio Républik Indonésia
<i>SD</i>	←	Sakola Dasar
<i>SMP</i>	←	Sakola Menengah Pertama
<i>UPI</i>	←	Universitas Pendidikan Indonésia

c. Kecap Tangkesan

Kecap tangkesan (haplogogi)nyaéta kecap wancahan anu diwangun ku cara ngaleungitkeun sora atawa engang nu ngaruntuy babarengan. Contona:

dékah	←	déwék mah
urangah	←	urang mah
cekéng gé	←	ceuk aing ogé
cenah	←	cek batur mah
taktagé	←	nu matak ogé

d. Kecap Memet

Kecap memet (réduksi) nyaéta kecap wancahan anu diwangun ku cara nyokot engang penting tina kantétan kecap. Kecap memet nyaéta kecap nu asalna mangrupa kalimah (omongan). Tina sawatara kecap nu penting dicokot saengang dua engang, tuluy dihijiikeun. Contona:

batagor	←	kadaharan anu dicampur tina baso jeung tahu digoréng
comro	←	kadaharan anu oncom ti jerona
géhu	←	kadaharan anu asalna tina togé jeung tahu
kirata	←	dikira-kira sugar nyata
misro	←	kadaharan anu amis ti jerona
sukro	←	kadaharan anu suuk ti jerona

e. Kecap Sirnaan

Kecap sirnaan nyaéta kecap wancahan anu diwangun ku cara miceun sawatara foném tina kantétan kecap bari teu ngarobah harti. Aya tilu rupa kecap sirnaan, nyaéta sirnapurwa, sirnamadya, jeung sirnawekas.

1) *Sirnapurwa*

Sirnapurwa (aférésis), nyaéta kecap wancahan anu ngaleungitkeun fonem atawa engang mimiti tina hiji kecap. Contona:

adyaksa	→	jaksa
examen	→	samen
umilu	→	milu

ksatria → *satria*

2) **Sirnamadya**

Sirnamadya (*sinkope*), nyaéta kecap wancahan anu ngaleungitkeun foném atawa engang tengah tina hiji kecap.

Contona:

<i>niyata</i>	→	<i>nyata</i>
<i>banderol</i>	→	<i>banrol</i>
<i>émbér</i>	→	<i>émér</i>
<i>sendal</i>	→	<i>senal</i>
<i>officier</i>	→	<i>opsir</i>

3) **Sirnawekas**

Sirnawekas (*apokope*) nyaéta kecap wancahan anu ngaleungitkan foném atawa engang tungtung tina hiji kecap.

Contona:

<i>benzine</i>	→	<i>bén(g)sin</i>
<i>experiment</i>	→	<i>ékspérimén</i>
<i>présidént</i>	→	<i>présiden</i>

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan

Jawab atawa tétélakeun sakur pananya jeung paréntah ieu di handap!

1. Tétélakeun ciri-ciri kecap kantétan! Contoan!
3. Tétélakeun sasaraan jeung bédana ieu kecap kantétan:
panonpoé x *taleus ateul*
kacapiring x *kuda kacang*
4. Tétélakeun fungsi jeung harti kecap kantétan ieu di handap:
 - a) *taleus ateul, dahar isuk, solat peuting;*
 - b) *maén bal, ngadupanggal;*
 - c) *pinter kodék, seukeut deuleu;*
 - d) *dalapan urang, lima héktar;*
 - e) *sala(h)sahiji, sala(h)saurang, sala(h)sawios*
2. Tétélakeun naon bédana di antara kecap wancahan: *kecap tingkesan, kecap tangkesan, kecap singgetan, kecap memet, jeung kecap sirnaan!* Contoan!
5. Kumaha pamadegan Sadérék ngeunaan kecap memet? Dina buku *Kandaga Tatabasa* karangan R. Momon Wirakusumah & H.I.B Djajawiguna diasupkeun hiji wangun kecap misah tina kecap wancahan?

F. Tingkesan

Kecap kantétan nyaéta kecap anu diwangun ku cara ngantétkeun dua wangun dasar, boh cakal jeung cakal boh kecap jeung kecap, atawa campuran duanana, sarta ngandung harti anu mandiri. Prosés ngawangun kecap kantétan disebut *ngantétkeun (komposisi)*. Kecap kantétan mibanda ciri katanseselan, katanjembaran, jeung katanbalikan.

Aya dua rupa kecap kantétan, nyaéta (1) kecap kantétan rakitan dalit anu unsur-unsurna teu bisa dipisahkeun saperti *panon poé*; (2) kecap kantétan rakitan anggang anu unsur-unsurna bisa dipisahkeun saperti *taleus ateul*.

Kecap kantétan mibanda fungsi jeung harti. Fungsi kecap kantétan nyoko kana ngawangun kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, kecap

bilangan, jeung kecap pancén. Ari harti kecap kantétan nyoko kana tatali antarunsurna saperti ‘alat’, ‘tempat’, ‘asal’, jsté.

Kecap wancahan nyaéta kecap anu diwangun ku cara mondok-keun kecap atawa kantétan kecap. Prosés ngawangun kecap wancahan disebutna *ngawancah (abréviasi)*.

Aya sababaraha rupa kecap wancahan, nyaéta (1) kecap tingkesan, (2) kecap singgetan, (3) kecap tangkesan, (4) kecap memet, jeung (5) kecap sirnaan. Limaanana dibédakeun tina cara jeung prosés ngawangunna. Malah dina buku Tatabasa Sunda heubeul, kecap memet téh dipisahkeun tina kecap wancahan minangka hiji wangun kecap.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar IX Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres bahan dina Kagiatan Diajar VIII, pangpangna bahan nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 9

WANGUN JEUNG EUSI WAWACAN

A. Tujuan

Dina enas-enasna wawacan mangrupa karya sastra buhun minangka pangaruh tina sastra Jawa. Wawacan disusun dina rupa-rupa wangun pupuh dumasar kana aturan pupuh jeung struktur carita nu tangtu. Ku kituna, sanggeus réngsé ngulik Kagiatan Diajar IX, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun wangenan wawacan, judul wawacan jeung pangarangna, ngajéntrékeun wangun jeung eusi wawacan, sarta sasmita pupuh dina wawacan.

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar IX, Sadérék dipiharep meunang kamampuh pikeun nerangkeun

1. wangenan wawacan;
2. kamekaran wawacan;
3. fungsi wawacan;
4. wangun jeung eusi wawacan; jeung
5. sasmita pupuh dina wawacan.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta ngaidéntifikasi wawacan dina sastra Sunda. Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi lima, nyaéta:

1. ngajéntrékeun wangenan wawacan;
2. ngajéntrékeun kamekaran wawacan;
3. ngajéntrékeun fungsi wawacan;
4. ngajéntrékeun wangun jeung eusi wawacan; jeung
5. ngajéntrékeun sasmita pupuh dina wawacan.

C. Pedaran Matéri

1. Watesan Wawacan

Naon ari wawacan dina sastra Sunda téh? Wawacan asal kecapna tina “waca” jeung “baca” anu hartina sagala anu dibaca atawa anu bisa dibaca (Rosidi, 2011:11). Wawacan nyaéta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh (Iskandarwassid, 2003:168). Wawacan nyaéta buku carita nu didangding, biasana sok ditembangkeun (Satjadibrata, 1946). Wawacan mangrupa karya sastra Sunda dina wangun tinulis, mimitina dina wangun naskah, tuluy dicetak tur dijieun buku. Wawacan nyaéta karya sastra anu ditulis dina wangun pupuh. Téks wawacan umumna panjang lantaran eusina mangrupa carita. Lian ti éta, palaku dina carita wawacan jumlahna loba. Pupuh anu dipaké dina wawacan gunta-ganti luyu jeung robahna épisodeu. Aya ogé wawacan nu eusina lain narasi tapi déskripsi (Ruhaliah, 2013:2).

Ku lantaran ngalalakon, téks wawacan umumna paranjang, mindeng gunta-ganti pupuh, jeung biasana marengan ganti épisodeu. Unggal pupuh geus aya laguna anu matok. Pupuh anu dipaké dina wawacan aya 17 pupuh, nyaéta Asmarandana, Balakbak, Dangdanggula, Durma, Gambuh, Gurisa, Jurudemung, Kinanti, Ladrang, Lambang, Magatru, Maskumambang, Mijil, Pangkur, Pucung, Sinom, jeung Wirangrong.

Wawacan ditulis dina wangun pupuh tur ditepikeun sacara lisan (ditembangkeun) dina pagelaran ritual nu disebut beluk. Di daerah nu tangtu, beluk disebut macapat nu asalna tina basa Jawa macapat (dibaca: *mocopat*) jeung di daerah Majalengka disebut gaok (Ruhaliah, 2013:5). Tapi henteu sakabéh lalakon wawacan biasana dipidangkeun dina beluk (Iskandarwassid, 2003:168). Nurutkeun Sumardjo (2011:108), seni beluk mangrupa seni maca wawacan di hareupeun umum. Lamun aya seni beluk, geus tangtu aya wawacan.

2. Sajarah Kamekaran Wawacan

Gelarna wawacan dina sastra Sunda téh lantaran pangaruh tina sastra Jawa. Asupna kana sastra Sunda kira-kira dina mangsa kadua abad ka-19. Harita Tatar Sunda dieréh ku Karajan Mataram (Islam). Parabupati Sunda, utamana anu wewengkon Priangan, wajib séba ka Mataram. Ayana di Mataram téh tara sakeudeung-sakeudeung. Balikna mawa sawatara adat-cahara di ditu ka Tatar Sunda. Salian ti éta, teu saeutik deuih pangagung urang Mataram anu ditempatkeun di Urang. Éta kaayaan téh beuki nguanan adat-cahara anyar paraménak Sunda. Pangaruhna dina widang sastra, urang Sunda mimiti wanoh kana guguritan jeung wawacan.

Lain paraménak baé deuih anu gedé andilna asupna wawacan kana sastra Sunda téh. Paraulama ogé teu éléh gedé andilna. Kalolobaan ulama atawa ajéngan anu boga pasantréni di urang, saméméhna kungsi masantréni di Wétan. Teu béda ti parabupati, balikna mawa adat-cahara ti ditu. Nya di antarana mawa wangun guguritan jeung wawacan. Malah nerékapna para ajéngan. Salah sahiji buktina, nepi ka kiwari masih kénéh kapanggih wawacan-wawacan anu ditulis ku aksara Arab (Pégon) di pilemburan anu singkur. Eusina mangrupa da'wah Islamiyah.

Mekarna wawacan dina sastra Sunda téh ngaliwatan sababaraha tahap. Dina tahap kahiji lalakon-lalakon wawacan tina sastra Jawa téh langsung disalin, henteu disundakeun, mangrupa naskah. Tahap kadua, témbong usaha narjamahkeun (nyalin) kana basa Sunda, sangkan eusina kaharti ku balaréa. Tahap katilu, lain narjamahkeun, tapi nyipta carita-carita nu geus nyampak ti baheula dina wangun wawacan, saperti tina dongéng, hikayat, jeung babad. Tahap kaopat, sabada aya téknologi citak, wawacan anu tadina mangrupa naskah téh réa anu diterbitkeun mangrupa buku; dibarengan ku ciptaan-ciptaan alanyar, sarta wandana ogé anyar.

Wawacan lain wangun karya sastra Sunda asli lantaran kapangaruhan ku sastra Jawa nu asup ka kaum bangsawan (wewengkon kabupatén) jeung ulama Islam (pasantréni) di tatar Sunda. Asupna pangaruh Jawa kana sastra Sunda aya dina abad ka-18, katitén tina ayana wawacan nu judulna Cariosan Prabu Siliwangi nu ditulis antara taun 1746-1753 Maséhi.

Pangaruh Mataram sacara politis di daerah Priangan ti kuartal kahiji abad ka-17. Ti harita, basa Jawa dipaké salaku basa dines dina pamaréntahan di Priangan jeung dipaké alat komunikasi antara Priangan jeung Mataram. Antukna sastra Jawa asup ka wewengkon kabupatén tur dipikaresep ku ménak. Lian ti éta, sumebarna agama Islam ka daerah-daerah Jawa Barat ngabalukarkeun wawacan asup ka pasantréng ngaliwatan para ulama Jawa/Cirebon. Sumebarna tembang macapat di ulama Islam patali jeung tradisi sajarah Jawa dina periode Islam. Ieu katitén yén dina mangsa periode Islam, tembang macapat mangrupa salasahiji unsur budaya Jawa nu dijiejun ku para wali.

Nurutkeun Iskandarwassid (2003), mimiti mekarna wawacan dibawa ku para ulama di pasantréng-pasantréng jeung bupati sarta pamongpraja nu pernah diajar pupuh jeung basa Jawa. Ieu katitén tina lobana wawacan nu eusina mangrupa ajaran agama Islam jeung carita Islami boh saduran boh asli. Dina kamekaran saterusna, wawacan sumebar di para bangsawan jeung priyayi Sunda saperti bupati, demang, jeung pejabat agama Islam (panghulu jeung Kalipah).

Ékadjati (dina Ruhaliah, 2013: 6) nétélakeun yén idéntitas nu nulis atawa nu nyusun naskah asalna ti kahirupan sosial nya éta wewengkon karaton/pendopo, agama (mandala, pasantréng, kaum), jeung wewengkon rahayat biasa (tani, tokoh adat, duku, guru). Wawacan di wewengkon pendopo réréana ditylis ku aksara cacarakan, ari di wewengkon pasantréng lolobana maké aksara Pégón. Sanggeus dipikawanoh budaya maca jeung nulis aksara Latin di masarakat Sunda jeung ayana percetakan ku pamaréntahan Walanda, tuluy wawacan ditulis jeung dicetak dina aksara Latin.

Wawacan sumebar dina abad ka-19 nepi abad ka-20. Wawacan nu mimiti dicetak nya éta *Wawacan Raja Sudibja* nu ditulis ku Muhammad Musa taun 1862 maké aksara Cacarakan. Di Bandung dicitak *Wawacan Angling Darma* karya R.A.A. Martanagara taun 1906.

Nurutkeun Rosidi (dina Ruhaliah, 2013:8), dina ahir abad ka-19 nepi abad ka-20 wawacan diangken salaku puncak cita-cita kasusastraan Sunda. Nu nulis wawacan ogé nambah réa lain ngan saukur di pasantréng jeung bangsawan wungkul, tapi ogé guru jeung pagawé pamaréndah. Dina taun 1864, Haji Hasan Mustapa lalajo tembang beluk salaku salasahiji kasenian nu dipagelarkeun dina acara manggul paré nu Dalem Garut (Lubis dina Ruhaliah, 2013:8).

Mekarna wawacan kaitung gancang sanggeus diajarkeun pupuh di sakola-sakola. Lian ti éta wawacan dipintonkeun ogé dina acara beluk, mamaca atawa gaok (Majalengka) nu dijadikeun media dina ngawanohkeun téks wawacan di masarakat. Dina mangsa Perang Dunia II nepi ka ayeuna, geus jarang aya nu nulis wawacan.

Téks wawacan nu dibaca dina beluk biasana dipilih luyu jeung tujuan pagelaran. Wawacan nu didangdingkeun dina acara ngabagéakeun orok nu kakara babar biasana maké *Wawacan Nabi Paras, Layang Séh Abdulkadir Jaélani*. Wawacan nu didangdingkeun dina acara kawinan nya éta *Wawacan Suryanala, Wawacan Danumay*.

3. Fungsi Wawacan

Nurutkeun Ruhaliah (2013:62), fungsi wawacan aya dua nya éta fungsi wawacan salaku wangunna (naskahna) jeung fungsi wawacan salaku eusina (caritana). Salaku wangun, fungsi wawacan kabagi jadi tilu, nya éta (1) salaku *benda keramat* nu dianggap suci, (2) papagon masarakat nu tangtu, jeung (3) wangun pangdeudeul karaton/pendopo.

Salaku carita, fungsi wawacan kabagi jadi opat, nya éta (1) alat *légitimasi* nu nyekel kakawasaan (raja, bupati) jeung turunanna, (2) papagon hirup di masarakat nu tangtu, (3) papagon pikeun mikawanoh silsilah kulawarga, jeung (3) némbongkeun pangaruh raja/bupati jeung turunannana.

4. Papasingan Wawacan

a. Wawacan Dumasar kana Sumber Tulisan

1) Wawacan Saduran

a) Wawacan tina sastra Jawa

Wawacan Golék Kancana, Wawacan Sumpena, Wawacan Sekar Taji, Wawacan Panjiwulung, Wawacan Jaka Sundang, Wawacan Bayawak, Wawacan Paku Alam, Wawacan Panji Kernengpati, Wawacan Candra Kirana, Wawacan Cuminalaya, Wawacan Rahwana, Wawacan Damarwulan, Wawacan Pua-pua Bermanasakti, Wawacan Bermana Alam, jeung Wawacan Gandamanah.

b) Wawacan tina sastra Arab jeung lalakon Islamisasi

- (1) *Wawacan Babar Nabi, Wawacan Paras Adam, Babad Mekah, Sajarah Ambiya, Wawacan Paras nabi, Wawacan Abdullah, Carita kanjeng Nabi, Wawacan Patimah, jeung Wawacan Rawi Mulud.*
- (2) *Sajarah Lampahing Para Wali Kabéh, Sajarah Sunan Gunung Jati, Sajarah Para Olia, Babad Cirebon, jeung Wawacan Wali Sanga.*
- (3) *Wawacan Nusa Jaladri, Wawacan Samaun, Wawacan Nata Kusumah, Wawacan Budiman, Abdurrahman jeung Abdurrahim (sumberna tina carita Seribu Satu Malam/Alf Layla wa Layla), Wawacan Gandawerdaya, Wawacan Gandasari, Wawacan Amir Hamzah, Wawacan Gagak Lumayung, Babad Godog, Carita Sunan Rahmat, Wawacan Walangsungsang, jeung Wawacan Rarasantang.*
- (4) *Wawacan Amir Hamzah, Wawacan Lokayanti, Wawacan Umar Maya, Wawacan Bentil Jemur, Wawacan Prabu Rara Dewi, Wawacan Seh Mardan, Wawacan Ahmad Muhamad, Wawacan Hasan Sodik, Wawacan Istambul, Wawacan Séh Abdul Kodir Jaélani, Wawacan Lukmanulhakim, Wawacan Rengganis, Wawacan Padmasari, jeung Wawacan Abunawas.*

c) Wawacan saduran tina sastra Barat

Wawacan Pangeran Hamlet, Wawacan Prabu Odyseus, Wawacan lalampahan Sudagar Mulapar.

d) Wawacan saduran tina genre séjén dina sastra Sunda

Carita wayang: Ekalaya Palastra, Serat Rama, Angling Darma, Damar Wulan, jeung Mahabarata.

e) Carita pantun: Wawacan Mundinglaya, Nyai Sumur Bandung,

Wawacan Lutung kasarung, Ciung Wanara, Wawacan Sulanjana, jeung Sri Dangdayang Tresna Pohaci.

f) Wawacan tina sajarah lokal (babad) jeung biografi tokoh

Babad Cirebon, Babad Dipati Imbanagara, Sajarah Cikundul, Babad Panjalu, Wawacan Babad Sukapura, Kidung Sunda, Babad Banten Girang, jeung Regen Boncel Bupati Caringin.

g) Wawacan anu eusi téksna lain saduran

Rusiah nu Kasép, Enden Sari Banon, Rusiah nu Geulis, Lenggang Kancana, Dipati Imbanagara, Abdulkomar, Agus Gembang, Bispupraja, Dongéng-dongéng Jaman Baheula, Dongéng-dongéng Tuladan, Enden Siti, Enden Sari Banon, Enden Yuyu, Jaka Bagja, Jaka Sundang, Wawacan nu Kaleungitan Carogé, Regen Boncél Bupati Caringin, jeung Wawacan Juag Tati.

2) Wawacan Dumasar kana Bahan Nulisna

a) Lontar: *Babad Ratu Galuh* jeung *Babad Galuh*

b) Kertas saéh (daluang): *Surat Catatan Pribadi, Tauhid jeung Silsilah, Carita Nabi Yusuf, Kitab Safinatul Nadja, Tasawuf, Carita Suluk Ratu Rama, Primbon-Mujarobat*, jeung *Cariosan Prabu Siliwangi*.

c) Kertas Éropah: *Babad Godog, Sejarah Sumedang, Sejarah Cirebon, Talaga Manggung, Danumaya, Ciung Wanara*.

d) Kertas pabrik Indonésia: *Sejarah Wali, Babad Gebang, Rara Mendut, Babad Galuh, Babad Mataram*.

3) Wawacan Dumasar kana Basa anu Dipakéna

a) Wawacan dina basa Sunda: *Sejarah Kian Santang, Sejarah Cikundul, Jaka Paringga, Talaga Manggung, Sejarah Sumedang*.

- b) Wawacan dina basa Jawa: *Babad Pasir, Sejarah Cirebon* (basa Jawa Cirebon), *Babad Ratu Galuh, Ciung Wanara, Wahosan Cihung Wanara*.
- c) Wawacan nu ditulis leuwih ti hiji basa:
 - (1) *Surat-Catatan Pribadi* (basa Arab jeung Jawa);
 - (2) *Sejarah Cirebon* (basa Indonesia jeung Jawa);
 - (3) *Sejarah Sumedang* (basa Sunda jeung Jawa);
 - (4) *Babad Talaga dan Lalakon ka Tanah Suci* (basa Sunda jeung Jawa);
 - (5) *Hikayat Kangjeng Nabi Muhammad SAW* (basa Sunda jeung basa Arab).

4) Wawacan Dumasar kana Aksara anu Dipakéna

Aksara-aksara nu dipaké pikeun nulis wawacan nya éta aksara Cacarakan (Jawa), aksara Pégon, aksara Latin, jeung wawacan nu ditulis maké loba aksara.

- a) **Aksara Cacarakan:** *Surat-Catatan Pribadi, Sejarah Cirebon, Babad Galuh, Babad Pakuan, Babad Banyumas.*
- b) **Aksara Pégon:** *Sejarah Cikundul, Babad Gebang, Talaga Manggung, Sejarah Sumedang, Panji Wulung.*
- c) **Aksara Latén:** *Natakusumah, Surat Pengukuhan Makam, Babad Talaga, Lalakon ka Tanah Suci, Abunawas, Samaun, Paras Adam.*
- d) **Loba Aksara:** *Uga Bandung (Rupa-rupa Peringatan), Surat Catatan Pribadi, Rengganis, Kitab Bayan, Suluk Adam.*

5) Wawacan Dumasar kana Eusi Téks

- a) **Agama:** *Suluk, Suluk Daka, Wawacan Majapahit, Wawacan Pangajaran Agama Islam, Paras Adam, Wawacan Suluk Ki Ganda jeung Ki Sari*
- b) **Kamasarakatan:** *Wawacan Adat Ngurus Orok, Wawacan Adat Urang Pasundan, Wawacan Ilmu Sajati, Wawacan Putri Nista, Wawacan Sultan Mahmud, Pustaka Jati, Kitab Naséhat, Piwulang Batara Sunu, jeung Bidayatussalik.*
- c) **Mitologi/Légénda:** *Lalakon Budug Basu, Wawacan Sulanjana.*
- d) **Atikan:** *Ieu Wawacan Papatah Paratana ka Carogé, Wawacan Piwulang Istri, Wawacan Perlampah anu Kurenan.*
- e) **Pangaweruh:** *Wawacan Élmuning Tani, Wawacan Bab Nyangkok Ngadeeder.*

- f) **Sastra:** *Amongsari jeung Lembusari, Carios Bermana Sakti, Wawacan Jaka Priangan, Lalakon Samaun, Wawacan Syeh Baginda Mardan, Lalakon bin Entam, Layang Gandaresmi*, jrrd.
- g) **Sastra Sajarah jeung Sajarah:** *Babad Tanah Pasundan, Babad Sumedang, Babad Banten, Babad Cerbon (Babad Cirebon), Babad Pajajaran, Babad Sunda, Babad Galuh, Wawacan Banten Girang, Wawacan Lampahing Para Nabi*, jrrd.

6) Wawacan Dumasar kana Karakter Palakuna

- a) Wawacan nu Tokohna Jalma-Jalma Sakti: *Wawacan Rengganis, Wawacan Jayalalana, Wawacan Umar Maya*, jrrd.
- b) Wawacan nu Tokohna Jalma Biasa: *Wawacan Panji Wulung, Wawacan nu Kaleungitan Carogé, Wawacan Carios Munada, Regen Boncel Bupati Caringin*.

2. Sasmita Pupuh dina Wawacan

Tina sempalan wawacan di luhur, umumna watek-watek pupuh téh masih kénéh katémbong dina wawacan. Salian ti watek pupuh, dina wawacan ogé aya anu disebut sasmita pupuh. Sasmita pupuh nyaéta kalimah atawa kekecapan pikeun pananda pupuh sapandeuriéunana (Sudaryat Spk., 2007). Contona dina sempalan *Wawacan Panji Wulung* di luhur. Tengétan pada panungtung dina pupuh Sinom:

*Ngomong sajroning pikiran,
dalah ieu manggih deui
kabeneran bagja awak.
aing bakal nyorén keris,
nu boga budak leutik,
sarta hiji lawan tilu,
ti dinya tuluy nanya,
hé Agus anu ti mendi,
Radén nyaur kapungkur ti Sokadana*

Dina padalisan panungtung pada di luhur, aya kecap *kapungkur*, éta téh mangrupa sasmita pupuh, yén pada anu sapandeuriéunana mah pupuh na geus ganti ka pupuh Pangkur. Conto séjenna aya dina pupuh panungtung sempalan *Wawacan Angling Darma*.

*Tah rasakeun pamayar nu diwiwirang
Manéh jadi waliwis*

*leungit sipat jelema
tangtu manéh hanjakal
geus boga alpukah julig
bet sabalikna
ngambang atina putri*

Dina padalisan panungtungna aya kecap *ngambang*. Éta téh mangrupa sasmita pupuh anu jadi tanda, yén pupuh sapandeuriéunana geus lain Durma deui, tapi pupuh Maskumambang. Ieu di handap sasmita pupuh anu mindeng kapanggih dina wawacan.

Tabel 9. 1 Sasmita Pupuh dina Wawacan

No.	Ngaran Pupuh	Sasmita Pupuh
(1)	(2)	(3)
1.	<i>Asmarandana</i>	brangta, brangti, kingkin, asmara, kasmaran, darana
2.	<i>Balakbak</i>	balak, balakbak, melak
3.	<i>Dangdanggula</i>	artati, dangdang, gula, hartati, madu, manis, sarkara
4.	<i>Durma</i>	duraka, duratmaka, mundur, undur, kondur
5.	<i>Gambuh</i>	gambuh, ngagambuh, kambuh, kambuhan
6.	<i>Gurisa</i>	karasa, ngarasa, gurisa, mariksa, nyiksa
7.	<i>Jurudemung</i>	mung, namung, ngedémung
8.	<i>Kinanti</i>	kanti, kakantén, nganti, ngantét, manganti
9.	<i>Ladrang</i>	ladrang
10.	<i>Lambang</i>	lambang, perlambang
11.	<i>Magatru</i>	megat, pegat, duduk, truk, ketruk
12.	<i>Maskumambang</i>	kumambang, <i>ngambang</i> , kentir, bimbang
13.	<i>Mijil</i>	mijil, bijil, wijiling, kaluar, ingkah, jengkar
14.	<i>Pangkur</i>	mungkur, kapungkur, singkur, pungkur
15.	<i>Pucung</i>	jucung, pucung, mancung, kaluwak, kuncung, nyuncung
16.	<i>Sinom</i>	anom, nonoman, pangrawit, kembang gambir, gambir
17.	<i>Wirangrong</i>	diwiwirang, ngawiwirang, wirang, éra, kawiwirangan

(Sudaryat Spk., 2007)

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar.

5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/Pancén

Jawab atawa tétélakeun sakur pananya jeung paréntah ieu di handap!

1. Naon waé ciri-cirina karya sastra nu disebut wawacan téh?
2. Naon waé sumber carita anu dijieuw wawacan dina sastra Sunda téh?
3. Naon sababna dina wawacan dina wangun ku rupa-rupa pupuh?
4. Naha wawacan asli sastra Sunda? Ti mimiti iraha gelarna wawacaan?
5. Keur naon gunana sasmita pupuh dina wawacan?

F. Tingkesan

Wawacan mangrupa karangan panjang anu disusun dina wangun pupuh. Pupuh anu dipakéna rupa-rupa luyu jeung gambaran unsur-unsur carita saperti palaku, latar, jeung galur carita. Ku kituna, eusi wawacan mah ngalalakon.

Gelarna wawacan dina sastra Sunda mangrupa pangaruh sastra Jawa. Muncul waktu tatar Sunda kaereh ku Mataram (Jawa). Wawacan biasana sok ditembangkeun babarengan. Pagelaran nembangkeun wawacan disebutna beluk atawa macapat.

Karya wawacan anu gelar kaitung réa, di antarana, anu kawentar *Wawacan Purnama Alam* anggitan R. Soeriadireja jeung *Wawacan Rengganis* anggitan R. Abdussalam.

Pupuh dina wawacana, jaba ti boga watek nu tangtu, oge boga sasmita. Sasmita pupuh nya éta kalimah atawa kekecapan pikeun pananda pupuh sapandeurieunana. Upamana, sasmita pupuh Asmarandana aya brangta, brangti, kingkin, asmara, kasmaran, jeung darana.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar XI. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui tur deres deui bahan dina kagiatan diajar X, pangpangna bahan nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 10

KAPARIGELAN BASA DINA WAWACAN

A. Tujuan

Wawacan mangrupa karya sastra wangun ugeran (puisi). Wawacan kagolong kana sastra lagu lantaran cara midangkeunana dihaleuangkeun. Wawacan oge mangrupa puisi kauger. Tina ukuranana, wawacan kaasup karya sastra anu panjang. Ku lantaran sok dipidangkeun ku cara dihaleuangkeun, wawacan raket patalina jeung kaparigelan basa. Ayeuna Saderék bakal diajar perkara rumpaka kawih jeung wawacan patalina jeung kaparigelan basa.

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar X, Sadérék dipiharep meunang kamampuh pikeun ngajéntrékeun

1. aspék-aspék kaparigelan basa;
2. patalina kaparigelan basa jeung sastra;
3. patalina wawacan kana kaparigelan basa; jeung
4. aprésiasi jeung éksprési wawacan.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu Kagiatan Diajar, nyaéta manggihan unsur-unsur intrinsik rumpaka kawih jeung wawacan patalina jeung kaparigelan basa.

Éta indikator téh bisa diwincik deui jadi lima, nyaéta:

1. aspék-aspék kaparigelan basa;
2. patalina kaparigelan basa jeung sastra;
3. patalina rumpaka kawih jeung wawacan kana kaparigelan basa;
4. aprésiasi jeung ékspresi rumpaka kawih; jeung
5. aprésiasi jeung éksprési wawacan.

C. Pedaran Matéri

1. Aprésiasi jeung Éksprési Wawacan

a. Maca Wawacan

Aprésiasi wawacan kaasup kana salahiji kagiatan aprésiasi sastra Sunda. Aprésiasi wawacan bisa dilaksanakeun ku cara ngaregepkeun nu macakeun wawacan bisa ogé maca langsung naskah wawacan. Kagiatan maca wawacan atawa ngaregepkeun nu nembangkeun wawacan (beluk) kagolong kana kagiatan aprésiasi wawacan.

Wawacan téh bisa dibaca biasa bisa ditembangkeun. Nembangkeun wawacan dibedaskeun disebutna beluk (Jawa: *macapat*). Biasana nu beluk téh ngarombongan, aya opat lima urangna. Beluk osok ditanggap, didaréngékeun sapeuting jeput. Ilaharna beluk téh ditanggap di nu nyalametkeun orok atawa di nu nyundatan. Hanjakal ayeuna mah geus langka nu nanggap beluk téh. Mun aya, urang kudu merelukeun ngadéngékeun (Rusyana, 1992:110).

Dina prak-prakanana pidangan beluk, wawacan téh mimitina dibaca digalantangkeun ku saurang (diilo), tuluy nu séjenna nembangkeun dibedaskeun. Urang ogé bisa nurutan midangkeun wawacan ku cara beluk atawa ditembangkeun wungkul. Kagiatan beluk atawa nembangkeun wawacan kagolong kana kagiatan éksprési wawacan.

Ayeuna pék baca, tuluy tembangkeun cutatan wawacan ieu di handap!

WAWACAN SIMBAR KANCANA

SINOM

1. //Méméh manjangkeun carita, dirakit dijieun dangding, medar simpalan sajarah, rék mangun tali paranti, paranti anu galib, galib Sunda ti karuhun, pangajén tatakrama, tilawat ka nu geus gaib, enya éta amir reujeungna pertobat.
2. Amitan ka nu geus angkat, angkat nilar alam lahir, lumentang di alam padang, poé panjang tanpa peuting, rék ngawancah ngawincik, nyaurkeun nuturkeun galur, galur nu kacarita, anu kasebat kasabit, disuhunkeun kalunturan kalengsaran.
3. Anu kasebat jenengan, anu kasabit wawangi, nu kakocap nagarana, kawincik geusanna calik, mugia rido galih, neda gunging cukup lumur, timbang taraju jembar, sanés nganggit nitih aji, réh babaran sanés ingkaring komara.
4. Tobat mun séja nyasama, paralun mun mapadani, ngaguyah anu keur lenggah, ngusik-ngusik anu keur calik, linggih di alam gaib, lumungguh di Pitu Agung, tobat teu pisan-pisan, sakadar manggung kaéling, gung paralun néda panjang pangampura.
5. Caturkeun hiji nagara, pasir wukir loh jinawi, nélah nagara Talaga, ngaran nepi ka kiwari, nagri ngabanding pasir, ayana tutungan gunung, suku Gunung Ciremay, gunung Gedé ngajungkiring, kamasyurkeun nagri harja gemah ripah.
6. Téu kakocap peperangan, téu kawarti pupuh jurit, ayem tentram pangeusina, taya ka risi karunsing, pada talibra pikir, luhungna nu mangku perbu, jembar nu ngasta praja, salawasna répéh rapih, jéung tatangga nagara taya cangcala.
7. Manca nagara sarérab, téu warani nyisi kudi, batan ngalalangkianan, peta bedegong kumaki, anggur nyolondo ajrih, nyobat rajana misepuh, ku hal éta mérenah, nagara téh tiis hening, da téu //nyorang pasendatan pacengkadan.
8. Ari dina mangsa éta, anu jumeneng Narpati, ngasta nagara Talaga, Talaga Manggung kakasih, éstu ratu pinilih, luhung pinuh ku panemu, beunghar ku pangawasa, Narpati sugih pangeusi, luhung agung kocoran térah tumerah.
9. Élmu pangeusi salira, babaraning ngaping nagri, pertata ngolah nagara, taya kuciwa saeutik, ageman pranarpati, nu matak mulus rahayu, pikeun nagri sakumna, kitu deui élmu diri, pigeusaneun nyangga mamala dursila.

10. Pamondah pangraksa raga, panjaring pangjagi jisim, pon kitu kalelemesan, pantes dipawedi asih, ku rayat éusi nagri, katut tatangga praratu, hibarna pangawasa, nyangking wewesen pinilih, éstu ratu pilih tanding sasamana.
11. Nata rémbésing kusumah, tétésing andanawarih, turta gentur tatapana, lungguh ampuh budi resi, pangaruh pinuh éusi, henteu adigung angguklung, panganggo karahwanan, sapédah Nata pinilih, sabalikna sabar adil palamatra.
12. Anjeunna puputra dua, Cikalna pameget sigit, kakasih Radén panglurah, jeneng Pangeran Dipati, calon parantos gentos Ramaji, putra sakalangkung lungguh, lungguh ngala ka rama, panganggona kitu deui, wedi asih sumujud ka ingkang rama.
13. Ka sepuh hormat tilawat, tara bahula sumingkir, sugri piwaranganana, kalawan panggalih wening, tara mungpang saeutik, tumut sagala piwuruk, tara bedang basangkal, sagala sok reujeung widi, aya maksad sok nyuhunkeun widi heula.
14. Pinutra Radén Panglurah, ngarai ka ayu putra, jenengan Simbar Kancana, kewes pantes lir Srikandi, rai jeung raka sami, tuhu sumujud ka sepuh, kakasih ingkang rama, puputon pupundén puri, mikaasih mikayungyun sanagara.
15. Éstuna taya kuciwa, panganggona raka rai, nu matak ménak santana, kuring leutik kabéh sami, eusi Talaga nagri, asih gumusti //sumujud, umadep ngawulana, taya anu mungkir ati, putra dua henteu kakocap ibuna.
16. Raka rai saaleutan, mun wayang mah tur salaki, lir Nakula jeung Sadéwa, teu kumaki ieu aing, teu pé dah putra Gusti, turta dimongmong diugung, manah mah héman welasan, beunghar ku sipating asih, teu pilih ka ieu-ieu teu akuan.
17. Ari Rahadén Panglurah, henteu kacatur kawarti, anjeunna kagungan garwa, nanging rai ayu putri, parantos jatukrami, ka Radén Palémbang Gunung, anu mangsa harita, jumeneng jadi Papatih, patih agung sasatna raja kadua.
18. Hiji mangsa Kangjeng Raja, nyaur Pangéran Dipati, dumeuheus ka padamelan, radén teu talangké deui, disaur ku rama'ji, tuluy nganggo gura-giru, nganggona henteu ningkah, basajan tatapi manis, geus tarapti tuluy angkat ngadeuheusan.
19. Barang srog marek ka rama, tuluy munjungan nu sigit, ditampi ku Rama Sunan, dihiap disambat calik, saenggeusna tarapti, aris ngadawuh sinuhun, pamulu deudeuh pisan, „Regepkeun ujang anak, pangna mama nyaur ka Agus ayeuna.”

20. „Réhna aya perelu pisan, ka Agus arék wawarti, tina Agus anak cikal, keur cikal tambah lalaki, jadi teu aya deui, nya sipatna diri Agus, nu boga kawajiban, anu bakal nampi waris, nu neruskeun pusaka takajar ama.”
21. Takajar mengku paraja, milik waris ngolah nagri, cohagna mah jadi raja, nyekel Talaga nagari, teu kari bubuk leutik, Ujang anu baris nanggung, cela jeung cangcalana, nyanggrah rurujit rurumpil, kitu deui mulus harja rahayuna.”
22. „Rocét rengremna nagara, pati hurip eusi nagri, cohagna mah jadi raja, raja anu boga wajib, wajib ngaheuyeuk nagri, nagri gumantung ka ratu, éta lebah dinyana, réa nu salah pamilih, panyeueungna kalao salah paningal.”
23. „Nyeueungna ukur saliwat, nilikna ukur salirik, pajar téh //raja mah senang, senang anu tanpa tanding, henteu aya nu leuwih, da ratu puhuning agung, raja jangkar kawasa, sagala gusti nu nyangking, henteu kurang paréntaheun dunya brana.
24. Pajar sawarganing jalma, leuwihna kasukan ati, tatapi éta téh Ujang, kalangsu kawanti-wanti, anu kitu nya pikir, tétréla teu acan maphum, pondok heureut pikiran, sabab nyatana anak, kasenangan téh gumantung kana pangkat.”
25. „Henteu kana kabeungharan, pangkat cacah kaya miskin, mungguh manusa teu béda, henteu aya anu leuwih, Gusti teu pilih kasih, senang jeung susah kaduum, ngan larapna nu béda, malah nyatana anak, lamun maphum kana wajibing narpatya.”
26. „Moal kitu nya sangkaan, mo dapon ngabibisani, sabab saenyana pisan, anu jumeneng narpati, beuratna leuwih-leuwih, mun sisip suwung panemu, boro teuing mun senang, nu puguh sugih berewit, salawasna haté taya karengreman.”
27. Pilih bobot kabeuratan, pilih tanding nya kapusing, lantaran kudu rumaksa, ngaraksa saeusi nagri, kudu pisan katangting, karana lamun teu kitu, ngurusna lalawora, alamat bibit berewit,nagri rusak da cupet anu ngurusna.”
28. „Komo lamun jadi raja, ngadolos kareping ati, da rasa manéh kawasa, lantaran ti cupet budi, ratu nu kitu pasti, moal lana nyepeng lungguh, nagri téréh baruntak, salah nyoko di narpati, anu kudu ngatur ngaraksa towéksa.”
29. „Beuratna nu jadi raja, mun nagri nyorang berewit, salahna aya di raja, mo bisa sumingkir deui, wawalerna pinasti, tumiba nyedek ka ratu, salah bongan jolédar, ku sakitu gé anak, sugar terang beuratna nu jadi raja.”

30. „Lamun hayoh ditataan, moal tutas ku sapeuting, dalah éta kabeubeurat, lahirna dibagi-bagi, ka patih reujeung mantri, tur éta bareurat ripuh, pada naranggung jawab, tapi kitu gé anak ing, ulah pisan dipaké rempan horéam.”

(Dicutat tina *Wawacan Simbar Kancana* Anggitan K. Tisnasujana)

b. Ringkesan Carita Wawacan Simbar Kancana

Ieu di handap dipidangkeun ringkesan carita tina *Wawacan Simbar Kancana* anggitan K. Tisnasujana. Pék bandingkeun jeung cutatan wawacan di luhur anu jumlahna 30 pada dina pupuh Sinom.

Kacaturkeun karajaan Talaga nu dipingpin ku hiji raja nu nelah disebut Raja Talaga Manggung. Raja Talaga Manggung boga anak dua nya éta nu cikal ngaranna Radén Panglurah jeung nu bungsu ngaranna Simbar Kancana. Simbar Kancana geus boga salaki, ngaranna Palémbang Gunung. Dina hiji waktu Radén Panglurah dititah tapa ka gunung Bitung ku ramana. Tujuanana pikeun ngabereshikeun diri. Raja hayang Radén Panglurah bisa jadi raja nu bisa mingpin karajaan Talaga kalayan bener. Kahayang ramana dicumponan ku Radén Panglurah. Radén Panglurah tuluy indit tatapa di gunung Bitung salila tujuh taun tujuh bulan tujuh poé tujuh peuting.

Sanggeus Radén Panglurah indit tapa di gunung Bitung, Palémbang Gunung salaku minantu Raja Talaga Manggung ngarasa hayang jadi raja Talaga. Palémbang Gunung apaleun yén Centang Barang salaku juru simpen karaton nyaho apesna Raja Talaga Manggung. Palémbang Gunung ngahaja ngadeukeutan Centang Barang sangkan bisa nurut jeung daék mantuan ka Palémbang Gunung. Centang Barang diolo rék dibéré pangkat patih di karajaan Talaga tapi saratna karajaan Talaga kudu dipingpin ku Palémbang Gunung.

Centang Barang kapangaruhan ku Palémbang Gunung, tuluy maéhan Raja Talaga Manggung. Talaga Manggung dipaéhan maké cis nu ditubleskeun

kana dadana. Sanggeus maot tuluy Raja Talaga Manggung ngaleungit. Tempat leungitna Raja Talaga Manggung jadi situ anu nelah situ Sanghiang. Némpo éta kajadian, Centang Barang ngarasa hanjakal lantaran geus maéhan Raja Talaga Manggung nu nyaah pisan ka Centang Barang. Centang Barang ngarasa hanjakal geus maéhan raja tuluy mahala dirina nepi ka maot. Leungitna raja jeung Centang Barang ngabalukarkeun sedihna Simbar Kancana jeung bungahna Palémbang Gunung. Sanggeus kahayang Palémbang Gunung tinekanan, Palémbang Gunung ngarasa can sugema kénéh lantaran Radén Panglurah masih kénéh hirup lantaran masih tapa di gunung Bitung. Antukna Palémbang Gunung nitah ponggawana pikeun maéhan Radén Panglurah. Saacan dipaéhan ku ponggawana, Radén Panglurah nyampak geus euweuh di pangtapaan. Ngadéngé éta warta, Palémbang Gunung bungaheun pisan.

Palémbang Gunung tuluy ngayakeun pésta lantaran ngarasa bungah raja Talaga jeung Radén Panglurah geus tiwas. Tapi alesan Palémbang Gunung ka Simbar Kancana diayakeunna pésta nya éta pikeun ngabeberah manah rahayat Talaga sangkan teu sedih teuing sanggeus ditinggalkeun ku raja. Nalika Palémbang Gunung keur ngayakeun pésta, aya jalma nu nyaritakeun sipay goréng Palémbang Gunung ka Simbar Kancana. Ti dinya Simbar Kancana ngarasa ambek ka Palémbang Gunung lantaran geus maéhan ramana. Antukna Simba Kancana boga kahayang pikeun males pati ramana ku cara maéhan Palémbang Gunung.

Simbar Kancana tuluy maéhan Palémbang Gunung ku cara nanclebkeun patrem kana angenna. Saacan Palémbang Gunung maot, Palémbang Gunung ménta hampura ka Simbar Kancana. Lantaran Simbar Kancana teu méré hampura ka Palémbang Gunung, antukna Palémbang Gunung kaburu méré sumpah yén lamun Simbar Kancana teu ngahampura tangtu bakal meunang kasangsaraan. Sanggeus Palémbang Gunung maot, Simbar Kancana ngarasa hanjakal.

Kacaritakeun Radén Panglurah geus bérés tina tapa. Radén Panglurah acan tiwas lantaran ditulungan ku pangéran sangkan teu katempo ku jalma

nu rék maéhan. Radén Panglurah kaluar ti gunung Bitung tuluy papanggih jeung Simbar Kancana. Simbar Kancana tuluy nyaritakeun sakabéh kajadian nu kaalaman nalika ditinggalkeun ku Radén Panglurah. Radén Panglurah sedih pisan lantaran ditinggal maot ku ramana jeung boga rasa ambek ka Palémbang Gunung lantaran geus maéhan ramana.

Dina hiji waktu, Radén Panglurah moro ka leuweung. Radén Panglurah nempo aya manjangan nu lumpat, tuluy diboro. Horéng éta manjangan lumpatna ka situ Sanghiang sarta tuluy éta manjangan ngaleungit. Némpo éta kajadian, Radén Panglurah hayang panggih jeung ramana lantaran Radén Panglurah yakin yén situ Sanghiang mangrupa jirim tina ramana, nya éta Raja Talaga Manggung. Radén Panglurah jeung opat puluh ponggawana tuluy teuleum ka situ Sanghiang. Tapi aya saurang prajurit anu teu milu teuleum lantaran hayang méré nyaho éta kajadian ka Simbar Kancana. Simbar Kancana sedih pisan nalika apal yén lanceukna geus ninggalkeun Simbar kancana.

Singget carita, Simbar Kancana geus jadi raja. Sanggeus Simbar Kancana jadi raja tetep aya gogodana, nyaéta Simbar Kancana katerap ku panyakit borok lantaran sumpah Palémbang Gunung. Pikeun ngaleungitkeun kasakitna, Simbar Kancana nyayakeun sayembara, yén saha waé nu bisa ngaleungitkeun kasakitna mangka baris dibéré hadiah. Hadiahna nya éta lamun lalaki dijadikeun salaki atawa dulur, jeung lamun awéwé bakal dijadikeun sesepuh atawa dulur. Hasil tina sayembara aya Ajar Kutamangu nu bisa ngaleungitkeun panyakit Simbar Kancana. Antukna Simbar Kancana nikah jeung Ajar Kutamangu. Sanggeus nikah, nu jadi raja Talaga tetep Simbar Kancana.

c. Aprésiasi Wangun jeung Eusi Wawacan

1. Wangun Wawacan

Wawacan Simbar Kancana diwangun ku 7 rupa pupuh kalawan jumlahna 409 pada. Ari pupuh nu dipakéna nyaéta asmarandana, dangdanggula, kinanti, maskumambang, mijil, sinom, jeung wirangrong.

Pupuh dina *Wawacan Simbar Kancana* kabagi jadi dua nyaéta pupuh nu luyu jeung patokan guru lagu jeung guru wilangan (pupuh maskumambang jeung pupuh wirangrong) jeung pupuh nu teu luyu jeung patokan guru lagu jeung guru wilangan (pupuh asmarandana, pupuh dangdanggula, pupuh kinanti, pupuh mijil, jeung pupuh sinom). Makéna pupuh dina *Wawacan Simbar Kancana* bisa ditabélkun saperti ieu di handap.

Tabel 10. 1 Makéna Pupuh dina Wawacan Simbar Kancana

No.	Wanda Pupuh	Watek Pupuh	Jumlah Pada	Runtulan Pada ka-
1.	Asmarandana	Ngagambarkeun watek kanyaah.	31	74 – 104
			45	182 -- 226
2.	Dangdanggula	Kaayaan bungah	29	267 -- 295
3.	Kinanti	Kaayaan nu keur nganti-nganti.	31	41 -- 73
			35	327 -- 361
4.	Maskumambang	Ngalaman sedih.	46	105 -- 150
			40	227 -- 266
			31	296 -- 326
5.	Mijil	Sedih jeung baluweng.	31	151 -- 181
6.	Sinom	Kaayaan bungah jeung asmara.	65	1 -- 40
				385 -- 409
7.	Wirangrong	Kaayaan sial.	23	362 -- 384

Dina *Wawacan Simbar Kancana* kapanggih sababaraha sasmita nu némbongkeun gantina pupuh. Ayana sasmita dina unggal gantina pupuh kapanggih dina sababaraha pupuh, sanajan aya ogé sababaraha pupuh nu teu maké sasmita. Geura urang titénan dina tabél ieu di handap.

Tabel 10. 2 Sasmita Pupuh dina Wawacan Simbar Kancana

No	Sasmita	Ngaran Pupuh
1	ku mama éta pangbakti,	Kinanti
2	dipercaya dipiasih.	Asmarandana
3	teu nyaah teu inggis,	Asmarandana
4	kumambang pipikiran.	Maskumambang

2. Téma Carita

Téma carita *Wawacan Simbar Kancana* téh nyaéta bajoang dina ngalakonan kahirupan. Di dieu aya motif wasiat, lalampahan, ngimpi, nikah, pipisahan, jeung motif néangan obat.

3. Tokoh Carita

Dina Wawacan Simbar Kancana aya dua rupa kelompok tokoh, nyaéta tokoh protagonis jeung tokoh antagonis. Tokoh protagonis mangrupa tokoh utama, nyaéta Simbar Kancana, Raja Talaga Manggung, Radén Panglurah, Ajar Kutamangu, jeung Ajar Garasiang. Ari tokoh antagonis mangrupa tokoh tambahan, nyaéta Palémbang Gunung jeung Centang Barang.

4. Galur Carita

Galur Wawacan Simbar Kancana bisa digambarkeun kieu.

- a) Radén Panglurah dititah tapa ka gunung Bitung ku ramana, Raja Talaga Manggung.
- b) Kaayaan di Nagara Talaga saditinggalkeun tatapa ku Radén Panglurah.
- c) Palémbang Gunung ngahaja ngadeukeutan Centang Barang pikeun mikanyaho apesna Raja Talaga Manggung.
- d) Centang Barang maéhan Raja Talaga Manggung. Éta kajadian dimimitian ku ayana lalampahan Raja Talaga Manggung pikeun moro di leuweung.
- e) Palémbang Gunung hayang maéhan Radén Panglurah.
- f) Simbar Kancana apaleun yén nu hianat ka raja nyaéta Palémbang Gunung.
- g) Simbar Kancana maéhan Palémbang Gunung.
- h) Simbar Kancana papanggih jeung Radén Panglurah nu disangkana geus maot.
- i) Radén Panglurah ngaleungit di situ Sanghiang sanggeus moro ka leuweung.
- j) Simbar Kancana jadi raja.



5. Latar Carita

Latar carita némbongkeun gambaran lumangsungna hiji kajadian. Latar tempat dina Wawacan Simbar Kancana nyaéta Karajaan Talaga, Karaton, Pendopo, Gunung Bitung, Gunung Cireméy, huma, leuweung, jeung Situ Hiang/Talaga Sanghiang.

Latar waktu dina Wawacan Simbar Kancana nyoko kana waktu sapoé sapeuting, waktu lilana (durasi), jeung sesebutan waktu séjénna.

Latar kaayaan dina Wawacan Simbar Kancana nyaéta kaayaan haté nu keur bungah, sedih, ambek, ramé, jeung tiiseun.

Pancén

Pék baca cutatan Wawacan Sulanjana di luhur!

1. Pék aprésiasi *Wawacan Sulanjana* tina jihat (a) téma, (b) palaku, (c) latar, (d) galur. jeung (é) amanat!
2. Pék caritakeun deui eusi *Wawacan Sulanjana* dina basa lancaran!

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan

Baca deui Wawacan Sulanjana di luhur!

1. Saha ari Déwi Sri téh?
2. Naon sababna Déwi Sri sok disebut Déwi Paré?
3. Cimata Déwa Anta téh jadi naon?
4. Nyaritakeun naon ari *Wawacan Simbar Kancana* téh?
5. Kira-kira kumaha watek tokoh Radén Panglurah jeung Simbar Kancana?

F. Tingkesan

Wawacan kagolong kana sastra lagu, nyaéta karya sastra winangun puisi anu umumna dipidangkeun ku cara dilagukeun atawa dihaleuangkeun. Ngahaleuangkeun wawacan disebutna beluk, anu dina sastra Jawa disebut “macopat”.

Ngahaleuangkeun wawacan mangrupa éksprési sastra anu raket patalina jeung komunikasi lisan, nyaéta nyarita (palebah dieu kagiatan “ngahaleuang”), ari pamiarsa nyoko kana kagiatan “ngaregepkeun”. Jadi, midangkeun wawacan raket patalina jeung kagiatan komunikasi lisan “nyarita” (ngahaleuang) jeung ngaregepkeun”. Jadi, éksprési wawacan patali jeung aspék kaparigelan nyarita, ari aprésiasi wawacan raket patalina jeung aspék kaparigelan ngaregepkeun.

Ngahaleuangkeun wawacan disebutna beluk. Sabagian wawacan anu disusun ku pupuh ogé sok dihaleuangkeun. Ngahaleuangkeun pupuh téh sok disebut nembang. Aya rupa-rupa wanda tembang saperti tembang Cianjuran, tembang Ciawian, jeung tembang Cigawiran.

Dina ngaaprésiasi wawacan ilaharna dimangpaatkeun unsur-unsur prosa fiksi saperti téma, palaku, latar, galur, puseur sawangan, gaya basa, jeung amanat. Jaba ti éta, sok dianalisis ogé masalah puisi pupuh saperti jumlah pada, guru gatra (jumlah padalisan dina sapada), guru wilangan (jumlah engang dina tiap padalisan), guru lagu (sora tungtung dina tiap padalisan), jeung watek pupuh anu ngagambarkeun rupa-rupa kaayaan atawa situasi

dina carita. Ku kituna, dina wawacan mah sok digunakeun rupa-rupa pupuh. Ari pupuh nu dipakéna bisa sekar ageung bisa sekar alit.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngawasa 80% ka luhur, Sadérék geus tamat ngulik matéri dina Kagiatan Diajar XI. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui jeung deres deuimatéri dina Kagiatan Diajar XI, pangpangna bahan nu can dicangkem.

PENUTUP

Sadérék geus réngsé ngulik sapuluh Kagiatan Diajar dina modul Basa Sunda Tahap V. Tina sabelas kagiatan diajar téh, gurat badagna mah ngawengku dua widang, nyaéta widang pédagogik jeung widang profésional. *Kahiji*, widang pédagogik nyoko kana opat bahan utama, nyaéta (1) ambahan bahan ajar basa Sunda, (2) ambahan bahan ajar sastra Sunda, (3) padika milih bahan ajar basa jeung sastra Sunda, sarta (4) padika ngolah bahan ajar basa jeung sastra Sunda. *Kadua*, widang profésional nyoko genep bahan utama, nyaéta (5) adegan kecap asal basa Sunda, (6) kecap rundayan basa Sunda, (7) kecap rajékan basa Sunda, (8) kecap kantétan jeung kecap wancahan basa Sunda, (9) wangun wawacan, jeung (10) kaparigelan maké basa dina wawacan.

Ku cara ngulik modul Basa Sunda Tahap V, Sadérék dipiharep bisa nyangkem widang pédagogik nu patali jeung ambahan bahan ajar basa jeung sastra Sunda katut cara milih jeung ngolahna; sarta widang profésional nu patali jeung ngaidentifikasi wangun kecap; ngaidentifikasi karya sastra Sunda wangun wawacan; sarta ngaaprésisi sastra Sunda ngaliwatan kagiatan makéna basa (maca, ngaregepkeun, nyarita, jeung nulis).

Tangtu waé ieu modul téh lain mangrupa kaweruh nu lengkep lantaran ngan salasahiji Tahap tina sapuluh Tahap Modul Basa Sunda pikeun guru Basa jeung Sastra Sunda, boh tahap SD/MI, SMP/MTs., boh SMA/SMK/MA/MAK. Ieu modul Tahap V ngan dipaké pikeun guru anu teu lulus Ujian Kompeténsi Guru (UKG) dina Tahap V atawa anu geus lulus UKG dina Tahap I nepi ka Tahap IV.

Sadérék dina ngulik ieu modul kudu tahap demi tahap. Lamun geus ngulik Kagiatan Diajar I, Sadérék kudu migawé latihan, tuluy saruakeun jawabanana jeung konci jawaban nu geus disayagikeun dina tiap tungtung kagiatan. Kitu jeung kitu waé saterusna nepi ka réngsé Kagiatan Diajar X. Lamun dina hiji Kagiatan Diajar can bisa ngawasa bahan, saméméh pindah kana Kagiatan Diajar satulunya, Sadérék kudu malikan deui jeung ngaderes deui éta bahan. Lamun geus réngsé sakabéh Kagiatan Diajar I—X, Sadérék bisa migawé soal ujian pikeun ngukur tahap Sadérék nyangkem bahan ajar.

DAPTAR PUSTAKA

- Abrams, M.H. 1976. *The Mirror and the Lamp*. Oxford: Oxford University Press.
- Ardiwinata, D.K. 1984. *Tatabahasa Sunda*. Tarjamahan Ajatrohaedi. Jakarta: Balai Pustaka.
- Aminuddin. 1991. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru.
- Atja. 1981. *Siksakandang Karesian*. Bandung: Nusa Larang.
- Bloch, Bernard & L. Trager. 1942. *Outline of Linguistics Analysis*. Baltimore:Linguistics Society of America.
- Brown, H.D. 1994 (1980). *Principles of Language Learning and Teaching*. London: Prentice-Hall, Inc.
- Burhan, Jasir. 1971. *Probelam Bahasa dan Pengajaran Bahasa Indonesia*. Bandung: Ganaco.
- Danadibrata, R.A. 2009 (2006). *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat.
- Djajasudarma, T.F. & Idat Abdulwahid.1980. *Tatabasa Sunda*. Bandung: Greene, H.A. & Petty, W.T. 1976. *Developing Language Skills in The Elementary Schools*. Boston: Allyn and bacon, Inc.
- Gardner, Howard. 1983. *Theory of Multiple Intelligences*. Washington: Peter Lang.
- Halim, Amran. 1980. "Kesimpulan Seminar Politik Bahasa Nasional di Jakarta (1975)" dina *Politik Bahasa Nasional*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Hamalik, Oemar. 2000 (1981). *Model-model Pengembangan Kurikulum*. Bandung: PP's UPI.
- Harjanto. 2010. *Perencanaan Pengajaran*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Iskandarwassid. (2003) 2000. *Kamus Istilah Sastra Sunda*. Bandung:Geger Sunten.
- Isnendes, Retty. 2010. *Teori Sastra*. Bandung: JPBS FPBS UPI.
- Karsana, Ano & Retty Isnendes (Ed). 2008. *Lir Cahya Nyorot Eunteung*. Bandung: Sonagar Press FPBS UPI.
- Kats, J. & M. Soeriadiredja. 1982. *Tatabahasa dan Ungkapan Bahasa Sunda*. Tarjamahan Ajatrohaedi. Jakarta: Djambatan.
- Keraf, Gorys. 1980. *Tatabahasa Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.
- Keraf, Gorys.1984. *Diksi dan Gayabahasa*. Jakarta: Gramedia.
- Koentjaraningrat. 1982. *Pengantar Antropologi*. Jakarta: aksara Baru.
- LBSS. 1982. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Taraté.
- Moeliono Spk. [Ed.], Anton. 1988. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Nasution, A. 1982. *Asas-asas Kurikulum*. Bandung: Jemmars.
- Perda no. 5/2003 ngeunaan *Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah*.
- Permana, S.M.E. 1980. *Paramasastra Basa Sunda*. Bndung: Artha Dora.
- Piaget, Jean. 1997 (1959). *The Language and Thought of the Child*. London: Routledge & Kegan.
- Pradopo, Rahmat Djoko. 2014. *Pengkajian Puisi*.Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Prawirasumantri Spk., Abud. 1988. *Kamekaran, Adegan, jeung Kandaga Kecap Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Pusat Bahasa. 2009. *RUU Kebahasaan*. Jakarta:
- Rahim, Farida Ed. 2008. *Pengajaran Membaca di Sekolah Dasar*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Ramlan, M. 1987. *Morfologi*. Yogyakarta: Karyono.

- Rosidi, A. 2011. *Wawacan*. Bandung: PT Kiblat Buku Utama.
- Ruhaliah. 2013. *Wawacan: Sebuah Genre Sastra Sunda*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah: Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni.
- Ruhimat, Toto dkk. 2011. *Kurikulum dan Pembelajaran*. Jakarta. PT Raja. Grafindo Persada.
- Rusyana, Yus.1982. *Metode Pengajaran Sastra*. Bandung: Gunung Larang.
- Rusyana, Yus. 1992. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Gunung Larang.
- RUU Kebahasaan. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Satjadibrata, R. 1946. *Kamoes Basa Soenda*. Djakarta: Bale Poestaka.
- Siswantoro. 2014. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Soeria di Radja. 1934. *Panyungsi Basa III*. dina Wibisana, *Lima Abad Sastra Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Sudaryat, Yayat. 1985. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Sudaryat, Yayat.1991. *Ulikan Semantik Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Sudaryat, Yayat. 2004. *Modél Pangajaran Kompeténsi Basa Sunda*. Tangerang: C.V. Pamulang.
- Sudaryat, Yayat, Spk. 2007. *Makaya Basa*. Bandung: Sonagar Press.
- Sudaryat, Yayat. 2008. "Pengembangan Pembelajaran Bahasa Daerah". Bandung: PLPG UPI.
- Sudaryat, Yayat, Spk. 2013. *Tatabasa Sunda Kiwari*. Bandung: Yrama Widya.
- Sudaryat, Yayat, Spk. 2015. *Wawasan Kesundaan*. Bandung: DPBD FPBS UPI.
- Sumardjo, Jakob. 2011. *Sunda Pola Rasionalitas Budaya*. Bandung: Kelir.
- Sumardjo, Jakob & Saini KM. 1994. *Apresiasi Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.
- Sutawijaya Spk., Alam. 1981. *Sistem Reduplikasi Bahasa Sunda*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Tamsyah, Budi Rahayu. 2008. *Galuring Sastra*. Bandung: Pustaka Setia.
- Tarigan, Henry Guntur. 2011. *Prinsip-prinsip Dasar Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Tim Panyusun. 2004. *SKKD Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SD/MI, SMP/MTs, SMA/SMK/MA/MAK*. Bandung: Disdik Jawa Barat.
- Tim Panyusun. 2013. *Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Bahasa & Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013*. Bandung: Disdik Jawa Barat.
- Tisnawerdaya, A. 1975. *Tatabasa Sunda*. Bandung: Kudjang.
- Tisnasujana, K. tt. *Wawacan Simbar Kancana*.
- Undang-Undang Dasar (UUD) 1945.
- UU Nomor 20 Tahun 2003 ngeunaan *Sistem Pendidikan Nasional*.
- Verhaar, J.W.M. 1988 (1982). *Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: UGM Press.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1989 (1976). *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.
- Waluyo, J.H. 2007. *Teori dan Apresiasi Puisi*. Jakarta: Gelora Aksara Pratama.
- Wibisana, Wahyu Spk. 2000. *Lima Abad Sastra Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Wirajaya, Asep Yuda. 2005. "Kreasi, Re-kreasi, dan Re-kreasi Sastra" dina Pangesti
- Wiedarti (Ed), *Menuju Budaya Menulis*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Wirakusumah, R. Momon & H.I.Buldan Djajawiguna. 1982 (1957). *Kandaga Tatabasa*. Bandung: Ganaco.
- Yudibrata, Karna. 2006. "Neng Yaya Gering Panas", dina Ano Karsana & Retty Isnendes (Ed), *Lir Cahaya Nyorot Eunteung*. Bandung: Sonagar Press.

GLOSARIUM

<i>adegan basa</i>	= kaédañ atawa runtusan unsur-unsur dina wanguan basa
<i>adegan kalimah</i>	= runtusan kecap-kecap dina kalimah anu ngawangun pola nu tangtu
<i>adegan kecap</i>	= wangun kecap, papasingan kecap disawang tina unsur-unsur morfém anu jadi pangwanguña
<i>adegan sora</i>	= runtusan sora-sora dina hiji engang
<i>adegan wacana</i>	= runtusan kalimah-kalimah dina wacana anu ngawangun pola nu tangtu, sinambung, kompak, tur dalit
<i>amanat</i>	= <i>pesan nu hayang</i> ditepikeun ku pangarang ka nu maca.
<i>aprésiasi sastra</i>	= kagiatan ngararasakeun jeung nganiléy karya sastra ngaliwatan maca atawa ngaregepkeun
<i>bahan ajar</i>	= beungkeutan matéri anu disusun kalawan ngéntép seureuh boh tinulis boh lisan nepi ka kawangun lingkungan atawa suasana nu ngagiring murid pikeun diajar.
<i>beluk</i>	= macapat; kagiatan maca jeung nembangkeun wawacan
<i>carita</i>	= lalakon anu ngagambarkeun galur nu tangtu
<i>ékspréssi sastra</i>	= kagiatan midangkeun karya sastra ku cara dibacakeun, dicaritakeun, diragakeun, atawa dituliskeun
<i>engang</i>	= adegan anu diwangun ku vokal atawa kombinasi vokal jeung konsonan
<i>gaya basa</i>	= <i>ungkara basa anu disusun sangkan nimbulkeun pangaruh (éfék) anu leleb karasana ka pamiarsa; dina puisi nyoko kana pilihan kecap (diksi) minangka média anu digunakeun ku pangarang pikeun ngébréhkeun rasa jeung gagasanana</i>
<i>galur</i>	= jalan carita
<i>guguritan</i>	= karangan pondok anu disusun dina hiji wanda pupuh.
<i>harti</i>	= eusi kecap minangka patalina kecap jeung acuanana

<i>Imaji</i>	= gambaran anu karasa, kadéngé, atawa katempo (najan ngan ukur dina wangwangan) dina hiji sajak
<i>Istilah</i>	= kecap anu husus dipaké dina lingkungan nu tangtu atawa hiji widang paélmuan
<i>kalimah</i>	= wangun basa anu dituntungan ku randegan panjang binarung ku wirahma tungtung, turun atawa naék
<i>kandaga kecap</i>	= sapuratina kecap anu dipibanda ku hiji basa.
<i>kasenian</i>	= hasil rekacipta manusa anu ngandung unsur kaéndahan
<i>kecap</i>	= wangun basa pangeutikna anu bisa madeg mandiri dina kalimah
<i>kecap asal</i>	= kecap anu can diropéa, diwangun ku hiji morfém bébas
<i>kecap barang nu</i>	= warna kecap anu nuduhkeun barang jeung naon-naon nu dianggap barang
<i>kecap bilangan</i>	= warna kecap anu nuduhkeun jumlah, tahapan, runtusan, atawa réana barang
<i>kecap kantétan asal</i>	= kecap anu diwangun ku cara ngantétkeun dua kecap atawa leuwih nepi ka ngahasilkeun harti mandiri
<i>kecap memet</i>	= <i>réduksi</i> ; kecap wancahan anu diwangun ku cara nyokot engang penting tina kantétan kecap. Kecap memet nyaéta kecap nu asalna mangrupa kalimah (omongan).
<i>kecap pagawéan</i>	= warna kecap anu nuduhkeun kalakuan, prosés, jeung kaayaan
<i>kecap pancén ngantebkeun,</i>	= warna kecap anu gunana pikeun nerangkeun, nyambungkeun, atawa nandaan warna kecap séjénna
<i>kecap rajékan</i>	= kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali wong dasarna, sabagian atawa sageblengna, boh binarung ku robahna sora atawa rarangkén boh henteu
<i>kecap rundayan</i>	= kecap anu diwangun ku cara ngawuwuhkeun rarangkén (afiks) kana wong dasarna
<i>Kecap serepan</i>	= kecap-kecap anu asalna tina basa séjén anu geus biasa dipaké dina basa urang



- kecap singgetan* = kecap wancahan anu mangrupa kantétan aksara atawa engang anu diéjah masing-masing.
- kecap sipat* = warna kecap anu nuduhkeun sipat atawa kaayaan hiji barang
- kecap sirnaan* = kecap wancahan anu diwangun ku cara miceun sawatara foném tina kantétan kecap bari teu ngarobah harti.
- kecap sirna purwa* = kecap anu dileungitkeun sora atawa engang mimiti
- kecap sirna madya* = kecap anu dileungitkeun sora atawa engang tengah
- kecap sirna wekas* = kecap anu dileungitkeun sora atawa engang tungtung
- kecap sulur* = kecap anu ilahar dipaké pikeun nyuluran atawa ngaganti kalungguhan kecap barang jeung naon-naon nu dianggap barang
- kecap tangkesan* = *haplogigi*; kecap wancahan anu diwangun ku cara ngaleungitkeun sora atawa engang nu ngaruntuy babarengan
- kecap tingkesan* = *akronim*); kecap wancahan anu mangrupa kantétan aksara atawa engang nu diucapkeun jadi hiji kecap
- kecap wancahan* = kecap anu diwangun ku cara mondokeun kecap atawa runtusan kecap
- kompeténsi basa* = kaweruh nu dipibanda ku panyatur ngeunaan basana
- konsép basa* = hal-hal anu patali jeung unsur basa katut kaédah basa.
- konsép sastra* = hal-hal anu patali jeung unsur sastra katut kaédah sastra.
- kurikulum* = alat mata pelajaran anu eusina gurat badag jeung galur bahan anu bakal diajarkeun di lembaga atikan
- latar* = tempat, waktu, jeung suasana kajadian dina carita
- latar suasana* = situasi atawa kaayaan lumangsungan carita
- latar tempat* = tempat atawa lokasi lumangsungna kajadian carita
- latar waktu* = waktu lumangsungna kajadian carita

<i>licencia poética</i>	= aturan nu ngawenangkeun panngarang pikeun ngarempak aturan basa nu ilahar
<i>matéri pokō</i>	= bahan utama anu patali jeung konsép atawa kaweruh, boh kaweruh basa boh kaweruh sastra.
<i>macapat</i>	= beluk, kagiatan maca jeung nembangkeun wawacan
<i>omongan</i>	= ucapan, ungkara, kalimah, naon-naon nu dikedalkeun
<i>pakecapan</i>	= kandaga kecap, kumpulan kecap-kecap dina hiji basa
<i>pakeman basa</i>	= ungkara basa nu disusun ku runtusan kecap-kecap nu hartina béda jeung harti unsur-unsur pangwangunna
<i>palaku</i>	= tokoh anu ngalalakon atawa dicaritakeun
<i>palaku utama</i>	= tokoh utama dina carita
<i>palaku tambahan</i>	= tokoh anu milu dicaritakeun dina carita
<i>pupuh</i>	= wangun puisi anu kauger ku guru gatra (jumlah padalisan dina sapada), guru wilangan (jumlah engang dina sapadalisan), guru lagu (dang-dungna sora patungtung) sarta watekna.
<i>puseur sawangan</i>	= <i>point of view</i> , cara pangarang nempatkeun dirina dina nyawang palaku dina karya sastra
<i>rarangkén</i>	= <i>afiks</i> ; morfém kauger anu sok diwuuhkeun tur napel kana wangun dasar bari miboga harti gramatikal.
<i>sasmita pupuh</i>	= kalimah atawa kekecapan pikeun pananda pupuh sapandeurieunana.
<i>sastra</i>	= hasil rékacipta manusa nu ngandung unsur kaéndahan nu ditepikeun ngaliwatan médium basa
<i>sistem basa</i>	= aturan-aturan anu ngadumaniskeun sora jeung harti.
<i>sumber pangajaran</i>	= sagala rupa anu bisa dipake pikeun diajar atawa sagala rupa nu bisa dimangpaatkeun ku guru pikeun kapentingan prosé diajar ngajar
<i>tata basa</i>	= aturan atawa kaédah basa
<i>tatakráma basa</i>	= undak usuk basa; sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi

- téma* = idéu atawa gagasan anu ngadadasaran hiji karya sastra
- wangun kecap* = papasingan kecap disawang tina unsur-unsur morfém anu jadi pangwangunna
- warna kecap* = papasingan kecap disawang tina wangun, fungsi, jeug paripolahna dina kalimah.
- watek pupuh* = watek atawa pasipatan anu dipibanda ku tiap-tiap wanda pupuh. Upamana waé, pupuh Asmaranda mibanda watek rasa asih atawa kasamaran
- wawacan* = karangan panjang anu loba babagianana, disusun ku rupa-rupa wanda pupuh

KONCI JAWABAN LATIHAN

A. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 1

1. Bahan ajar mangrupa informasi, alat, jeung téks anu diperlukan ku guru/instruktur pikeun ngararancang jeung ngulik larapna pangajaran. Bahan ajar nyaéta sagala wangan bahan anu dipaké pikeun mantuan guru dina ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar di kelas. Ari wanganuna bahan ajar téh bisa bahan tinulis bisa bahan lisan.
2. Bahan ajar gedé gunana pikeun guru minangka tuturus dina aktivitas ngajarna, pikeun murid minangka tuturus dina aktivitas diajar, sarta alat évaluasi dina ngahontal hasil diajar.
3. Téma raket patalina jeung bahan ajar. Téma mangrupa jejer utama anu ngadadasaran bahan ajar sarta pameungkeut gumulungna bahan ajar.
4. Paguneman jeung wawancara aya saruana aya bédana. Saruana duanana ngalibetkeun omongan anu silih témpas antara dua urang atawa leuwih dina nyaritakeun hiji jejer. Bédana palebah cara midangkeunana. Paguneman eusina ngan ukur némbongkeun silihtémpasna omongan antara dua urang atawa leuwih. Ari dina wawancara ayana jalma nu ngawawancara nu nepikeun pananya jeung aya nu diwawancara nu nepikeun jawaban.
5. Bahan ajar basa Sunda ngawengku konsép basa nu diadumaniskeun jeung wangun wacana atawa kamahéran basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis). Wangun wacana ngawengku déskripsi, éksposisi, jeung arguméntasi. Jaba ti éta, aya warna wacana saperti paguneman, panduan acara, iklan/warta, pidato, artikel, laporan, (oto)biografi, jeung surat.

B. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 2

1. Sastra mangrupa hasil rékacipta manusa nu ngandung unsur kaendahan (estetis) nu ditepikeun ngaliwatan médium basa. Karya sastra dianggap minangka situasi gembleng tina seni (*the total situation of a work of art*). Ari sababna, karya sastra (*work*) aya di tengah-tengah minangka puseur anu pakait jeung tilu hal, yakni pangarang (*Artist*), pamaca (*Audience*), jeung jagat raya (*Universe*).

2. Prosa jeung puisi mangrupa wangun karya sastra anu béda. Prosa mangrupa wangun lancaran, basa nu dipakéna basa sapopoé, kalimahna ngaruntuy, henteu dipenggel-penggel mangrupa pada jeung padalisan. Ari puisi mangrupa wangun ugeran lantaran kauger ku wangun jeung diksina kayaning pilihan kecap, gabungan kecap, tur biasana rakitanana leubeut ku wirahma.
3. Prosés pangajaran sastra kudu nyoko kana tilu ujung tumbak (trisula), nyaéta (a) aprésiasi, (2) rékréasi, jeung (3) ré-kréasi. Aprésiasi mangrupa ngararasakeun hasil karya sastra, rékréasi meunang hiburan tina karya sastra, jeung ré-kréasi mangrupa nyusun karya sastra.
4. Ambahan bahan ajar sastra Sunda ngawengku sajarah sastra, kaweruh sastra, aprésiasi sastra, jeung kritik sastra. Kabéhanana nyoko kana wangun karya sastra, anu ngawengku (a) *puisi*, saperti mantra, pupuh, guguritan, wawacan, pupujian, kakawihan, rumpaka kawih, sisindiran, sajak; (b) *prosa*, saperti dongéng, carita wayang, carpon, dongéng, novel; dan (c) *drama*, saperti purnadrama, gending karesmén.
5. Pangalaman sastra nyoko kana kagiatan aprésiasi sastra jeung éksprésí sastra. Duanana raket patalina jeung kaparigelan basa. Aprésiasi sastra nyoko kana kaparigelan basa réséptif, nyaéta ngaregepkeun jeung maca. Ari éksprésí sastra nyoko kana kaparigelan basa produktif, nyaéta nyarita jeung nulis.

C. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 3

1. Bahasa Sunda (BS) kaasup basa indung pikeun urang Sunda anu sakaligus jadi basa daerah pikeun masarakat Sunda. Kahirupan basa jeung sastra Sunda pohara gumantungna ka urang Sunda. Dina prakna basa Sunda dipaké, bakal ébréh ayana budaya masarakatna, nyaéta budaya Sunda. Kaayaan budaya Sunda pohara ditangtukeunana ku ayana urang Sunda jeung basa Sunda.
2. Fungsi jeung tujuan pangajaran basa jeung sastra Sunda raket patalina. Ari sababna, kalungguhan basa Sunda salaku basa daerah jeung sastra Sunda salaku sastra Nusantara bakal bisa dimumulé tur dimekarkeun lamun urang Sunda mibanda pangalaman, kaweruh, kaparigelan, tur sikep anu positif kana basa jeung sastra Sunda.

3. Pangajaran basa Sunda kudu ditarékahán maké basa Sunda. Si sakola-sakola atawa daerah anu manggih bangbaluh maké panganteur basa Sunda bisa waé digunakeun basa Indonésia, boh sabagian boh sageblengna. Sok sanajan kitu, kudu tetep dibarengan ku tarékah lalaunan maké basa Sunda. Di daerah-daerah anu mibanda basa wewengkon bisa dimangpaatkeun kecap-kecap wewengkon pikeun ngagancang- keun jeung ningkatkeun ajén pangajaran.
4. Sarat anu kudu dicumponan ku bahan ajar basa jeung sastra Sunda, di antarana waé, (a) ngawengku rupining aspék kahirupan; (b) ngadeudeul mata pelajaran séjén; (c) mibanda gunggungan, lengkep, tur gumulung; (d) bisa numuwuhkeun kandaga kecap murid; (e) bisa numuwuhkeun kawani murid dina kedaling dirina; jeung (f) sipatna kudu ngatik (édukatif) jeung ngabudaya (kultural).
5. Bahan ajar basa jeung sastra Sunda kudu didadasaran ku sosial-budaya Sunda. Ari kritéria milihna kudu dumasar kana (a) tujuan nu hayang dihontal, (b) ajén-inajén pikeun kahirupan manusa, (c) ajén-inajén minangka warisan karuhun, (d) salasahiji paélmuan (disiplin élmu), jeung (e) kasaluyuan jeung kabutuh katut minat murid. Aspék-aspék nu kudu dikandung ku bahan ajar basa jeung sastra Sunda, nyaéta fakta, konsép, prinsip, prosés, ajén-inajén, jeung kaparigelan.

D. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 4

1. Landasan paélmuan lantaran dina nyusun bahan ajar basa kudu niténan kaéda basa anu bener tur makéna basa anu merenah. Basa anu bener tur makéna basa anu merenah bakal ngalancarkeun prosés komunikasi. Basa Sunda anu bener nyoko kana kaéda basa saperti tatasora, tatabasa, kandaga kecap, tataharti, jeung pragmatik. Ari makéna basa anu merenah nyoko kana kaparigelan basa saperti nyarita, ngaregepkeun, maca, jeung nulis bari niténan kaéda basa.
2. Lamun prinsip spiral dipakaitkeun kana landasan pédagogik dina nyusun bahan ajar bakal ajar nu gumulung tur optimal. Ari sababna, bahan ajar diluyukeun kana tahap kamekaran kognitif atawa intelegrensi murid. Bahan ajar bakal miang tina bahan nu nembrak, deukeut, tur babari anu

tuluy beuki undak sarta ngamuara kana bahan nu nyamuni, jauh, tur hésé.

3. Keterbacaan matéri raket patalina jeung hésé babarina bahan ajar pikeun dibaca jeung dicangkem ku murid. Ari keterbacaan basa raket patalina jeung hésé babarina murid dina nyangkem basa nu digunakeun dina bacaan. Ungkara basa gampang dicangkem, tur eusina gampang dipikaharti. Bahan anu babari tingkat keterbacaanana bakal luhur, ari bahan anu hésé tingkat keterbacaanana bakal handap.
4. Prinsip gumulung dina bahan ajar basa jeung sastra nyoko kana bahan anu (1) kudu ngukuhan gunggungan bahan; (2) meredih murid pikeun migawé jeung ngulik bahan kalawan malapah gedang; jeung (3) sacara fungsional, antarbagian bahan ajar kudu pakait kalawan dalit tur harmonis nepi ka kawangun bahan ajar nu miharti kalawan optimal. Prinsip gumulung (integratif)ngadumaniskeun rupining bahan (a) kaweruh basa (adegan basa, kandaga kecap), (b) kaparigelan basa (maca, nulis, nyarita, ngaregepkeun), (c) kaparigelan sastra (kaweruh, aprésiasi, jeung eksprési).
5. Kamampuh kognitif murid SMP/SMA kagolong kana mangsaadolence dina tahap formal operation lantaran mekarkeun kamampuh murid ngungkulun masalah ngaliwatan operasi logis. Dina umur SMP/SMA, murid geus bisa mikir dina ambahan nu leuwih jauh ti batan kanyataan nembrak (konkrit) sarta patalina antara hayalan nu abstrak jeungnyusun wawaran vernal katut dalil-dalil.

E. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 5


1. Kecap asal nyaéta kecap-kecap anu diwangun ku hiji morfém bébas atawa kecap anu can diropéa. Contona: ya, yaya, ieu, sing, éling, émut, ceuli, nu, gering, hantem. Pola engang tina kecap asal di luhur:
2. - KV : ya, nu
3. - KVVK : sing
4. - KV-KV : yaya, ceu-li, ba-ri
5. - VVK : ieu
6. - V-KVK : é-ling, é-mut
7. - KV-KVK : ge-ring

8. - KVK-KVK : han-tem
9. Kecap asal jeung morfém dasar téh aya sasaruuanana jeung aya bédana.
Kecap asal jeung morfém bébas aya saruana lantaran kecap asal téh diwangun ku hiji morfém bébas. Ari bédana, kecap asal mangrupa kecap anu siap dipaké dina kalimah, sedengkeun morfém bébas mangrupa bahan pikeun ngawangun kecap.
10. Watek kecap asal basa Sunda téh aya lima rupa nyaéta ékaengang, dwiengang, triengang, caturengang, jeung pancaengang.
11. Kecap asal fraksi polana KKV-KV, ari kecap gubrag polana KV-KKV.
12. Kecap asal jeung kecap salancar sarua pada-pada kecap anu jadi dasar pikeun ngawangun kecap rékaan atawa kecap jembar. Bédana, kecap asal disawang tina fungsina minangkan dasar pikeu ngawangun kecap rékaan, ari kecap salancar mah disawang tina jumlah unsur morfém anu jadi pangwangan.

F. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 6

1. Rarangkén barung nyaéta rarangkén anu dipakéna babarengan jeung rarangkén séjénna dina waktu ngawangun kecap rundayan. Ciri utama kecap nu kakeunaan ku rarangkén hareup lamun salahiji rarangkénna dipisahkeun, éta kecap taya hartian. Contona: *padataran*. Ari rarangkén gabung nyaéta Rarangkén gabung nyaéta gabungan dua rarangkén atawa leuwih anu diwuuhkeun kana kecap henteu babarengan, ngan ukur ngagabung wungkul. Contona: *diawurkeun*.
2. Bedana kecap-kecap ieu di handap:
 - a. *seuseuheun* ngandung harti ‘pakéan anu rék diseuseuh’, ari *seuseuhan* ngandung harti ‘pakéan anu geus diseuseuh’.
 - b. *asupan* ngandung harti ‘nitah asup ka jero rohangan’, ari *asupkeun* ngandung harti ‘nitah ngasupkeun barang ka rohangan’.
 - c. *dipangnyieunkeun* ngandung harti ‘kalakuan nu dipilampah ku batur (bénéfaktif)’, ari *dipangkaburkeun* ngandung harti ‘kakeunaan pagawéan nu dipilampah ku batur (adversatif)’.
 - d. *dipikanyaah* ngandung harti ‘kalakuan pasif’, ari *mikanyaah* ngandung harti ‘kalakuan aktif’.

3. Rucatan kecap:



4. a. Kecap rundayan dina éta téks nyaéta: *maké, dibawa, ubaraneun, sakali,*

ngajampé, leuleusna, isukan, ngusahakeun, jeung ngabéjaan.

b. Rarangkén nu aya dina éta kecap nyaéta: *N-, di-, -an, -eun, sa-, -al-, -na, N—*

keun, N—an.

5. Rarangkén:

(1) *N-* dina kecap *maca* fungsina ngawangun kecap pagawéan nu hartina ‘ngalakukeun’;

(2) *di-* dina kecap *dibawa* fungsina ngawangun kecap pagawéan nu hartina ‘kalakuan pasif’;

(3) *-an* *dina ubaran* fungsina ngawangun kecap barang nu hartina ‘hasil’;

(4) *-eun* *dina* kecap *ubaraneun* fungsina ngawangun kecap barang nu hartina ‘pibakaleun’;

(5) *sa-* *dina* kecap *sakali* fungsina ngawangun kecap bilangan anu hartina ‘hiji’;

(6) *al-* *dina* kecap *laleuleus* fungsina ngawangun kecap sipat anu hartina ‘aya dina kaayaan’;

(7) *na* *dina* kecap *laleuleusna* fungsina ngawangun kecap barang anu hartina ‘hal nu tangtu’;

(8) *N—keun* *dina* kecap *ngusahakeun* fungsina ngawangun kecap pagawéan nu hartina ‘ngalakukeun pagawéan’; jeung

(9) *N—an dina kecap ngabéjaan* fungsina ngawangun kecap pagawéan nu hartina ‘méré...’.

G. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 7

1. Kecap rajékan nyaéta kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangu dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh binarung jeung robahna sora atawa rarangkén boh henteu. Prosés ngawangun kecap rajékan disebut *ngarajék* (**Réduplikasi**).
2. Dwimurni jeung dwiréka duanana mangrupa kecap rajékan dwilingga, nyaéta kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna, boh binarung jeung robahna sora. Bédana dwimurni mangrupa kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari teu robah sorana saperti *nyaho-nyaho*, Ari dwiréka mangrupa kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali wangun dasarna bari aya nu robah sorana saperti *tujang-tajong*.
3. Kecap rajékan:
 - a. *hihideung* mibanda fungsi pikeun ngawangun kecap barang (KB) tina kecap sipat (KS) *hideung*, anu hartina ‘bagian anu...’;
 - b. *plak-plik-pluk* mibanda fungsi pikeun ngawangun kecap pagawéan (KP) tina kecap anteuran (KA), anu hartina ‘sering tur lila’;
 - c. *ador-adoran* mibanda fungsi pikeun ngawangun kecap pagawéan (KP) tina cakal, anu hartina ‘kalakuan nu teu tangtu’;
 - d. *asa-asa* mibanda fungsi pikeun ngawangun kecap sipat (KS) tina pancén (KPn) anu hartina ‘aya dina kaayaan’;
 - e. *cacandakan* mibanda fungsi pikeun ngawangun kecap barang (KB) tina kecap pagawéan (KP) anu hartina ‘barang/hal anu di-’.
4. Kecap-kecap saperti *rambisbis*, *camutmut*, jeung *cawigwigteu* dianggap kecap rajékan lantaran teu jelas wangu dasar atawa kecap asal nu dirajékna. Dina basa Sunda teu kapanggih aya kecap asal **rambis*, **camut*, jeung **cawig*. Éta tilu unsur téh lain kecap lantaran henteu mibanda harti.
5. Kecap rajékan dwimadya réréana muncul binarung jeung rarangkén saperti *sapopoé* jeung *sapeupeuting* diwangun tina kecap *poé* jeung

peuting ku cara dirajék engang mimiti (dwipurwa) binarung rarangkén hareup *sa-*. Kitu deui, kecap rajékan *tigogoléncéng* lain kecap rajékan dwimadya murni lantaran diwangun tina kecap *goléncéng* ku cara dirajék engang mimiti (dwipurwa) binarung rarangkén hareup *ti-*. Ari kecap rajékan *titatarajong* ogé lain kecap rajékan dwimurni lantaran diwangun tina kecap *tajong* ku cara dirajék engang mimiti (dwipurwa) binarung rarangkén hareup *ti-* jeung rarangkén tengah –*ar-*.

H. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 8

1. Kecap kantétan téh mibanda sababaraha ciri, di antarana waé:

Kecap kantétan umumna miboga adegan, di antarana,

- a) diwangun ku dua unsur nu disebut léksém: *pakan kundang*;
- b) susunan kecapna teu sageblengna produktif. Contona: *dulang tinandé*, teu bisa dirobah jadi **nyiru tinandé*.
- c) patali unsur-unsurna mibanda sipat

(1) *katanseselan*, nyaéta antar-unsurna teu bisa diseselan ku unsur lian. Contona: *ngégél curuk* → **ngégél* (kana) *curuk*;

(2) *katanmulangan*, nyaéta antar-unsurna teu bisa dibalikkeun sabab sok robah jadi frasa; susunan unsurna asintaksis. Contona, *gedé hulu* → **hulu gedé*;

(3) *katanjembaran*, nyaéta unsur-unsurna teu bisa dijembaran séwangséwangan tapi kudu duanana. Contona:

huleng jentul → **panghulengjentulna**

***panghulengnajentul**

***huleng pangjentulna**

Kecap kantétan umumna ngandung hiji harti mandiri, nya éta harti anu béda tina harti unsur-unsur pangwangan. Contona: *amis budi hartina* ‘lain budina anu amis’, tapi ‘marahmay, soméah’.

2. Kecap kantétan *panonpoé*, *kacapiring*, *taleus ateul*, jeung *kuda kacang* aya sasaruaan tur aya bédana. Sasaruaanana mangrupa kecap kantétan nu nimbulkeun harti ‘mandiri anu béda jeung harti unsur-usurna’. Ari bédana, *panonpoé* jeung *kacapiring* mangrupa kecap kantétan rakitan dalit (éksosentris) lantaran di antara unsur-unsurna teu bisa dipisahkeun makéna, sedengkeun *taleus ateul* jeung *kuda kacang* mangrupa kecap

kantétan rakitan anggang (anéksi, éndoséntris) lantaran di antara unsur-unsurna bisa dipisahkeun makéna.

3. Kecap kantétan ieu di handap mibanda fungsi jeung harti séwang-séwangan:
 - a) *dahar isuk* jeung *solat peuting* ngawangun kecap kantétan barang, anu hartina ‘waktu migawéna’;
 - b) *maén bal, ngadupanggal* ngawangun kecap pagawéan, anu hartina ‘alat’;
 - c) *pinter kodék, seukeut deuleu* ngawangun kecap kantétan sipat, anu hartina ‘ngeunaan’ atawa ‘hal’;
 - d) *dalapan urang, lima héktar* ngawangun kecap bilangan, nu hartina ‘titikelan’;
 - e) *sala(h)sahiji, sala(h)saurang, sala(h)sawios* ngawangun kecap kantétan pancén, anu hartina ‘pilihan’.
4. Rupa-rupa kecap wancahan:
 - a) *Kecap tingkesan (akronim)* mangrupa kantétan aksara atawa engang nu diucapkeun jadi hiji kecap. *Puskesmas* → *Pusat Kesehatan Masyarakat*
 - b) *Kecap singgetan* mangrupa kantétan aksara atawa engang anu diéjah masing-masing. *SMA* → *Sekolah Menengah Atas*
 - c) *Kecap tangkesan (haplogigi)* mangrupa wancahan anu diwangun ku cara ngaleungitkeun sora atawa engang nu ngaruntuy. *Atuda* → *atuh da*
 - d) *Kecap memet (réduksi)* mangrupa wancahan anu diwangun ku cara nyokot engang penting tina kantétan kecap. Kecap memet nyaéta kecap nu asalna mangrupa kalimah (omongan). *Comro* → *kadaharan anu oncom di jerona*.
 - e) *Kecap sirnaan* mangrupa wancahan anu diwangun ku cara miceun sawatara foném tina kantétan kecap bari teu ngarobah harti. *Jaksa* → *adiaksa*
5. Kecap memet téh dina hakékatna mangrupa kecap wancahan lantaran saenyana mangrupa pondokna tina runtulan kecap-kecap atawa kalimah, jadi teu kudu dipisahkeun tina kecap wancahan. Kecap memet *misro*,

mangrupa wancahan tina runtusan kecap atawa kalimah “kadaharan anu amis ti jerona”.

I. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 9

1. Wawacan téh kaasup karya sastra Sunda anu mibanda ciri-ciri nu tangtu:
 - a. mangrupa karangan panjang anu ngandung galur carita;
 - b. disusun maké rupa-rupa wanda pupuh;
 - c. disusun dumasar kana rupa-rupa sumber carita, boh carita asli boh carita tina sastra séjén.
2. Sumber carita dina wawacan téh mangrupa saduran tina (a) Wawacan tina sastra Jawa, (b) Wawacan tina sastra Arab jeung lalakon Islamisasi, (c) Wawacan saduran tina sastra Barat, (d) Wawacan saduran tina *genre* séjén dina sastra Sunda, (e) Wawacan tina sajarah lokal (babad) jeung biografi tokoh, (f) Wawacan anu eusi téksna lain saduran.
3. Wawacan diwangun ku rupa-rupa pupuh lantaran mangrupa karangan panjang anu nyaritakeun rupa-rupa watek palaku jeung latar (tempat, waktu, suasana) anu mikabutuh rupining wanda pupuh. Palebah dieu kaharti, ari sababna pupuh téh boga rupa-rupa wanda anu watekna bédabédala luyu jeung situasi katut suasana nu digambarkeunana.
4. Wawacan mangrupa salahsiji wangun karya sastra Sunda dina wangu dangding tur aya sabada Sunda kapangaruhan ku Mataram. Wawacan mangrupa karya sastra nu pangdipikaresepna ku masarakat Sunda harita. Asupna wawacan ka tatar Sunda bareng jeung asupna basa Jawa ka tatar Sunda. Asupna basa Jawa ka Jawa Barat nya éta abad ka-17 Maséhi dina mangsa asupna kakawasaan Mataram. Anapon kitu, di basisir Jawa Barat geus dimimitian ti abad ka-16 Maséhi. Dina abad-abad saterusna nepi abad ka-19 basa Jawa dipaké salaku basa résmi di pamaréntahan. Abad ka-19 basa Sunda dijadikeun basa tulisan di Jawa Barat.
5. Sasmita pupuh nyaéta kalimah atawa kekecapan pikeun pananda pupuh sapan-deurieunana. Hartina, antara pupuh nu geus dipidangkeun jeung pupuh satuluyna bakal ganti wanda pupuh. Upamana waé, lamun dina pupuh tungtung aya kecap *kapungkur*, éta téh mangrupa sasmita pupuh, yén pada anu sapandeurieunana mah pupuh na geus ganti ka pupuh

Pangkur. Conto séjenna, lamun dina pupuh tungtung aya kecap *ngambang*, éta téh mangrupa sasimita pupuh yén pada anu sapandeurieunana kudu ganti jadi pupuh Maskumambang.

J. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 10

1. Déwi Sri téh putrana Déwa Anta.
2. Déwi Sri sok disebut Déwi Paré lantaran Déwi Sri anu mimiti nyebarkeun paré di
Karajaan Pajajaran. Malah ceuk carita, tina luhureun kuburan Déwi Sri tumuwuh rupa-rupa pepelakan, di antarana waé, paré.
3. Cimata Déwa Anta téh jadi tilu endog. Salasahiji endog megar sarta kaluar orok awéwé, anu geus gedéna neah Déwi Sri.
4. Nyaritakeun Karajaan Talaga Manggung anu kagungan dua putra, nyaéta Radén Panglurah jeung Simbar Kancana. Raja Talaga Manggung dihianat tur dipaténi ku Centang Barang titahan Palémbang Gunung nu jadi salakina Simbar Kancana. Radén Panglurah ngalalana tur tatapa di Gunung Bitung nepi ka meunang élmu kadigjayaan, tapi tungtungna mah panggih deui jeung Simbar Kancana sarta jadi raja di Karajaan Talaga Manggung. Ieu carita ngagambarkeun dua putra raja anu bajuang dina ngabéla bebenaran jeung hakna.
5. Radén Panglurah téh boga watek hadé, turut tumutur ka nu jadi sepuh, teu baha kana paréntah. Inyana daék usaha jeung bajuang pikeun ngahontal cita-cita tur kasugemaan lahir batin. Kitu deui, Simbar Kancana raina Radén Panglurah anu jadi tokoh utama dina ieu carita, boga watek hadé hate tur henteu julig ka batur.

EVALUASI

Pilih salah satu jawaban yang benar!

1. Matéri nu dipidangkeun ku guru ka murid dina prosés pangajaran disebut....
A. Bahan ajar C. Média diajar
B. Sumber diajar D. Méthode ngajar
 2. Bahan ajar nu ditepikeun ku guru ka murid aya gunana pikeun....
A. guru B. murid C. Masarakat C. Alat évaluasi
 3. Médium primér basa nyaéta....
A. omongan B. téks C. tulisan D. wacana
 4. Anu teu kaasup kana bahan ajar basa anu ditepikeun ka murid nyaéta....
A. kaweruh basa C. Adegan basa
B. kamahéran basa D. Sajarah basa
 5. Bahan ajar basa Sunda nyoko kana wangun basa nu pangjembarna nu disebut wacana. Anu henteu kaasup kana wangun wacana nu ilahar diajarkeun nyaéta....
A. aksara Sunda C. eksposisi
B. déskripsi D. narasi
 6. Hasil rékacipta manusia anu éstétis dia médium basa disebutna.....
A. sastra B. prosa C. puisi D. drama
 7. Anu teu kaasup kana tujuan pikeun nyangking pangalaman kaweruh sastra, nyaéta:
A. Tiori sastra B. Sajarah sastra C. Kritik sastra D. Aprésiasi sastra
 8. Anu teu kaasup kana wangun karya sastra Sunda, nyaéta....
A. Prosa fiksi B. Puisi C. Drama D. Carita
 9. Anu teu kaasup kana bahan ajar sastra wangun prosa, nyaéta....
A. Dongéng B. Novel C. Carpon D. Carita pantun
 10. Dadasar pikeun ngawangun guguritan jeung wawacan, nyaéta....
A. Kakawihan B. Sisindirian C. Pupuh D. Pupujian
 11. Hal-hal anu lain mangrupa karugian lamun ngaleungitkeun pangajaran basa Sunda

- A. leungitna warisan budaya nu ngawujud basa
B. leungitna ajén-inajén budaya nu ébréh dina basa
C. makéna basa Sunda jadi kacow atawa teu puguh alang ujurna
D. robahna kurikulum atikan
12. Hal-hal anu lain dasar dina nangtukeun bahan ajar, nyaéta....
A. hésé babarina bahan ajar
B. jumlah murid anu jadi pamilon diajar di kelas
C. kasaluyuan bahan ajar jeung kamekaran umur murid
D. lega heureutna bahan
13. Bahan ajar disusun dumasar kana ieu komponén di handap:
A. Taya hubungan jeung kurikulum C. Miheulaan kurikulum
B. Dumasar kana kurikulum D. Bareng jeung kurikulum
14. Anu lain kritéria dina milih bahan ajar, nyaéta....
A. bahan ajar kudu dumasar kana tujuan nu hayang dihontal,
B. bahan ajar dianggap mibanda ajén-inajén pikeun kahirupan manusa,
C. bahan ajar kudu ngandung métode pangajaran
D. bahan ajar kudu luyu jeung kabutuh katut minat murid.
15. Anu henteu kaasup sumber pikeun bahan ajar, nyaéta....
A. Karya sastra B. Majalah/koran C. Internét D. Masyarakat
16. Ieu di handap anu lain prinsip dina nyusun bahan ajar basa Sunda, nyaéta....
A. situasional B. spiral C. miharti-miguna D. gumulung
17. Ieu di handap komponén anu lain pamarékan saintifik dina pangajaran,
kaasup pangajaran basa jeung sastra Sunda, nyaéta....
A. Niténan B. Tumanya C. Sawala D.
Ngomunikasikeun
18. Ieu di handap anu lain ciri tina prinsip kaoténtikan dina nyusun bahan ajar
basa....
A. bahan ajar kudu mangrupa matéri latihan maké basa
B. bahan ajar kudu réa méré luang pikeun mekarkeun kaparigelan maké
basa
C. bahan ajar kudu museurkeun panitén kana fungsi komunikatif basa
D. bahan ajar kudu ngandung adegan basa jeung kandaga kecap
19. Bahan bacaan anu babari dicangkem ku murid mibanda tahap
keterbacaan....

- A. Luhur pisan B. luhur C. Cukup D. Kurang
20. Ambahan mikiran kawatesanan kana ngungkulan masalah anu nyata mangrupa tahap kognitif....
 A. Murid SD B. Murid SMP C. Murid SMA D. Murid SMK
21. Kecap mibanda sipat bébas dina leunjeuran kalimah, lantaran...
 A. bisa madeg mandiri dina kalimah C. bisa dipisahkeun cicingna
 B. bisa dipisahkeun cicingna, D. bisa dipatukeurkeun tempatna
22. Kecap asal sok disebut ogé kecap salancar lantaran....
 A. diwangun ku rupa-rupa morfem C. diwangun ku cara ngarajék
 B. diwangun ku rarangkén D. diwangun ku hiji morfém bébas
23. Ieu di handap kagolong kana kecap asal (salancar):
 A. tikusruk B. balukar C. sibanyo D. karasa
24. Kecap saperti *balokang* mibanda adegan fonologis ieu di handap:
 A. KV-KV-KVK B. KVK-VK-VK C. KVKV-KVK D. KV-KVK-VKK
25. Ieu di handap mangrupa kecap anu teu bisa dirarangkénan atawa dirajék nyaéta....
 A. kejot B. guling C. juang D. kana
26. Cara ngalarapkeun rarangkén anu merenah aya dina kecap....
 A. dikaimahkeun B. Di-ka imahkeun C. dika imahkeun D. di ka imahkeun
27. Kecap rundayan *ditaringgaalkeun* diwangun ku
28. 1 rarangkén B. 2 rarangkén C. 3 rarangkén D. 4 rarangkén
 Ieu di handap aya anu teu kagolong kana kecap rundayan, nyaéta....
29. bacacar B. badarat C. balayar D. bajuang
 Rarangkén *di-* anu fungsina ngawangun kecap pagawéan aktif aya dina kecap....
 A. dibanjur B. diteunggeul C. diinjeum D. dibaju
30. Kecap-kecap rundayan anu henteu ngandung rarangkén tengah (infiks) nyaéta....
 A. arileu B. arasup C. racleng D. lalieur
31. Babagian anu dirajék nu teu kapanggih tina kecap asal basa Sunda téh nyaéta....
 A. engang awal B. Engan tengah C. engang ahir D. engang gabung

32. Ieu di handap wangun kecap anu kagolong kana kecap rajékan, nyaéta....
- A. babancik B. rorojok C. kukupu D. boboko
33. Kecap rajékan anu nyimpang tina pola nu ilahar dina basa Sunda, nyaéta....
- A. Babawaan B. papanglimaan C. dadaunan D. dangdaunan
34. Kecap rajékan trilingga anu polana béda, nyaéta....
- A. dag-dig-dug B. pak-pik=pek C. blag-blug-blug D. tat-tit-tut
35. Kecap rajékan anu hartina lain ‘tuluy-tuluyan’ (kontinuitas), nyaéta....
- A. Ador-adoran B. ampun-ampunan C. babarengan D. ider-ideran
36. Ieu di handap anu lain ciri tina kecap kantétan, nyaéta:
- A. katanseselan B. katanbalikan C. katanjembaran D. katanhartian
37. Anu mangrupa kecap kantétan rakitan dalit, nyaéta:
- A. Taleus ateul B. Kejot borosot C. balé nyungcung D. taleus ateul
38. Kecap-kecap anu teu kagolong kana kecap memet, nyaéta:
- A. comro B. misro C. burayot D. sukro
39. Kecap-kecap anu teu kagolong kana kecap tangkesan, nyaéta:
- A. Diknas B. Cekéng gé C. dékah D. cenah
40. Mana kecap-kecap ieu di handap anu teu kagolong kana kecap kantétan?
- A. panonpoé B. kacapiring C. balé nyungcung D. jangkung lenjang
41. Pupuh anu mindeng dipaké dina wawacan, nyaéta....
- A. Kinanti, Sinom, Asmarandana, Dangdanggula
 B. Kinanti, Sinom, Maskumambang, Durma
 C. Kinanti, Mijil, Pucung, Wirangrong
 D. Kinanti, Sinom, Asmarandana, Durma
42. Anu ngabédakeun wawacan jeung guguritan nyaéta....
- A. Guru gatra jeung watek pupuh C. panjang karangan jeung wanda pupuh
43. Struktur carita jeung motif carita D. Palaku carita katut watekna
 Dina wawacan téh digunakeun rupa-rupa pupuh pikeun nggambankeun rupa-rupa....
- A. palaku B. situasi C. pupuh D. gayabasa
44. Carita panjang anu didangding tur digelarkeun dina puisi pupuh disebut

- A. beluk B. guguritan C. wawacan D. carita
pantun
45. Kekecapan pikeun pananda pupuh sapandeurieunana dina wawacan disebutna....
- A. guru gatra B. Guru wilangan C. guru lagu D. sasmita
pupuh
46. Ieu di handap aya judul-judul karya sastra anu lain wawacan, nyaéta:
- A. Wawacan Rengganis C. Wawacan Purnama Alam
B. Wawacan Ciung Wanara D. Wawacan Anbiya
47. Wawacan anu eusina nyaritakeun asal-usul paré di Tatar Sunda nyaéta...
- A. Wawacan Sulanjana C. Wawacan Panji Wulung
B. Wawacan Purnama Alam D. Wawacan Sumur Bandung
48. Aprésiasi sastra wawacan henteu bisa dilaksanakeun ngaliwatan kagiatan....
- A. Maca B. ngaregepkeun C. nongtong D.
ngaragakeun
49. Tokoh utama dina *Wawacan Simbar Kancana* nyaéta...
- A. Radén Panglurah jeung Simbar Kancana
B. Centang Barang jeung Palémbang Gunung
C. Ajar Kutamangu, jeung Ajar Garasiang
D. Raja Talaga Manggung
50. Minangka karangan panjang dina wangun pupuh, wawacan téh sok dihaleuangkeun. Ngahaleuangkeun wawacan téh disebutna....
- A. mantun B. ngawih C. nembang D. beluk

KONCI JAWABAN

- | | | | | |
|-------|-------|-------|-------|-------|
| 1. A | 11. D | 21. C | 31. C | 41. A |
| 2. C | 12. B | 22. D | 32. B | 42. C |
| 3. B | 13. A | 23. B | 33. D | 43. B |
| 4. D | 14. C | 24. A | 34. B | 44. C |
| 5. A | 15. D | 25. D | 35. B | 45. D |
| 6. A | 16. A | 26. B | 36. D | 46. B |
| 7. D | 17. C | 27. C | 37. B | 47. A |
| 8. D | 18. D | 28. A | 38. C | 48. D |
| 9. D | 19. B | 29. D | 39. A | 49. A |
| 10. C | 20. A | 30. A | 40. D | 50. D |

